Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Sastri Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Kanggo
SMA/SMK/MA/MAK
Kelas XI

Sastri Basa

Hak Cipta © 2015

Tim Penyusun:
Rahmat Santosa, S.Pd, MM
Drs. Bambang Purnomo, Ms
Drs. Teguh Prasetyo Wiyono, Msi
Dra. Mistiyah, M.Pd
Drs. Davit Harijono, M.Pd
Ahmad Winarto, S.Pd

Editor/Penyelia: Drs. Sukarman, M.Si

Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur

Isi : xi, 154 hal

ISBN 978-602-404-012-3 (no.jil.lengkap)
ISBN 978-602-404-014-7 (jil.2)

Dilarang memperbanyak atau memindahkan sebagian atau seluruh isi buku ini dalam bentuk apapun, baik secara elektronis maupun mekanis, termasuk memfotokopi, merekam atau dengan sistem penyimpanan lainnya, tanpa izin tertulis dari penerbit

KATA PENGANTAR
KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku "Sastri Basa" sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai muatan lokal wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran bahasa daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadakan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Nopember 2015
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,

PEMERINTAH PROVINSI JAWA - TIMUR DINAS PENDIDIKAN

Dr. Saiful Rachman, MM.,.MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

Atur Pangiring

Puji syukur ingkang tanpa upami katur wonten ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Mahaasih, Pangeraning jagad gumelar, ingkang tansah paring sih-tresnanIpun dhumateng titah sedaya. Awit saking peparing welas asih ingkang tanpa prabeda, sih-tresna ingkang tebih saking watak mban cindhe, mban siladan. pangrantam dalah pandhapukipun buku Sastri Basa menika saged kaleksanan.

Buku basa Jawi kangge siswa kelas 11 SMA/SMK/MA menika kadhapuk wonten salebetipun wekdal dalah kasagedaning panyerat ingkang sarwa winates. Namung greget ingkang makantar-kantar saking para pandhapukipun, mila buku kangge siswa menika saged maujud. Bab menika saged kaleksanan kanthi panyengkuyung panyerat sedaya, konsultan, dalah paninthing. Kanthi pambudidaya menika, wusananipun Tim Kurikulum Mulok Basa Jawi Propinsi Jawi Wetan saged ngrampungaken panyerating buku menika.

Perlu kawuninganan, buku menika karantam minangka panyengkuyung kaleksanan sarta cak-cakanipun Kurikulum KTSP 2013. Wonten ngriki, mliginipun sesambetan kaliyan Muatan Lokal Basa Daerah Jawi, wonten Jawa Wetan. Kanthi andharan, pratela, dalah tuladha sawatawis minangka isinipun, buku menika badhe mbuktekaken kados pundi wigatosipun pamucal dalah pasinaon Basa Jawi tumrap para siswa. Laras kaliyan sejatining wonten (hakikat ada, atau keberadaan) dalah wontenipun Basa Jawi minangka basa budaya (cultural language), Basa Jawa

nggadhahi kagunan lan piguna minangka basa pangembaning seserepan (carrier of knowlegde) Kanthi lelandhesan paradigma enggal menika, Tim Panyerat nyobi ngaturaken pamarsudi Basa Jawi ingkang asipat kotemporer, progresif dalah kultural. Tamtu kanthi pangajab, sageda para siswa wonten Jawi Wetan remen migunakaken Basa Jawi, saged mujudaken kagunaning Basa Jawi minangka basa seserepan (pengetahuan), kanthi boten nilar watak budayanipun. Tundhanipun saged kaginakaken kangge nggayuh kautamening ngagesang.

Saking andharan menika, saged dipun aturaken bilih wonten ewah-ewahan sawatawis salebetipun gelaring pasinanon Basa Jawi. Ewah-ewahan menika saged ketingal bilih dipun tandhingaken kaliyan buku-buku ingkang kababar saderengipun. Ewah-ewahan menika saged katitipriksa wonten cak-cakaning buku ingkang karantam minangka pasinaon kanthi aleladhesan teks menika.

Perlu kawuninganan, pasinaon Basa Jawi lelandhesan teks, tegesipun kaleksanan kanthi nengenaken sarta ngetrapaken sawenehing prinsip bilih: (1) basa ingkang dados punjering pasinaon, samesthinipun kedah kawawas minangka setunggaling teks, sanes minangka kekempalaning tetembungan utawi satunggaling pranatan kabasan tartamtu, (2) panganggenipun basa mujudaken setunggaling proses pamilah saha pamilihing wewangunan kabasan, ingkang dipun ginakaken kangge mbabar kekajengan dalah

makna ingkang kinandhut, (3) ing ngriki basa nggadhahi sipat fungsional, tegesipun trap-trapanipun basa Jawi boten saged uwal

saking konteksipun.

Sesambetan kaliyan bab menika, wonten salebetipun buku Sastri Basa kangge kelas 11 SMA/SMK/MA menika, dipun andharaken saserepan tartamtu ing salebetipun maneka-warnining teks. Ing ngriki siswa kaajab saged ngertos kanthi tumemen, kados pundi jinising teks, kaidah utawi pranataning teks, saha konteks -ing teks kasebat. Saking menika kaajab siswa saged kanthi gampil maknani setunggaling teks, prigel ngandharaken pamawasipun ngengingi bab tartamtu lumantar teks seratanipun. Tamtu kemawon seratanipun para siswa wau kaajab gampil tinampi pamaosipun.

Lumantar pasinaon salebetipun buku menika, dipun ajab para siswa saged ngasilaken sarta ngginakaken teks, laras kaliyan ancas (tujuwan) lan fungsi sosiokulturalipun. Miturut Kurikulum KTSP 2013 ingkang nengenaken pasinaon basa alelandhesan teks, basa boten namung dipun sinau minangka basa kawruh (knowlegde language). Basa Jaw kawawas minangka setunggaling teks ingkang migunani tumrap gesang samadyaning bebrayan. Ing ngriki teks seratan dalah lisan, kawawas minangka wewujudaning basa ingkang kontekstual pangginanipun.

Perlu kawuninganan, irah-irahaning buku: Sastri Basa, gegayutan kaliyan ancas utawi tujuwan panyerating buku, inggih menika nikelaken kasagedan (kemampuan) dalah kagunan (kompetensi) basanipun siswa. Tembung sastri, asalipun saking basa Jawi Kina lan Sansekerta, ingkang wosipun nggadhahi utawi nguwaosi kagunan sastra. Dene sastra, nunggil teges kaliyan tembung ‘seratan’ utawi tulisan, asalipun saking tembung Sansekerta √sās lan tra, ingkang tegesipun ‘sarana kangge sinau’. Ing tembe, laras kaliyan kalungguhanipun minangka setunggaling teks, genre, utawi wacana, tembung sastra menika lajeng dipun maknani, ‘sarana panggulawenthah’. Wondene tembung basa Jawi wonten kalodhangan menika, nggadhahi teges, wujud utawi jinising basa tumrap bebrayan Jawi. Dados irah-irahan Sastri Basa, saged dipun maknani “kagunan sastra (sastra = kawruh, sarana panggulawenthah) abasa Jawi, ingkang kedah dipun sinaoni para siswa. Lumantar kagunan menika, para siswa saged migunakaken Basa Jawi kanthi gampil, leres, lan laras, wonten madyaning bebrayan”.

Awit saking rampung lan maujudipun buku Sastri Basa menika, gunging panuwun ingkang tanpa upami dipun aturaken dhumateng:

1. Dr. H. Soekarwo, Msi. minangka Gubernur Kepala Daerah Tk I Propinsi Jawa Timur ingkang sampun paring kalodhangan kangge lumampahipun pasinaon Basa Jawi wonten laladan Jawi Wetan;
2. Dr. Saiful Rachman, MM, M.Pd, minangka Ka DinDik Propinsi Jawi Timur, ingkang sampun paring kalodhangan lan panyengkuyung kangge Tim, salebetipun ngrampunaken pandhapuking Kurikulum KTSP 2013 Mulok Basa Jawi, sarta panyerating buku siswa menika;
3. Profesor Dr. Abdul Syukur Gazaly, MPd. saking Universitas Negeri Malang, minangka Tim Ahli; Drs. Sukarman, MSi lan Dra. Sri Sulistani, MPd, sedaya saking

Universitas Negeri Surabaya, minangka Tim Ahli lan Panitipriksa buku Sastri Basa menika, sarta Drs. Heru Asri, MSi. MPd saking Kantor Diknas Propinsi Jawa Timur, minangka Tim Ahli.

4. Kanca-kanca nunggil Tim, Drs. Teguh Prasetyo Wiyono. Msi; Dra. Mistiyah, MMPd.; Drs. Davit Harijono, MPd; Ahmad Winarto, SPd; sarta Rahmat Santosa,SPd., MM. Matur nuwun awit saking greget lan tulus, lila legawa makarya sesarengan kanthi silih 'asah, asih, asuh'.
5. Bpk/Ibu Guru Basa Jawa ing laladan Jawi Wetan minangka panyengkuyung sarta paraga utami ingkang mujudaken pamucal lan pasinaon Basa Jawi wonten sekolah.

Kanthi ngrumaosi bilih buku kangge siswa menika taksih tebih saking kasampurnan, taksih kathah lepat saha kekiranganipun, kula minangka Tim ngaturaken agunging pangaksami. Kangge panyampurnaning buku menika, sedaya panyaruwe sarta pamrayoga saking para pamaos, kula antu-antu.

Surabaya, September 2015

Koordinator Tim Panyerat

Daftar Isi

Sampul Njero i
Idhentitas Buku ii
Kata Pengantar iii
Atur Pangiring iv
Daftar Isi vii
WULANGAN 1 PANGARIBAWANE GURIT 1
Kompetensi Dasar dan Indikator 1
Mbabar Wawasan 1
Pasinaon 1: Modhel Teks Pinilih 3
Garapan 1 : Nintingi Struktur Teks Geguritan 5
Garapan 2 : Ngidhentifikasi Isi lan Pesen/AmanatTeks Geguritan 13
Pasinaon 2 : Makarya Bebarengan 13
Garapan 1 : Nggancarake Teks Geguritan 13
Garapan 2 : Maca Endah Geguritan 15
Garapan 3 : Menehi Tandha Andhegan Geguritan Adhedhasar Interpretasi 18
Pasinaon 3 : Makarya Kanthi Mandhiri 18
Garapan 1 : Maca Endah Geguritan 18
Garapan 2 : Nanggapi Pamacane Geguritan 18
Gladhen Wulangan 1 19
WULANGAN 2 NGRUKTI BUMI MURIH LESTARI TITAHING GUSTI 23
Kompetensi Dasar dan Indikator 23
Mbabar wawasan 23
Pasinaon 1: Modhel Teks Pinilih 25
Garapan 1 : Nyebutake Jinise Budaya Dhaerah 25
Garapan 2 : Ngidhentifikasi Kegiatan Upacara Adat 28
Garapan 3 : Nintingi Struktur Kegiatan Upacara Tradhisi 32
Garapan 4 : Medharake Pesan Moral 32
Pasinaon 2 : Ngripta Kanthi Bebarengan 36
Garapan 1 : Ngripta Laporan Kegiatan Upacara Adat 36
Garapan 2 : Nindakake Upacara Adat 38
Pasinaon 3 : Medharake Prastawa Budaya Kanthi Mandhiri 39
Garapan 1 : Nanggapi Prastawa Budaya 39
Garapan 2: Nyritakake Kegiatan Budaya 40
Garapan 3: Ngunggah Laporan Kegiatan Upacara Adat menyang Internet 40
Gladhen Wulangan 2 41
WULANGAN 3 NGGEGULANG WEDHARING RASA 46
Kompetensi Dasar lan Indikator 46

Mbabar Wawasan 46
Pasinaon 1 : Modhel Pinilih Teks Pranatacara Lan Pamedhar Sabda 48
Garapan 1 : Ngidhentifikasi Struktur Teks Pranatacara 49
Garapan 2 : Nganalisis Struktur Teks Pranatacara 54
Garapan 3 : Ngidhentifikasi Struktur Teks Pidhato 56
Garapan 4 : Nganalisis Struktur Teks Pidhato 58
Garapan 5 : Nganalisis Bedane Unsur Basane Teks Pranatacara lan Pidhato 58
Garapan 6 : Nintingi Jejibahane Pranatacara 59
Garapan 7 : Nintingi Jejibahane Juru Pidhato 61
Pasinaon 2 : Makarya Bebarengan Ngrakit Teks Pranatacara lan Teks Pidhato 62
Garapan 1 : Ngrakit CengkoronganTeks Pranatacara 62
Garapan 2 : Ngrakit Cengkorongan Teks Pidhato 63
Garapan 3 : Ngrakit Teks Pranatacara 64
Garapan 4 : Ngrakit Teks Pidhato 64
Pasinaon 3 : Makarya kanthi Mandhiri 65
Garapan 1 : Nulis lan Maragakne Teks Pranatacara 65
Garapan 2 : Nanggapi Praktek Pranatacara 65
Garapan 3 : Praktik Juru Pidhato 66
Gladhen Wulangan 3 67
UJI KOMPETENSI SEMESTER GANJIL 71
WULANGAN 4 TUNTUNAN JRONING TONTONAN 77
Kompetensi Dasar dan Indikator 77
Mbabar Wawasan 77
Pasinaon 1: Modhel Teks Pinilih 78
Garapan 1 : Nganalisis Struktur Teks Drama 80
Garapan 2 : Nganalisis Unsur Basa Sajrone Teks Drama 81
Garapan 3 : Ndhudhah Ajine Moral ing teks Drama 82
Garapan 4 : Nganalisis Relevansine Teks Drama karo Jaman Saiki 84
Pasinaon 2 : Makarya Bebarengan 91
Garapan 1 : Ngrakit Teks Drama 91
Garapan 2 : Ngrancang lan Mentasake Teks Drama 93
Pasinaon 3 : Makarya Kanthi Mandhiri 94
Garapan 1 : Ngomentari Pementasan Teks Drama 94
Garapan 2 : Nulis Teks Drama 95
Gladhen Wulangan 4 95
WULANGAN 5 KALOKANING TEMBANG MACAPAT 99
Kompetensi Dasar dan Indikator 99
Mbabar Wawasan 100
Pasinaon 1: Modhel Teks Tembang Macapat Pinilih 101
Garapan 1 : Jinis lan Strukture Tembang Macapat 107

Garapan 2 : Kawruh Basa Sajroning Tembang Macapat 109
Garapan 3 : Negesi Tembung Sajroning Tembang Macapat 110
Pasinaon 2 : Makarya Bebarengan 111
Garapan 1 : Njangkepi Guru Wilangan lan Guru Lagu 111
Garapan 2 : Njangkepi Gatraning Tembang 112
Garapan 3 : Nggancarake/Nyritakake Isine Tembang..... 113
Pasinaon 3 : Pakaryan Mandhiri 114
Garapan 1 : Nggoleki Pitutur Luhur Sajroning Tembang..... 114
Garapan 2 : Ngripta Tembang Macapat Adhedhasar Teks Gancaran ... 116
Garapan 3 : Maca Titilaras lan Nembang Macapat..... 119
Gladhen Wulangan 5 118
WULANGAN 6 NJAGA WARISAN LELUHUR MURIH ORA LUNTUR 122
Kompetensi Dasar dan Indikator 122
Mbabar Wawasan 122
Pasinaon 1: Modhel Teks Pinilih 123
Garapan 1 : Njingglengi Teks Aksara Jawa 123
Garapan 2 : Nengeri Teks Aksara Jawa 125
Garapan 3 : Nyurasa Bab Sengkalan 128
Pasinaon 2 : Nyurasa Sengkalan Kanthi Kelompok 129
Garapan 1 : Maca Wacan Aksara Jawa..... 129
Garapan 2 : Nintingi Ide Pokok 131
Garapan 3 : Ngonceki Sengkalan 131
Pasinaon 3 : Nyurasa Sengkalan Kanthi Mandhiri 133
Garapan 1 : Nemokake Sengkalan Sinawung ing Tembang 133
Garapan 2 : Ngonceki Sengkalan Sinawung Tembang 134
Garapan 3 : Nintingi Isine Sengkalan 135
Gladhen Wulangan 6 136
UJI KOMPETENSI SEMESTER GENAP 139
DAFTAR PUSTAKA 145

WULANGAN 1

PANGARIBAWANING GURIT

Kompetensi Dasar dan Indikator:

3.1 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks drama, prosa atau puisi sesuai kaidah.
- 3.1.1 Menganalisis struktur teks *geguritan/* puisi
- 3.1.2 Mengidentifikasi isi teks *geguritan/* puisi
- 3.1.3 Mengidentifikasi pesan/ amanat dalam teks *geguritan/* puisi.

4.1. Menginterpretasi, menanggapi dan memperagakan teks drama, puisi, dan prosa sesuai isi dengan bahasa yang komunikatif.
- 4.1.1 Memparafrase teks *geguritan/* puisi.
- 4.1.2 Memberi tanda jeda teks *geguritan/* puisi yang akan dibacakan.
- 4.1.3 Menandai intonasi teks *geguritan/* puisi yang akan dibacakan
- 4.1.4 Membaca indah teks *geguritan/ puisi*.
- 4.1.5 Menanggapi pembacaan teks *geguritan/* puisi.

Mbabar Wawasan

Gambar lan rumpakan ing ngisor iki gatekna!



Gbr.1 maos endah geguritan
Sumber : koleksi pribadhi

Ora rinasa, para siswa wis ngancik ing taun kaloro nggegulang basa lan sastra Jawa lumantar mata pelajaran muatan lokal wajib *Bahasa Daerah*. Akeh kaskayane budaya warisane leluhur sing bisa disinaoni. Mula saka iku, aja leren anggone padha ngaturake puji syukur ing ngarsane Gusti Kang Maha Kuwasa, Kang Nguwasani Jagad Raya.

Miwiti taun kaloro iki ayo nyinaoni geguritan kang kapunjerake kepriye pangaribawane gurit. Sing bakal disinaoni yaiku kaendahan lair lan kaendahan batin ing geguritan. Para siswa bakal nemokake pangaribawane geguritan sajrone melu-melu ndhedher kautaman, nenandur winih-winih kabecikan tumrap bebrayan lan dhiri pribadine para siswa nggayuh kamulyan.

Ing wulangan 1 iki, para siswa kudu bisa ngembangake watak jujur, tanggungjawab, dhisiplin, ajen-ingajenan lumantar daya kreasi ing jagading geguritan. Kaya ngapa pangaribawaning geguritan iku? Ayo disinaoni bebarengan!

Gatekna tuladha reriptan iki!

M R I P A T Dening: Moch. Nursyahid P. mripat cahyamu landhep kaya panah nanging endah	

Karyane Moch. Nursyahid iku katone prasaja nanging ing walik kaprasajan mau mapan daya ampuh lan nduweni pangaribawa. Geguritane Moch. Nursyahid iku *paradoksal*, mengkono ngendikane Bonari Nabonenar –salah siji sastrawan Jawa saka Trenggalek.

Sadurunge dibacutake ngrembug pangriptane, ayo dirembug bebarengan pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa rumpakan ing dhuwur iku kalebu geguritan? Apa sebabe?
2. Ukara ”mripat/ cahyamu landhep kaya panah” manut panemumu ing bageyan endi kekuwatan basane? Nggunakake lelewa basa (*gaya bahasa*) apa ukara iku?
3. Apa maksude yen geguritan “Mripat” iku *paradoksal* ?
4. Gambar ing dhuwur critakna, manut panemumu!
5. Miturut panemumu, kepriye carane nyinaoni geguritan kang becik?

Pasinaon 1 : Modhel Teks Pinilih

Isih eling ta, apa geguritan iku?

Geguritan iku sawijining rumpakan, pepethan, karangan kang awujud reroncen tembung lan ukara kang endah, ringkes, padhet lan mentes. **Geguritan** kalebu karya sastra Jawa gagrak anyar. Ana sing ngarani geguritan iku puisi Jawa modern, maksude wujude *puisi* lan muncul ing jaman sastra Jawa anyar/ modern.

Ing sejarah kasusastran Jawa, wujud *puisi* iku ora mung **geguritan** bae, nanging uga ana **tembang**. Apa bedane? Geguritan iku ditulis tanpa paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu, dene tembang iku kaiket ing paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Tembang ing kasusastran Jawa iku werna-werna. Ana tembang gedhe, tembang tengahan, lan tembang cilik (alit). Tembang gedhe utawa sekar ageng iku kanggo nyebut **kakawin** kang muncul ing jaman sastra Jawa Kuna. Tembang tengahan lan tembang cilik iku kalebu **tembang macapat**. Tembang tengahan iku uga ana kang ngarani **kidung** yaiku tembang kang muncul ing jaman Jawa Tengahan.

Saliyane iku ana maneh **tembang dolanan** lan **tembang campursari**. Yen cakepan tembang dolanan lan tembang campursari diwaspadakake, apa ya bedane karo geguritan? Tuladhane tembang dolanan lan tembang campursari kaya ing ngisor iki.

Tuladha tembang dolanan:

SLUKU-SLUKU BATHOK

Sluku-sluku bathok
bathoke ela-elo
si rama menyang solo
leh-olehe payung motha
mak jenthit lololobah
uwong mati ora obah
yen obah medeni bocah
yen urip nggoleka dhuwit

Tuladha tembang campursari:

KUNCUNG
(Anggitane Ranto Edi Gudel)

cilikanku rambutku dicukur kuncung
kathokku saka karung gandum
klambiku warisane mbah kakung
sarapanku sambel korek sega jagung

kosokan watu neng kali nyemplung ing kedhung
jaman dhisik durung usum sabun …, (pabrike rung dibangun)
andhukku mung cukup andhuk sarung
dolananku montor cilik saka lempung
pis holopis kuntul baris
rekasane saiki wis
pis holopis kuntul baris
gegere gek mbok ndang uwis
Reff.
tanggal limalas padhang njingglang bulane bunder (seser)
aku dikudang suk yen gedhe dadi dhokter
tanggal limalas padhang njingglang bulane bunder (seser)
bareng wis gedhe aku disuntik bu dhokter
ha na ca ra ka
iki crita jaman semana
da ta sa wa la
iki crita saka wong tuwa

Semaken tuladha geguritan ing ngisor iki, banjur wacanen!

PATULADHAN
Dening: Davit Harijono

kang mimpin
oraa ana ing ngarep
nanging cahyaning
patuladhan iku kudu
ngaton mangejawantah

yen wus madhep mantep
tegese tegen
ngendhaleni panguwasa
nyekel pusara
ya pusakaning adil

yen jirih wateke
mung bakal tansah
singidan dhedhemitan
samun kang dadi
patuladhane kuthung

pancen kang
mimpin iku dudu
empuke kursi kok
apamaneh kerta aji
angen-angen kurang duga

iku kabeh bakal tumeka kaya wahyu
awit karsaning bumi iki bisaa lestari
ing tentrem lan ing makmur
manitis sukmaning kusuma bisaa
ngambar arum saindenging nuswantara

*Panjebar Semangat 12, 22 Maret 1997

Bausastra	
patuladhan	: conto
cahya	: sunar, nur
mangejawantah	: manjilma,
tegen	: panggah, tahan
pusara	: kendhali
singidan	: ndhelik
samun	: sepi, ora ana
kuthung	: tugel, ilang
kerta aji	: nduweni rega, reregan
kurang duga	: ora duwe tatakrama, ndhugal
manitis	: njilma, lair

Kanggo mahami bedane geguritan karo tembang dolanan lan tembang campursari, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Katitik saka wujude, apa bedane?
2. Tembang dolanan lumrahe isine bab apa?
3. Kepriye yen tembang campursari, isine medharake apa?
4. Tembang ”Sluku-Sluku Bathok” isine ngenani apa?
5. Tembang ”Kuncung” isine ngenani apa?
6. Kepriye bab olah basane geguritan ”Patuladhan” ?
7. Apa bedane karo basa sing digunakake ing tembang dolanan lan tembang campursari?
8. Piwulang moral apa kang kinandhut ing geguritan ”Patuladhan” ?

Garapan 1: Nintingi Struktur Teks Geguritan

Ing garapan 1 para siswa bakal kaajak maneh nyinaoni struktur geguritan. Struktur geguritan iku ana struktur lair lan struktur batin.

A. Struktur Lair

Struktur lair yaiku wujud kang bisa dideleng lan dituduhake ing geguritan. Kanggo ngenali struktur lair geguritan, para siswa kudu ngeling-eling marang tembung, ukara, gatra, pada, lan tata panulisan kang ana ing geguritan.

Ing kalodhangan iki, struktur lair kang dirembug yaiku;

1. Tipografi- Blegere Geguritan

Sing dimaksud tipografi geguritan yaiku wujud nyata utawa blegere geguritan kang bisa dideleng langsung. Ana geguritan kang ditulis mepet baris sisih kiwa, ana kang malah mepet ing sisih tengen, ana uga kang rata ing tengah. Ana kang pada siji nganti telu mepet kiwa, banjur pada sateruse rada nengah, utawa nganggo cara liyane. Iku kabeh murni wewenange panggurit, lan para siswa utawa pamaos nduweni wenang kanggo ngartekake tipografi mau.

Ana kang tembung-tembunge saben gatra cekak-cekak banget, ana uga kang tembung-tembunge saben gatra dawa banget. Ana kang saben gatra diwiwiti aksara gedhe, ana kang kabeh tembunge nganggo aksara cilik. Ana kang nggunakake tandha titik (.), tandha panyeru (!), ana uga kang babar pisan ora nggunakake tandha pamaca.

2. Imaji – Panyitra

Sajrone geguritan para panggurit nggunakake tetembungan kang nduweni daya panyitra/ imaji kanggo nglairake gagasane. Panyitra geguritan iku ing antarane pandeleng, pangrungu, pangganda, pangrasa, lan panindak. Umpamane ana ukara *arume asmamu* (pangganda), *kumrosake banyu* (pangrungu), *endahe esemmu ibu* (pandeleng), *abote panandhang iki* (pangrasa), lan *para mudha gumregah bangkit.* (panindak).

Amarga geguritan nggunakake basa minangka sarana, mulane yen para siswa bisa nemokake daya panyitra/ imaji ing sawijining geguritan, iku bakal dadi sangu kang wigati banget kanggo nyinau lan ngerteni isine geguritan.

3. Gaya - Lelewane Basa

Lelewane basa ing geguritan yaiku kaendahan tembung lan ukara, lan basa kang digunakake dening panggurit. Kang kalebu ing lelewane basa: tembung Kawi, pepindhan, tembung entar, tembung saroja, yogyaswara, lan sapanunggalane. Kepriye lelewane panggurit nggunakake basa kang endah ing geguritane bisa nuduhake sepira endahe geguritan kang diripta.

Panggurit tansah milih tembung-tembung kang bisa kanggo sarana nglairake maksud lan gagasane. Pamilihe tembung (*diksi)* mau ditata, direngga murih endah lan bisa nuwuhake rasa tartamtu kaya karepe panggurit.

4. Enjambemen – Tembung Sumambung

Ing geguritan, enjambemen iki asring digunakake dening panggurit. Enjambemen ing kene diarani tembung sumambung, yaiku tembung-tembung kang sengaja diseleh ing akhir gatra utawa madeg dhewe ing sawijining gatra, kang gunane kanggo nguwatake gatra ing dhuwur lan ing sangisore.

Tuladhane mangkene :

(1) *pancen kang/mimpin iku dudu/ empuke kursi kok....*

(2) iku kabeh bakal tumeka kaya wahyu/awit karsaning bumi iki/ bisaa lestari/ ing tentrem lan ing makmur/ manitis sukmaning kusuma/ bisaa/ ngambar arum saindhenging nuswantara....

5. Purwakanthi

Purwa = wiwitan, ngarep; kanthi = nggandheng, melu. Purwakanthi iku nggandheng utawa melu karo sing wiwitan utawa sing ana ing ngarepe. Purwakanthi iku tembung kang nnduweni swara runtut lan lumrah tinemu ing karya sastra kaya dene ing geguritan. Bisa runtut ing sagatra, bisa uga runtut ing antarane gatra. Kanggo meruhi anane puwakanthi, para siswa kudu ngenali jenis purwakanthi.

a. purwakanthi guru swara : yaiku aksara swara (vokal), swarane kang runtut. Umpamane ana kutipan mangkene : *ibu kang dakderes iki luh-mu/ dadi srana lelaku*. Ing kutipan iku swara akhire padha yaiku swara u. *Bocah-bocah bajang/ nyangking sada lanang.* Kutipan saka geguritane Widodo Basuki sing kaloro iku nggunakake purwakanthi swara ang.

b. purwakanthi guru sastra : geguritan nduweni purwakanthi guru sastra yen sing runtut nurut sing ngarep aksara sigege (konsonan). Kanggo nggoleki purwakanthi guru sastra, para siswa kudu ngenali jinis-jinis konsonan. Jinis-jinise konsonan, kaya ta : w, p, m, b iku diarani aksara lambe (*bilabial*); h, k, g, ng iku padha dene aksara sigeg ing gorokan (*velar)*; n, d, t, s aksara untu (*dental*); c, j, y, ny aksara cethak (*palatal*), lan r, dh, l, th aksara ilat (*alveolar*).

Tuladhane ing kutipan iki : *dakantu tekamu/kaya wengi kapungkur/gemriyak swaramu paring lelipur/ kanggo rasa atisku* kutipan geguritane Hery Lamongan iku akeh nggunakake purwakanthi guru sastra, yaiku swara gorokan ing tembung *dakantu, tekamu, kaya, wengi, kapungkur, gemriyak, paring.* Yen diwaca bola-bali lan dirasakake nyebabake geguritan dadi kepenak lan lancar. Apamaneh ing kono uga ana purwakanthi swara ur ing tembung *kapungkur* lan *lelipur.*

c. Purwakanthi guru basa utawa **purwakanthi lumaksita** : yaiku purwakanthi kang ngurutake wanda (*suku kata*) utawa tembung. Dadi ana wanda, tembung kang sengaja dibaleni dening panggurite. Kalebu ing purwakanthi guru basa menawa ing geguritan sengaja nggunakake ukara kang dibaleni maneh (*repetitif)*. Ukara kang dibaleni iku lumrahe ing wiwitane pada.

Tuladhane kaya geguritane Bonari Nabonenar mangkene : *jalaran dheweke jatining tresna// asalira tresna/ busana tresna/ watak tresna/ jatining tresna.* Tembung apa sing dibolan-baleni dening panggurite? Bener, tembung *tresna.*

B. Struktur Batin

Kejaba struktur lair uga ana struktur batin, yaiku wujud geguritan kang ora kasat mripat, jenenge bae batin. Struktur batin iki diwangun dening struktur lair mau. Mulane antarane struktur lair lan struktur batin geguritan iku padha pentinge (wigatine). Kanggo nemokake isi, arti, maksud, lan tujuan panggurit bisa ditintingi saka lelorone.

Kang kalebu struktur batin geguritan yaiku

1. Tema – Gagasan Pokok

Tema yaiku gagasan pokok kang dadi dhasar panggurit ngrakit tembung dadi geguritan. Geguritan iku nggunakake sarana basa, mula kaya sipate basa, geguritan kudu nnduweni surasa/makna. Bab utawa gagasan pokok sing ndhasari panggurit nulis geguritan diarani tema geguritan.

2. Wirasa-Swasana

Yen masakan, rasa iku ana legi, pait, asin, tawa, getir, pedhes, lan sapiturute. Dene rasa-swasana ing geguritan iku bakal nemokake kepriye tanggapan utawa panemune panggurit marang gagasan pokok ing geguritane. Wirasa-swasana ing geguritan iku bisa awujud pangalembana, pakurmatan, pangajak, seneng, sedhih-prihatin, nesu, ngelikake, lan sipat-sipate manungsa liyane. Gampange mangkene, nalika ana musibah banjir (tema), panggurit bisa sedhih, bisa nesu, bisa uga malah nyokurake. Lha, kabeh rasa-swasana mau bakal nuwuhake piweling-amanat kang dadi tujuan ing geguritan.

3. Amanat – Tujuan/Pesene Panggurit

Saben panggurit mesthi nnduweni tujuan nalika ngarang geguritan. Tujuan utawa amanat iki didhelikake, sinandhi ing walike reroncen tembung, ukara, gatra, lan pada ing geguritan. Amanat/pesen iki sing kudu ditemokake dening para siswa. Sinau geguritan diarani kasil yen para siswa wani gawe dudutan, banjur kandha mangkene, "iki lho tujuane panggurit lumantar geguritane!" Amanat-tujuan ing geguritan iku lumrahe bisa dituduhake lumantar kutipan ukarane, kanggo bukti kang nyengkuyung panemumu.

Geguritan kang becik iku geguritan kang duwe guna paedah tumrap bebrayan utawa tumrap para pamaose. Mulane aja wedi salah, saben ngadhepi geguritan, temokna amanat-pesen ya piwelinge.

Saka tuladha ing dhuwur, bab-bab wigati kang bisa kajupuk, yaiku:

a. geguritan iku jebul nyimpen isi awujud wewarah/ pitutur luhur.
b. isi awujud wewarah mau bisa digoleki kanthi cara nliti struktur lair lan struktur batine.

c. struktur lair sing nuntun marang struktur batin.
d. struktur lair iku werna-werna, kang disebutake ing dhuwur iku mung saperangan tuladha bae. Dadi para siswa bisa ngembangake luwih jembar maneh supaya geguritan bisa dimangerteni isi lan piwelinge.

Tuladha geguritan kanthi irah-irahan ”Patuladhan” yen ditintingi struktur lair lan struktur batine kaya kacetha ing ngisor iki!

No	Struktur	Katrangan
	Struktur Lair	
1.	**Tipografi-blegere geguritan**	Geguritan ”Patuladhan” anggitane Davit Harijono. Geguritan mau dumadi saka 5 (limang) pada, lan saben pada dumadi saka 5 gatra. Amarga saben pada ana limang gatra mula kalebu geguritan jinis *gita panca gatra*. Panulise diati-ati banget, buktine cacahe baris lan cacahe tembung ditata padha utawa meh padha. Pada 1 nganti tekan 4 cacahe tembung mung 2 nganti 4 tembung, ora luwih saka iku. Nyata ringkes lan padhet tenan. Panulise kabeh padha, saka ing sisih kiwa, pada 1, 3, 5 sabaris, pada 2 sabaris karo pada 4. Yen dideleng saka kadohan kaya candhi sasigar, lan katon seimbang banget.
2.	**Panyitra**	Pada 1 nggunakake citra pandeleng. Bab iki dituduhake kanthi : *oraa ana ing ngarep/nanging cahyaning patuladhan/ kudu ngaton mangejawantah//* Pada 2 : nggunakake citra panindak. Buktine yaiku *tegese tegen/ ngendhaleni panguwasa / nyekel pusara* Pada 3 : nggunakake citra panindak; *mung bakal tansah/ singidan dhedhemitan* Pada 3 uga nggunakake imaji pangrasa; *samun kang dadi/ patuladhane kuthung//* Pada 4 nggunakake citra pandeleng ing tembung *mimpin iku dudu/ empuki kursi kok* Pada 5 nggunakake citra pangganda, ana ing kutipan :*ngambar arum saindhenging nuswantara*
3.	**Gaya-Lelewane**	Geguritan ”Patuladhan” iku milih ukara kang ringkes

No	Struktur	Katrangan
	Basa	lan padhet. Tembung-tembung ing sapada mau bisa dadi saukara kanthi teges kang jangkep. *Kang mimpin oraa ana ing ngarep, nanging cahyaning patuladhan iku katon mangejawantah.* Mengkono uga ing pada 2, 3, 4. Ing geguritan mau ana tembung kanthi teges entar (*konotatif*) *cahyaning patuladhan, ngendhaleni panguwasa, patuladhane kuthung* Geguritan iku nggunakake tembung-tembung mirunggan (khusus) umpamane: *mangejawantah, kerta aji, manitis sukmane, kusuma, karsaning bumi.* tembung- tembung iku kanggo nambah daya kaendahane geguritan lan muwuhi rasa sengsem. Tembung saroja utawa tembung kang artine padha utawa meh padha uga akeh tinemu : *ngaton-mangejawantah, madhep-mantep, ngendhaleni-nyekel, pusara-pusaka, singidan-dhedhemitan, samun-kuthung, tentrem-makmur.* Tembung-tembung mau gunane kanggo nguwatake lan mbangetake surasane geguritan.
4.	**Enjambemen**	Akeh tinemu *enjambemen* ing geguritan "Patuladhan", umpamane *nanging cahyaning/patuladhan iku kudu/ ngaton mangejawantah.* Gatra *patuladhan iku kudu* bisa sumambung karo gatra sadurunge lan gatra sawise. Ing pada 3 uga mengkono : *pancen kang/ mimpin iku dudu/ empuke kursi*. Tembung *kang* bisa nduweni arti *mas/sedulur lanang*, bisa uga *sing/ingkang*
5.	**Purwakanthi**	Pada 1 : nggunakake purwakanthi guru sastra gorokan, yaiku **k, ng** ana ing tembung *kang, ing, ngarep, nanging, cahyaning, iku, kudu, ngaton, mangejawantah.* Mengkono uga pada 2, 3, 4 lan 5 akeh tinemu tembung kanthi aksara gorokan. Saliyane iku uga akeh digunakake aksara lambe (*bilabial*) **m, p, b, w,** umpamane tembung *patuladhan, mimpin, ngarep, madhep, mantep, panguwasa, pusara, pusakaning, wateke, mung, bakal, dhedhemitan, samun, pancen,*

No	Struktur	Katrangan
		mimpin, empuke, apamaneh, kabeh, bakal, tumeka, wahyu awit, bumi, bisaa, tentrem, makmur, manitis, sukmaning, kusuma, bisaa, ngambar, arum, nuswantara. Daya pangaribawane swara gorokan lan lambe mau yen ditata runtut bisa nggambarake swasana kang temen, sereng, nyawiji kaya judhule kang ngrembug bab patuladhan/kepemimpinan. Aksara-aksara ing tembung mau uga ngasilake wirama kang kepenak lan lancar. Menawa diwaca geguritan mau pedhotane bakal gampang dingerteni.
Struktur Batin		
1.	**Tema**	Gagasan pokok kang dirembug ing geguritan mau yaiku ngenani kepemimpinan, kaya diwakili karo judhule *patuladhan.*
2.	**Wirasa**	Wirasa ing geguritan iki bisa kagolongake pangajak. Panggurit kaya-kaya nuturi lan nuduhake kaya ngapa pemimpin iku samesthine. Pemimpin iku kudu bisa dadi patuladhan. Iki ditulis ing pada 1 lan pada 2. Geguritan iki uga ngemu wirasa ngguroni, aweh pangeling-eling; elik-elik aja nganti luput. *//yen jirih wateke/ mung bakal tansah/ singidan dhedhemitan/ samun kang dadi/ patuladhane kuthung//*
3.	**Amanat**	Amanat kang ana ing geguritan yaiku pemimpin iku kudu bisa dadi tepa tuladha (pada 1) Pemimpin iku kudu madhep mantep, artine yakin, kukuh bakuh nyekel kepemimpinane, ora miyar-miyur atine. Mulane pemimpin ora kena mangu-mangu, jirih apamaneh ora bisa dadi tuladha kang becik (pada 2 lan 3) Mimpin iku aja mung golek bandha donya, *empuke kursi, angen-angen kurang duga* (pada 4) Pemimpin iku satemene kaya wahyu, ora kena sembarang uwong supaya kabeh padha slamet rahayu (pada 5)

Tabel 1 Tuladha tintingan struktur geguritan

Geguritan-geguritan ing ngisor iki golekana struktur-e kaya tuladha ing dhuwur!

(1) **BANYU**

Dening: Miftahul Dina Anggraeni

gemricik swaramu ing wayah esuk
agawe tentrem ning ati
kricik-kricik kaya tatanan tembang kang endah

putih bening netes ning ndonya
nggawe adhem ning sukma
krasa seger ning njero kalbu

kahananmu dadia tuladha ing jagad
yen urip kudu terus mili
kowe sumber penguripan menungsa

Gondanglegi, Januari 2014

(2) **URIPKU**

Dening: Apriria Berliyanti

Nglamunku sigar ing pucuk himawan
Nalika warsa mbanjiri pangarasan
Uripku
Saya suwe saya ngambang
Ilang
ora nemu dalan

Dhuh Gusti
Paringana kula kesabaran
Kanggo nerusake panguripan
Ngalor ngidul sampun kula lakoni
Jakarta Surabaya sampun kula liwati
Ora ana wangsulan sing mesthi

Ketawang endah, Januari 2014

(2) **TAKON IBU**

Dening: Ria Afrisca

Sepuluh taun
Aku ora ketemu

Rasa kangenku
Saya suwe
Saya abot daksimpen dhewe
Aku ora weruh
Ndhik endi panggonanmu
Kaya apa kahananmu
Aku mung eling sliramu
Kepengin aku ketemu
Ngrungu pituturmu
Ndeleng esemmu
Ibu,
Kapan nggonmu mulih
Aku ing kene ngenteni balimu

Banjarejo, 2010

Bausastra	
kalbu	: ati, manah
sukma	: alus, lembut, roh/ ruh, nyawa
himawan	: gunung, ardi
warsa	: taun
pangarasan	: gepok, senggol, dhampar/ palinggihan

Garapan 2 : Ngidhentifikasi Isi lan Pesen/ Amanat Teks Geguritan

Sawise nintingi struktur teks geguritan ing ngarep, sabanjure tindakna pakaryan iki!

1. Critakna maneh isine geguritan nganggo basamu dhewe!
2. Tulisen pesen/ amanat kang kinandhut ing geguritan kang bisa koktuladhani!
3. Sawise rampung, garapanmu tumpuken minangka tugas portofolio!

Pasinaon 2: Makarya Bebarengan

Sawise ngenali titikane geguritan, nemokake isi lan piweling ing geguritan, para siswa bebarengan karo klompoke bakal kaajak (a) njlentrehake geguritan supaya luwih gampang dimangerteni, lan (b) menehi tandha sigeg ing geguritan. Kegiatan kang bakal ditindakake, yaiku: a) nggancarake geguritan; maksude ngowahi wujud geguritan dadi wujud gancaran, (b) menehi tandha pamaca lan tandha sesigeg kanggo maca endah geguritan.

Tatakrama ing pasinaon nggancarake geguritan yaiku tepa slira, tanggung jawab, lan tresna budaya. Eling, nyinau geguritan ateges nglestarekake lan ngrembakakake basa lan sastra Jawa minangka bagean saka kabudayan nasional.

Garapan 1 : Nggancarake Teks Geguritan

Nggancarake (*mem-parafrase-kan*) geguritan iku nduweni tujuan supaya geguritan bisa luwih gampang dimangerteni. Tembung lan ukara ing geguritan iku sipate ringkes, padhet, kebak arti. Kanggo ngerteni apa kang dadi maksude panggurit, dudu prakara kang gampang. Mulane geguritan mau kudu digancarake luwih dhisik.

Tatacara nggancarake geguritan:

1. Sapada geguritan lumrahe dadi sapada gancaran, sebab saben sapada geguritan iku lumrahe nduweni sagagasan.
2. Bisa nenambah tembung ing saben gatra lan pada, supaya dadi ukara kang becik.
3. Tembung-tembung sing angel, diganti dadi tembung kang umum diweruhi.
4. Tata panulise manut tata panulisane gancaran.

Tuladha nggancarake geguritan kaya ing ngisor iki.

Geguritan	Gancaran
URIPKU Nglamunku sigar ing pucuk himawan Nalika warsa mbanjiri pangarasan Uripku Saya suwe saya ngambang Ilang Ora nemu dalan	**URIPKU** Nglamunku sing mumbul tekan angkasa buyar dadakan. Sebabe udan dumadakan nelesi bathukku. Ing nglamunku mau, uripku dakrasakake saya nglambrang. Suwe-suwe ilang, kaya wong mlaku sing ora nemu dalan.
Dhuh Gusti Paringana kula kesabaran Kanggo nerusake panguripan Ngalor ngidul sampun kula lakoni Jakarta Surabaya sampun kula liwati Ora ana wangsulan sing mesthi	Dhuh Gusti, mugi Panjenengan paringi kawula kesabaran, kangge nglajengaken gesang menika. Gusti, ngalor-ngidul, lunga saparan-paran wis daklakoni. Kutha Jakarta nganti tekan Surabaya wis dakliwati. Gusti, kok boten wonten wangsulan ingkang mesthi?

Tabel 2 : Tuladha Nggancarake Geguritan

Geguritan-geguritan ing ngisor iki gancarna, apa isi lan tegese!

(1) **Kangen**

Dening: Edi Winarno

aja nangis anakku
ibumu isih lunga
sedhela maneh teka

aja nangis, anakku
umpama Hongkong kuwi mung lor kali
wis wingi-wingi
dakparani

(2) **Dudu Rembulan**
Dening: Sumono Sandy Asmoro

Dudu rembulan
Sing sigar kena jemparing
Nalika Permadi dolanan pasopati

Dudu lintang sing ajur
Nalika Palgunadi matek aji
Lebur sakethi

Lintang lan rembulan
Tetep mbenteyong
Gandhulan langit

Mung manungsa sing rumangsa bisa
Ngrapal mantra adeg-adeg
keblat papat lima pancer
Ngobral drajat pamer pangkat
Rumangsa dadi lelanange jagad



Dudu rembulan
Sing sigar kena jemparing
Nalika Permadi dolanan pasupati
Mung konang
Kinukup kabar njomplang

Garapan 2 : Maca Endah Geguritan

Maca endah iku sawijining ketrampilan basa kang nggandhengake unsur basa lan kaendahan utawa seni. Kegiatan maca endah geguritan diarani kasil lan apik yen para

siswa wis bener lan pener ing bab basane (lafal, intonasi, andhegan, lan sapanunggalane) lan becik utawa endah tur nyengsemake ing bab senine (ekspresi, solah-bawa, wirama,lan sapanunggalane). Ana sing luwih penting maneh, maca endah geguritan iku tujuane sing nyemak, sing ngrungokake dadi ngerti isi, piweling, lan kaendahaning geguritan sing diwaca.

Amarga geguritan iku mapan ing alam kabudayan

Jawa, kabeh mau kudu didhasarake wewatakan, tatakrama, lan sopan santun Jawa. Maca geguritan iku kudu **njawani.**

Tatacara maca geguritan sing becik, yaiku:

1. Geguritane kudu wis ditemokake struktur lair-batine (*interpretasi* geguritan)
2. Geguritane diwaca paling ora rong rambahan, tembung-tembung, ukara, lan bagean kang penting kudu dingerteni luwih dhisik.
3. Geguritan iku diwenehi tandha pamaca lan tandha andhegan. Yen perlu geguritan iku bisa ditulis maneh manut *interpretasine* para siswa.
4. Kanggo gladhen, geguritan mau diwaca manut tandha pamaca lan tandha andhegan, uga katrangan solah bawane. Gladhen dianggep cukup yen para siswa wis bisa kanthi lancar lan ora rumangsa isin, kikuk, kaku, salah tingkah nalika maca endah geguritan.

Vokal/Swarane

Swara kudu bantas, resik, tur cetha pangucapane. Ing bab vokal/swara iki kudu dimangerteni bab-bab ing ngisor iki :

1. *artikulasi* : pangucapane aksara lan tembung kudu wuwuh lan cetha.
2. *diksi* : pangucapane tembung-tembung mau endah, kanthi rasa-pangrasa, ana sing landhep, wengis, sabar, alus, kereng lan sapanunggalane. Para siswa kudu bisa milih tembung-tembung ing geguritan lan cara pangucapane.
3. *tempo* : alon-cepete pangucapan, dijumbuhake karo napas lan swasana sing pengin diwedharake.
4. *dinamika* : alon-bantere swara, selaras-seimbange pamaca geguritan, nganti dadi kaya wirama kang endah lan gawe pamirsa lan pamireng dadi kesengsem.
5. *modulasi* : owah-owahane swara, umpamane swara wong tuwa, bocah cilik, swarane digawe cempreng, ulem, geter, lan sapanunggalane.
6. *intonasi* : lagune ukara, pada. Para siswa kudu wani nemtokake sawijining pada dadi ukara pitakon, apa prentah, lan sapanunggalane.
7. andhegan : andhegan-*jeda*, yaiku pedhotane tembung lan ukara ing geguritan kanthi tujuan nguwatake maksud lan artine geguritan.
8. ambegan : teknik ambegan/napas iku penting banget. Para siswa kudu sinau teknik ambegan weteng (=*pernafasan perut*).

Solah Bawane

Obahing awak sakujur kudu bisa nguwatake geguritan apa sing lagi kawaca, solah bawa kudu bisa :

1. *komunikatif*: maca endah geguritan iku kudu dirasakake, maca-solah bawa sing metu saka ati supaya bisa nggeterake atine pamirsa.
2. *ekspresif* : asil saka *interpretasi*, ngerti marang struktur lair-batin geguritan mau diwujudake kanthi *mimik-pantomimik-kinetik* lan solah bawa kang becik lan endah.
3. *konsentrasi*: *fokus*, para siswa kudu munjerake pikiran, wektu lan tenaga kanthi nggladhi sinau maca geguritan supaya asile ora getun tiba buri. Sebab kalodhangan lan wektu iku ora bisa dibaleni.

Tandha andhegan

Maca endah geguritan dadi luwih gampang yen para siswa uga menehi tandha andhegan, yaiku tandha pambiyantu nalika praktek maca endah geguritan. Ing ngisor iki tandha andhegan kang umum digunakake. Para siswa bisa bae nggunakake tandha liyane kang luwih gampang lan becik asile.

Ayo digatekna lan dipraktekake!

Tandha	Arti lan Gunane
/	Mandheg sedhela saetungan
//	Mandheg rada suwe, telung etungan
///	Mandheg suwe, kanggo akhir pada utawa akhir geguritan
~	Swara alon, lagune alus kaya bebisik
~~	Swara alon, lagune alus
~~	Swara kang seru, banter, lagune kasar
√	Swara dicethakake nanging cendhak
√√	Swara dicethakake rada dawa
√√√	Swara dicethakake lan dawa
__	Swarane munggah, mendhuwur
__ _	Swarane ngendhek

Tuladha geguritan iki ayo diwaca bebarengan!

TAKON // **IBU**//
Anggitane // Ria Afrisca √√ ///

Sepuluh / taun
Aku √ / ora ketemu ~//
Rasa kangenku ~~//

Saya suwe//
Saya abot √√/ daksimpen / dhewe __ _ ///

Aku √ / ora weruh √√ //
Ndhik endi __ / panggonanmu __ /
Kaya apa __ / kahananmu __ //
Aku ~ / mung √ / eling √ / sliramu ~~ //
Kepengin √√ / aku / ketemu √ /
Ngrungu / pituturmu ~~
Ndeleng √ // esemmu √√__ ///

Ibu, √√√__ //
Kapan √√ / nggonmu / mulih ~~//
Aku √ / ing kene √ / ngenteni ~~ // balimu ~ //

Garapan 3: Menehi Tandha Andhegan Geguritan Adhedhasar Interpretasi

Bebarengan karo kancamu sabangku, pilihen salah siji geguritan lan wenehana tandha andhegan kaya tuladha ing dhuwur adhedhasar interpretasimu!

Pasinaon 3 : Makarya Kanthi Mandhiri

Sawise makarya bebarengan, kanggo nambah kawruhmu babagan geguritan prelu latihan kanthi mandhiri. Karya sastra geguritan iku akeh banget sumebar ing kalawarti lan ing antologi. Bocah-bocah bisa maca lan nyinaoni geguritan kang kapacak ing kalawarti *Jaya Baya* apadene *Panjebar Semangat*.

Garapan 1: Maca Endah Geguritan

Tindakna pakaryan iki:

1. Pilihen salah siji geguritan sing kosenengi.
2. Sawise kongerteni isine, wenehana tandha andhegan adhedhasar *interpretasi*mu.
3. Gladhinen maca endahmu, nganti katon trampil, luwes lan becik.
4. Paragakna maca endah geguritan pilihanmu, yen perlu rekamen (MP4) supaya bisa dideleng kaluwihan lan kekurangane!

Garapan 2: Nanggapi Pamacane Geguritan

Ing akhir pasinaon bab geguritan, para siswa diutus maringi tanggapan asil maos endah geguritan saka kanca sakelas. Buncine yaiku ngerteni struktur lair, struktur batin, lan teknik maca endah geguritan kaya kang wis dirembug ing ngarep.
Tatakramane mesthi bae kudu nggunakake basa Jawa kang becik, ajen-ingajenan, tepa slira lan mbangun rasa pracaya sapepadha siswa.

Setitekna paragan maca endah geguritan saka kancamu!
Kepriye mungguh panemumu?
Geneya panemumu mengkono?
Apa sebabe?

Kanggo paugeran, bisa migunakake lembar pambiji kaya ing ngisor iki:
Jeneng : .....
Kelas : .....

Intonasi/Pelafalan	**Ekspresi**	**Penghayatan**	***Gesture***

GLADHEN
WULANGAN 1

I. Pilihen siji wangsulan sing paling bener!

1. Geguritan iku kanggo gampange diarani uga ....
   a. kakawin Jawa kuna
   b. kidung Jawa pertengahan
   c. tembang macapat
   d. tembang campursari
   e. *puisi* Jawa modern/gagrag anyar

2. Sing mbedakake geguritan lan tembang dijelasake kaya ing ngisor iki, yaiku....
   a. Geguritan cacahe wanda lan cacahe gatra ana tata aturane.
   b. Geguritan iku olehe maca kudu ditembangake/dilagokake.
   c. Geguritan iku ora kaiket guru gatra, guru wilangan lan guru lagu.
   d. Tembang macapat iku ora nduweni guru gatra, guru wilangan, guru lagu.
   e. Tembang iku nggunakake purwakanthi guru swara ab / ab.

3. Kalebu ing struktur batin geguritan yaiku ....
   a. tema lan amanat
   b. diksi lan tipografi
   c. enjambemen lan lelewaning basa
   d. purwakanthi lan wirasa
   e. panyitra lan diksi

4. *//singidan dhedhemitan/ samun kang dadi/ patuladhane kuthung//* tembung-tembung kang kalebu purwakanthi guru sastra yaiku ... .

a. *singidan – samun – dadi – kuthung*
b. *singidan – dhedhemitan – dadi – patuladhane*
c. *singidan – kang – patuladhane – kuthung*
d. *dhedhemitan – kang – dadi – kuthung*
e. *dhedhemitan – samun – dadi – kuthung*

5. *//gemricik swaramu ing wayah esuk/ agawe tentrem ning ati/ kricik-kricik kaya tatanan tembang kang endah//*
Kutipan geguritan ing dhuwur nggunakake panyitra ... .
a. pandeleng
b. pangganda
c. pangrungu
d. pangrasa
e. panindak

6. *//umpama Hongkong kuwi mung lor kali/ wis wingi-wingi/dakparani//*
Purwakanthi kang digunakake yaiku purwakanthi guru ... .
a. swara i
b. sastra t
c. basa/lumaksita *kali*
d. swara um
e. sastra g

Kanggo pitakon nomer 7- 8, gatekna geguritan "Kangen" anggitane Edi Winarno iki!
//aja nangis anakku/ ibumu isih lunga/ sedhela maneh teka/ aja nangis, anakku/ umpama Hongkong kuwi mung lor kali/ wis wingi-wingi/ dakparani //

7. Ing geguritan "Kangen", panggurit dadi ... .
a. bapak
b. ibu
c. anak
d. putu
e. tangga

8. Isi saka geguritan " Kangen" yaiku ... .
a. Wong tuwa iku mesthi nduweni rasa kangen marang anak.
b. Bapak kang nggoleki bojone nganti tekan lor kali.
c. Susahe Bapak dening tangise anak, sebab kangen Ibune kang lagi nyambutgawe ing Hongkong.
d. Ibu kang nggoleki anake tekan Hongkong sinambi nyambutgawe ing kana.
e. Anak lagi kangen marang Bapak lan Ibune kang nyambutgawe ing lor kali.

9. Geguritane Sumono Sandy Asmoro ”Dudu Rembulan” iku nduweni amanat/pepeling ... .
   a. rembulan ora bakal bisa disigar dening Permadi.
   b. Palgunadi nduweni aji luhur sakethi.
   c. urip kudu tansah nastiti, angati-ati.
   d. manungsa iku senengane ngramal nasib ora gelem ngupaya.
   e. manungsa sok rumangsa bisa, angkuh ing alam donya.

10. Tujuwan maca endah geguritan yaiku ... .
   a. nemokake struktur batin geguritan
   b. nemokake struktur batin geguritan
   c. supaya sing mirsani padha nggumun lan eram marang sing maca
   d. bisa menehi tandha andhegan, nata napas, lan pangucapan
   e. sing nyemak, mirsani dadi ngerti isi, piweling lan kaendahan geguritan

11. Maca endah geguritan iku kudu ... .
   a. banter swarane tanpa ana sing bisa ngalahake
   b. cepet lan cetha supaya ora ngentekake wektu
   c. sopan, yen perlu disalini dadi basa krama dhisik
   d. diwaca lan diapalake geguritane, banjur ditembangake
   e. didhasarake wewatakan, tatakrama, sopan-santun lan njawani

12. Alon-bantere swara, selaras-seimbange swara, nganti dadi kaya wirama kang endah, iku diarani ... .
   a. diksi
   b. tempo
   c. dinamika
   d. artikulasi
   e. modulasi

13. solah bawa, obah mosike sakujur awak nalika maca geguritan iku kudu bisa ... .
   a. komunikatif, ekspresif, lan konsentrasi
   b. modulasi, intonasi, artikulasi
   c. tempo, diksi, ambegan
   d. komunikatif, modulasi, artikulasi
   e. dinamika, tempo, njawani

14. Tuladhane **enjambemen** kaya ing ngisor iki, yaiku ... .
   a. *//Dhuh Gusti/ Paringana kulakesabaran/ kanggo nerusake panguripan/..*
   b. *//kapan nggonmu mulih/ aku ing kene ngenteni balimu //*
   c. *//aku ora weruh/ ndhik endi panggonanmu/ kaya apa kahananmu / ...*

d. *//putih bening netes ning ndonya/ nggawe adhem ning sukma/ ...*
e. *//nanging cahyaning/ patuladhan iku kudu/ ngaton mangejawantah//*

15. Tuladha panganggone tandha andhegan kang artine swara munggah mendhuwur lan mandheg suwe yaiku ... .
    a. Saya abot √√/ daksimpen / dhewe __ _ ///
    b. Ndeleng √ // esemmu √√__ ///
    c. Aku √ / ing kene √ / ngenteni ~~ // balimu ~ ///
    d. Aku ~ / mung √ / eling √ / sliramu ~~ //
    e. Saya abot √√/ daksimpen / dhewe __ _ ///

II. Wangsulana kanthi patitis!

1. Apa bae kaendahan kang ana ing geguritan iku?
2. Apa bedane geguritan lan tembang iku? Jlentrehna!
3. Kepriye carane supaya ngerteni isi lan piweling ing geguritan?
4. Terangna apa sing diarani ; diksi, tempo, dinamika lan modulasi ing teknik maca endah geguritan iku?
5. Sapada geguritan iki wenehana tandha andhegan manut interpretasimu!

    sapa ngira
    bocah sing lugu kae
    bisa nggambar langit
    bisa njaring angkasa
    sapa sing ngira

WULANGAN 2 :
NGRUKTI BUMI MURIH LESTARI

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.1 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis peristiwa budaya daerah sesuai dengan karakteristiknya.
- 3.1.1 Menyebutkan macam-macam budaya daerah.
- 3.1.2 Menyebutkan contoh budaya daerah yang berupa kegiatan upacara adat setempat.
- 3.1.3 Mengidentifikasi karakteristik salah satu kegiatan upacara adat.
- 3.1.4 Menganalisis struktur kegiatan upacara adat sesuai karakteristik.
- 3.1.5 Menjelaskan pesan moral dalam upacara adat.

4.1 Menanggapi peristiwa budaya daerah sesuai dengan karakteristiknya.
- 4.1.1 Memberi tanggapan tentang peristiwa budaya.
- 4.1.2 Menceritakan kembali kegiatan upacara adat.
- 4.1.3 Mengomentari kegiatan upacara adat.
- 4.1.4 Menulis lapuran tentang kegiatan upacara adat.
- 4.1.5 Mendemonstrasikan salah satu kegiatan upacara adat.
- 4.1.6 Mengunggah lapuran kegiatan upacara adat ke internet.

Mbabar Wawasan

Pasinaonan bab 2 iki bakal ngrembug babagan budaya lan upacara adat, mula sawise pasinaonan para siswa kaajab bisa mangerteni jinis-jinis budaya lan upacara adat ing dhaerah, nyebutake tata urut-urutane upacara adat, nindakake kegiatan upacara adat kanggo ngrukti bumi murih titahing Gusti lestari.

Ing masyarakat ana sawijining adat-tradisi sing wis diwarisake saka simbah-simbahe biyen nganti tumekaning saiki. Adat-tradisi iki diarani budaya. Budaya iki tuwuh nalika warga wis nduweni pola pikir lan sosial sing wis padha. Bab iku uga kang ndadekake adat-tradisi salah siji laladan, daerah beda karo laladan, daerah liyane. Budaya uga mujudake asil perjuwangane warga tumrap alam lan jaman, kanggo mbuktekake guyub rukune warga ngadhepi pepalang amrih warga makmur, slamet, gemah ripah lan bisa nampa kabegjan awit karsaning Gusti Kang Maha Kawasa.

Gatekna gambar ing ngisor iki!

1.



http://www.solopos.com/2012/11/08/pernikahan-reisa-jojo-upacara-siraman-gunakan-air-dari-tujuh-sumber-keraton

2



http://berita.suaramerdeka.com / ngleluri-kabudayan-jawi-upacara-adat-daur-hidup-ii-2/

3.



https://irwansyahscreamo.files.wordpress.com/2013/01/ejtcom_kebo11.jpg

4.



Iring-iringan tumpeng nelayan

http://www.panjebarsemangat.co.id/larung-sesaji-ing-pesisir-pasur

Kanggo mangerteni kalantipanmu lan kawruhmu ngenani budaya lan kegiatan adat sing tau koweruhi, coba wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Prastawa apa wae sing ana ing gambar?
2. Upacara adat apa wae sing ana gegayutane karo alam?
3. Upacara adat apa wae sing tau ditindakake ing lingkunganmu?
4. Jelasna urut-urutane upacara ing gambar kaloro!
5. Wenehana tuladha kegiatan adat ing lingkunganmu sing ora ana ing daerah liyane!

Pasinaon 1 : Modhel Teks Pinilih

Ing kegiatan iki para siswa kaajab bisa meruhi lan mangerteni adat kabiyasan lan budaya ing wilayahe dhewe-dhewe uga ing wilayah liyane.

Garapan 1: Nyebutake Jinise Budaya Dhaerah

Kegiatan kapisan, ayo nyemak wacan kanthi irah-irahan ”Upacara Adat Tingkeban ing Tulungagung”. Gatekna apa bedane karo tingkeban ing dhaerahmu!

UPACARA ADAT TINGKEBAN ING TULUNGAGUNG

Mligi upacara slametan kanggo wong mbobot ing laladan Kabupaten Tulungagung ditindakake kaping pindho, yaiku wulan ka-3 utawa wulan ka-5 lan wulan ka-7. Geneya kok wulan ka-3 utawa wulan ka-5? Amarga yen wulan ka-3 wis slametan ”telonan” (arane slametan wulan ka-3), wulan ka-5 wis ora slametan maneh. Semono uga suwalike, amarga ubarampe kanggo slametan ”telonan” lan slametan ”limonan” (arane slametan wulan ka-5) iku padha, yaiku takir plonthang sing bitinge dom. Dene wulan ka-7 tumrap warga kang isih nguri-uri kabudayan Jawa isih padha slametan ”tingkeban” kanthi upacara siraman.

Slametan ”tingkeban” ing laladan Kabupaten Tulungagung tanpa dikantheni upacara siraman diarani slametan ”nyambung tuwuh wong mbobot” utawa ”ngrujaki” amarga ing slametan kasebut mesthi ana rujake. Yen mung dijenangake abang diarani slametan ”metri wong mbobot”. Kamangka tembung ”tingkeban” yen dijlentrehake kanthi etimologis, padha karo *akronim* (singkatan tembung) saka tembung ”titi wancine jangkeb” (wis ganep wektune). Ing walike pitakonan kasebut mbobot maksud yen ing wulan ka-7 bayi ing kandhutan bisa lair (diarani ”lair metu pitu”). Mula saka iku, wanita sing mbobot ing wulan ka-7 kudu ngrumat awake, ora oleh nyambut gawe abot utawa lelungan adoh.

Ciri khase ing Tulungagung yaiku anane upacara siraman (calon ibu kang mbobot disirami nganggo banyu kembang). Buceng (sebutan tumpeng ing Tulungagung) dikompliti kendhi prathola lan cengkir gadhing sajodho, sarta sapungkure iku dodol ”rujak” marang sanak kadang lan tamu undhangan. Cengkir gadhing kasebut digambari tokoh wayang, contone tokoh ”Kamajaya-Dewi Ratih utawa Arjuna-Sembadra” kanthi pangarep-arep yen bayi lair kakung nduweni watak satriya kaya Dewa Kamajaya, pasuryane bagus kaya Arjuna. Suwalike yen lair putri muga-muga nduweni watak kaya Dewi Ratih utawa Dewi Sembadra.

Urut-urutane upacara ”tingkeban” ing Tulungagung antara liya, yaiku pambuka, sungkeman, ngracik toya, donga pamuji, siraman, mecah kendhi prathola, magas sukerta, glundhungan, mantes busana, angrem, pagas tumpeng, rujak uyup, lan ngaburake pitik.

Upacara ”tingkeban” ditindakake sapungkure acara slametan ”nyambung tuwuh”. Panindake diawiti kanthi pambuka kang ditindakake dening pambiwara.

Calon bapa lan calon ibu sing mbobot pitung wulan mapan ana sacedhake ubarampe sesaji. Kendhi prathola lan cengkir gadhing sajodho dideleh sacedhake calon bapa lan ibu sing mbobot kasebut. Acara ”sungkeman” diawiti calon ibu sing mbobot sungkem marang kakunge (calon bapa), dibacutake pasutri kasebut sungkem marang rama ibune kekarone (wong tuwane sakloron calon bapa lan ibu). Mungkur iku banjur dikirab tumuju papan pasiraman.




Kang kapatah ngracik toya yaiku rama ibu kekarone, calon bapa lan ibu sing mbobot. Sing diracik yaiku tirta sapta, sekar setaman, lan cengkir sajodho, kabeh dilebokake ana ing genthong.

Acara ”donga pamuji” (hastungkara puja) ditindakake dening juru sumbaga (sesepuh). Ing acara ”siraman”, pasutri calon bapa lan ibu sing mbobot disiram (digrujug) banyu kembang. Kang kapatah nyirami (nggrujugi) yaiku rama ibu calon bapa, rama ibu calon ibu, lan para sesepuh pinilih kang gunggunge pitu utawa sanga. Acara ”mecah kendhi prathola”, diwiwiti rama ibu calon bapa paring bilasan (banyu kendhi digrujugake ana ndhuwur mbun-mbunane pasutri calon bapa lan ibu sing mbobot nganti entek gusis), banjur kendhi dipecah. Sawise dilap nganggo andhuk, calon ibu sing mbobot dibebeti mori putih rong meter, lan dikendhiti lawe wenang (janur kuning). Sawise iku lawene dipagas nganggo keris dening calon bapa kanthi madhep mungkur (ora ngingetake).

Acara ”glundhungan” diwiwiti juru sumbaga (sesepuh) njupuk endhog saperlu dilebokake ing bebete calon ibu sing mbobot nganti pecah. Sabanjure, cengkir gadhing cacah loro, sing siji uga dilebokake ing bebede calon ibu sing mbobot. Sing nglebokake ibune dhewe, dene sing nampani ibu maratuwane. Bubar iku, cengkir gadhing kasebut digendhong ibu maratuwane tumuju tilamsari calon ibu sing mbobot. Cengkir gadhing sing sijine diglundhungake ing pinjunge calon ibu sing mbobot. Sabanjure, ditampa dening calon bapa tumuli disigar, banyune banjur diombekake (diunjukake) marang calon ibu sing mbobot.

Ing acara ”mantes busana” iki calon ibu sing mbobot diutus ganti ageman jarit nganti rambah kaping pitu. Saben ganti ageman jarit, juru sumbaga (sesepuh) nyuwun pirsa marang para tamu ”sampun pantes napa dereng” kabeh paring mangsuli ”dereng”. Kejaba nalika calon ibu sing mbobot nganggo jarit kang pungkasan, kabeh paring mangsuli, ”sampun pantes”.

Jarit gunggung enem sing ora pantes mau banjur ditata, sabanjure dilungguhi calon ibu sing mbobot sawetara. Sawise dianggep wis cukup banjur digendhong tumuju tilamsari. Kang kapatah magas tumpeng yaiku rama ibune calon bapa. Sabanjure dipagas banjur kadulangake marang calon bapa lan ibu sing mbobot.

Sabanjure calon bapa lan ibu sing mbobot metu saka omah banjur dodol rujak. Para tamu banjur diaturi mundhut, dene dhuwit sing kanggo tuku ya dhuwit temenan (dudu dhuwit-dhuwitan).

Ing acara iki ora lali calon bapa lan ibu sing mbobot ngaburake pitik kanggo rebutan para tamu. Purnane adicara, sawise calon bapa lan ibu sing mbobot ganti busana.

(Basbud)

(Sumber :http://www.panjebarsemangat.co.id/tingkeban-ing-tulungagung)

Bausastra	
mligi	: khusus, utamane
ubarampe	: apa-apa sing klebu praboting keperluan
dikantheni	: dibarengi
dijlentrehake	: dijelasake
pasuryan	: praupan/rai
magas	: motong/ngisir
sukerta	: alangan
kapatah	: dikongkon
ngracik	: nata
gunggunge	: jumlahe
dikendhiti	: ditaleni ing bageyan weteng
tilamsari	: kamar
pinjunge	: jarite

Gegayutan karo wacan ”Upacara Adat Tingkeban ing Tulungagung”, ayo saiki garapen pitakon-pitakon ing ngisor iki supaya kawruhmu babagan adat saya tambah!

1. Upacara slametan kanggo wong mbobot ditindakake kaping pira? Wulan kapira!
2. Apa ciri khas upacara siraman?
3. Apa kang dikarepake cengkir gadhing digambari tokoh pewayangan ”Kamajaya- Dewi Ratih utawa Arjuna-Sembrada”
4. Apa kang diarani upacara ”nyambung tuwuh”?
5. Kepriye lumakune adicara siraman?
6. Ubarampe apa wae sing kudu dicawisake ing upacara tingkepan?
7. Kepriye urut-urutane adicara tingkepan!
8. Critakna kepriye lumakune upacara tingkeban ing dhaerahmu!

Garapan 2: Ngidhentifikasi Kegiatan Upacara Adat

Semaken wacan ing ngisor iki kang magepokan karo upacara adat ing wilayah Blitar. Catheten bab-bab kang wigati ngenani urut-urutane kegiatan!

LARUNG SESAJI ING PESISIR PASUR

Kesurung karep mbuktekake kabar endahe gisiking Samodra Kidul laladan Blitar brang kulon ing wayah esuk subuh, sorene penulis budhal menyang Pesisir Pasur saperlu nekani uleman saka panitia upacara adat Larung Sesaji. Kanthi dikancani kadang Kasmuji (42) lan kadang Rohman (31) budhale penulis saka Desa Tumpak Oyot wis jam papat sore. Supaya tekan papan kang dituju ora nganti bengi, budhale banjur liwat dalan sidatan (pintas) sing dalane pating gronjal. Yen ndadak liwat dalan nglenyer kejaba tekan kana mesthi yen bengi uga kudu mubeng ngliwati Desa Sumberdadi, Bakung Kidul, lan Bululawang. Saka Desa Tumpak Oyot tumuju arah ngidul ngetan liwat Kalitiman (aran pategalan) dalane bledhu. Bubar iku ngliwati dalan njujrug (dalan cor-coran sing mung sedheng ban motor) lan nyabrang Kali Pancer. Kali Pancer sing kondhang akeh iwake iki minangka tapel wates Desa Tumpak Oyot lan Desa Bululawang. Amarga dalane memper dalane *motor cross*, tekan pakampungan pendhudhuk Pasur wis ngarepake surup. Senadyan kahanan wektu iku durung peteng, amarga ketutupan ”gunungan pasir besi” nyebabake Pesisir Pasur ora katon disawang. Mula saka kuwi, penulis banjur mesthekake nemoni panitia.



Perlu kawuningan, nalika durung dadi dhusun rame, sakitere Pesisir Pasur isih wujud ara-ara lan alas gung liwang-liwung. Lagi ing taun 1960-an ana wong bara ana kana. Ana sing olah tetanen uga ana sing nggolek iwak (wektu iku isih njala utawa mancing ing Kali Pacer, durung njala utawa mancing ing segara). Sing jenenge bara ya mung yasa gubug, durung yasa omah. Nanging, sawise dibangun dalan makadham jurusan Pesisir Pasur wong-wong sing maune mung bara malih netep (manggrok) ana kono. Sabanjure, sing maune ijen banjur nggawa anak bojone, sing maune mung yasa omah gubug banjur yasa omah *permanen*. Nganti pungkasane dadi dhusun rame. Amarga cedhak karo Pesisir Pasur, mula banjur katelah Dhusun Pasur.

Miturut katrangan Ketua RW Sutris (58), ing 1968 pendhudhuk Dhusun Pasur isih 52 KK. Wektu iku durung ana sekolahan. Lagi ana sekolahan taun 1971, yaiku sekolahan SD Inpres. Ya sawise ana SD Inpres kasebut pendhudhuk Dhusun Pasur banjur ngrembaka. Kejaba saben taun pendhudhuke tambah, ing taun 1998 uga banjur lair kesenian karawitan Wahyu Sri Budaya. Wahyu ngemu teges dununge katentreman, sri nglambangake rejeki lan budaya iku sumrambahe budaya.

Taun 2013 iki pendhudhuk Dhusun Pasur wis 211 KK. Pendhudhuk samono akehe iku sing makarya dadi nelayan mung 5%, dene sing 95% makarya dadi petani. Nadyan sing makarya dadi nelayan mung 5%, saben taun (pendhak tanggal 1 Sura) mesthi ora lali nganakake upacara adat Larung Sesaji minangka atur panuwun marang Gusti Allah. Sing nduweni kajad Larung Sesaji kasebut ora mung warga nelayan, ning uga warga masyarakat lan rombongan karawitan Wahyu Sri Budaya. Mung bedane, yen rombongan karawitan Wahyu Sri Budaya anggone nindakake bengine, dene nelayan lan warga masyarakat anggone nindakake esuke.

Wis kaping lima iki rombongan karawitan Wahyu Sri Budaya anggone nindakake Larung Sesaji. Yagene anggone nindakake kok ora dibarengake karo Larung Sesaji dina candhake (maksude Larung Sesaji kang ditindakake dening masyarakat lan nelayan Pasur dina Rebo 6 Nopember 2013). Miturut katrangan ketua karawitan Suyut (52), amarga anggone nglumpuk anggotane karawitan bisane mung pendhak bengi, mula anggone nindakake uga banjur ajeg bengi.

Ubarampe sing dilarung bengi lan esuke intine padha. Sing ora padha mung nalika budhal tumuju pesisir, sing bengi (maksude rombongan karawitan Wahyu Sri Budaya) dikantheni (kairing) gong, lha sing esuk ora.

Wondene ubarampene yaiku lodho sega gurih, gedhang raja setangkep, kembang tebu, jenang werna pitu, jenang sura, buceng mas, buceng kuwat, sega golong, sega mule (sega lawuh endhog), jenang abang, lan kolak gedhang emas. Jenang werna pitu kanggo ngaweruhi sedulur sing momong jiwa ragane masyarakat dhusun Pasur. Kolak gedhang emas kanggo ngaweruhi Kanjeng Ratu Emas.

Sapungkure nglarung sesaji sing bengi banjur diterusake acara wayangan. Sadurunge iku isih diacarani slametan nyambung tuwuh nyiram tuwuh. Wondene tujuane wayangan mung kanggo melekan. Ya krana mung kanggo melekan kuwi banjur ora ana acara ruwatan. Geneya? Amarga ing dina candhake isih ana acara Larung Sesaji! Mula saka iku, ing bengi iku penulis sarombongan banjur pilih mancing ing Kali Pancer.

Esuke (sawise tangi turu) penulis sarombongan uga langsung tumuju menyang Kali Pancer maneh. Geneya mrana maneh? Amarga Kali Pancer kejaba minangka tapel watese Desa Tumpak Oyot lan Desa Bululawang uga kanggo pangkalan prahu. Wektu iku sang bagaskara isih lagi ngelekake ”mripate”. E… jebul ora muspra, jalaran kabar iku ora ngayawara. Pesisir Pasur sing mapan ing Dhusun Pasur Desa Bululawang, Kecamatan Bakung pancen endah ngelam-elami lan sesawangane rinasa nabet ati.

Pesisir Pasur nalika gagat rahina durung katon kemliwere janma manungsa. Rada lumayan nalika penulis tumuju Kali Pancer ora dhewekan mlebu ketele alas bonse tumuju

tepining samodralaya. Baka siji ana ibu, bapak, lan putrane saka sakiwa tengene pesisir sing mlaku lon-lonan ing gisiking samodra. Nganti pletheke srengenge mung watara wong 10 ngenggar-enggar ati ing pesisir sing endah iku. Pesisir ing walike ”gunungan pasir besi” sing wiwit kena cahyane bang-bang aruna, nyimpen segere angin segara, lan njekute hawa mangsa bedhidhing. Sawenehe ibu-ibu sing didherekake putrane banjur olah raga ing pesisir iku kanthi peplayon rindhik sinambi nyaruk-nyaruk gisik sing kadhangkala kasiram pethite ombak sing diuncalake alun sing tanpa pedhot gumuruh pating jlegur. Samodra sing nyuguhake sesawangan jembar tanpa watesan aweh pangaribawa marang bocah cilik sing isih terus mekar wawasane. Mula momong ing tepine samodra kejaba nyehatake salira uga mekarake pancadriyane bocah. Mangkono pratelane Bu Wagimah (41) kang pidalem ing Tumpak Oyot, Blitar, sing esuk iki nunggoni putrane dolanan ing tepine samodra. Sinambi ndulang putrane Bu Wagimah mratelakake, ”Seganten menika rak ngandhut sakathahing mineral murni ingkang sae sanget kagem kesehatanipun makhluk gesang ta Pak, mila rekreasi dhateng pesisir menika raosipun lajeng seger dhateng salira ta?” pratelane marang penulis. Banjur, ”Napa malih pesisir mriki kathah wana ingkang ketel ingkang mahanani hawa langkung resik lan seger”, pratelane.

Endahe esuk iku tansaya ganep barang weruh gelaran wedhi (pasir) ing sapinggire pesisir, krasa lembut ing dlamakan. Sumilire angin kang midid kuwawa ngalahake keangkuhane sang bagaskara. Kabukti, najan panas sumelet wong-wong akeh sing padha ketungkul ngadeg ing sapinggire pesisir, ngrasakake kelembutane pasir pesisir sinambi nyawang jumlegure ombak ing kadohan. Sauntara bocah-bocah uga luwih seneng kekeceh ing banyu segara sing mung cethek lan banyune bening kinclong-kinclong, saengga sawernane panguripan ing njero banyu kasebut bisa dideleng kanthi cetha wela-wela.

Kaelokan sing ditawakake Pesisir Pasur ora kalah karo Pesisir Kuta utawa Nusa Dua ing Bali. Kaluwihane Pesisir Pasur, pesisire isih alami. Paribasane prawan ayu sing lugu. Najan tanpa paesan kaluguane, keayuane, kumawa gawe getere ati. Ora ana hotel utawa bangunan mewah ing wewengkon kono. Omah-omah duweke warga uga ora ana sing dibangun loteng. Kabeh racake mung kloneng. Ngono wae saupama wulu metune sawah lan pategalan ora apik mbokmenawa ya mung digawe saka gedheg utawa kayu. Mula yen disawang sakeplasan pancen mung prasaja, nanging malah bener-bener nyawiji karo alam.

Ing sapinggire pesisir isih akeh wit-witan, mligine wit cemara. Wit cemara sing tuwuh ing sadawane pesisir iku ukurane gedhe-gedhe. Dhuwure ana sing telung meter luwih. Wit-wit cemara sing mapan ing saurute pesisir wis ditata apik lan peni. Nanging wit-wit sing rada adoh saka pesisir, isih dijarake tuwuh alami, wujud grumbul utawa alas cilik. Lan bab kuwi uga dadi daya tarik sing mirunggan. Kejaba sesawangan alame sing mencutake, Pesisir Pasur mujudake siji-sijine pesisir sing duwe garis pesisir sing paling dawa ing antarane pesisir-pesisir sing sumebar ing wewengkon Blitar. Sing luwih mencutake maneh, ing sangisore banyu segara sing bening kinclong-kinclong iku sumimpen sesawangan sing ngedab-edabi. Mawarna-warna penguripan ing njero segara bisa ditonton kanthi mripat mlaha. Wiwit maneka jinis iwak hias, *molusca* (sabangsane

siput laut), sing dumadi saka maneka jinis kerang mawa cangkang nganti sing tanpa cangkang, lan liya-liyane bisa katemokake ing antarane kembang kerang lan ganggeng utawa *rumput laut*. Ganggeng kuwi wae jinise uga maneka warna lan maneka rupa, yen digatekake luwih adoh kaya-kaya mujudake alas ing sangisore banyu. Bener-bener sesawangan sing ngedab-edabi lan kuwawa ndudut ati. Kabeh mau ora mung saderma bisa dinikmati nganggo mripat, nanging uga bisa dirasakake nganggo tangan. Tegese bisa dicekel utawa disenggol.

Pungkasane sawise krasa ngelih, penulis sarombongan banjur ninggalake Pesisir Pasur. Nanging saeba kagete bareng nyumurupi warung-warung padha ora ana sing bukak. E…pancen arep padha nindakake Larung Sesaji, mula ya bener yen ora ana warung sing bukak. Kaya padatan saben nindakake upacara adat Larung Sesaji, saben omah ing dhusun Pasur padha cepak jajan (istilah kana bada). Mula saka iku, kanggo golek ganjel weteng, penulis sarombongan banjur mertamu menyang omahe Ketua RW.

E… pranyata ora mung entuk jajan, ning uga entuk sega barang. Mula nalika melu-melu mikul ubarampe kanggo Larung Sesaji uga semangat tenan (maksude rosa).

Tumpeng (ubarampe sesaji) kang dilarung esuk iku (watara jam sanganan) cacahe ana loro. Sing siji tumpenge masyarakat, sing sijine tumpenge nelayan. Iring-iringan tumpeng cacah loro kasebut dibudhalake saka omahe Ketua RW. Sadurunge dilarung, didongani dhisik dening Mbah Sunari (sesepuh desa). Kejaba diestreni warga masyarakat uga dirawuhi Muspika Kecamatan Bakung. Sapungkure didongani banjur digotong ditumpakake prahu, lan sabanjure dilarung ing tengahe segara. Muga-muga sapungkure Larung Sesaji, masyarakat dhusun Pasur tansah ayem tentrem, murah sandhang lan pangan sarta ora kena musibah. (*)

(Sumber: http://www.panjebarsemangat.co.id/larung-sesaji-ing-pesisir-pasur)

Kamus Kecik

laladan	: wilayah
uleman	: undhangan
nglenyer	: rata tur alus
bledhu	: bledug
gung liwang-liwung	: amba lan ketel banget
bara	: lunga
yasa	: gawe
ngrembaka	: ngembang
dikendhiti	: ditaleni wetenge
tilamsari	: kamar

Wangsulana pitakon ing ngisor iki kang ana gegayutane karo wacan tradhisi ing dhuwur!

1. Ana ing laladan ngendi kegiatan larung sesaji?
2. Dalan ngendi wae kang diliwati yen tumuju panggonan larung sesaji?

3. Kepriye kahanane Pesisir Pasur ing tahun 1960-an?
4. Saben wulan apa dianakake Larung Sesaji?
5. Apa kajade larung sesaji warga Dhusun Pasur?
6. Ubarampe apa wae kang dilarung?
7. Kepriye kahanane pesisir Pasur?

Garapan 3: Nintingi Struktur Kegiatan Upacara Tradhisi

Kanggo mangerteni lan nyumurupi wawasanmu, coba semaken urut-urutane kegiatan slametan nalika ibu mbobot. Ing kene bakal dijlentrehake babagan upacara slametan sawise bayi lair. Tradhisi slametan kanggo jabang bayi, ing antarane:

1. Brokohan yaiku slametan sing dianake sepisanan nalika bayi lair kanthi tujuan nuduhake marang warga sakiwa tengene menawa wis lair kanthi slamet.
2. Upacara Sepasar utawa Puputan yaiku slametan sing dianakake limang dina sawise bayi lair. Slametan iki biyasane dianakake bebarengan karo puputan. Puputan yaiku prastawa pedhote tali puser bayi.
3. Selapanan yaiku upacara slametan sing ditindakake sawise bayi umur 35 dina, ubarampe biyasane sega tumpeng, gudhangan, endhog, jenang abang, jenang putih, jenang abang putih, lan sapanunggalane.
4. Tedhak Siten. Upacara tedhak siten ditindakake nalika si bocah umur 7 wulan atau 6 lapan. Tedhak tegese mudhun lan siten saka tembung siti sing tegese lemah. Dadi tedhak siten tegese mudhun lemah kanggo anak sepisanan.
5. Nyapih
   Nyapih asal tembung sapih sing tegese pisah utawa misahake. Upacara iki kanthi tujuan nylameti si bocah nalika bocah ora ngombe *ASI*.

Saka kegiatan tradhisi ing dhuwur bocah-bocah mesthine wis ngerti lan nyumurupi kepriye tata urutane upacara tradhisi. Kaya andharan sadurunge, kegiatan upacara tradhisional ing sakiwa tengenmu akeh jinise, kayata tingkeban, brokohan, mantenan, bersih desa, larungan, lan liya-liyane. Kabeh upacara utawa slametan mau nduweni urut-urutan tartamtu.

Tindakna manut prentahe!
Gawea urut-urutane kegiatan upacara tradhisional ing dhaerahmu, bisa saka rekaman utawa nonton langsung upacara mau!

Garapan 4 : Medharake Pesan Moral

Sawise bocah-bocah mangerteni stuktur kegiatan upacara adat, ayo saiki diwaca wacan ”Tradhisi Ngilangi Sukerta ing Pucanglaban” kanthi permati supaya bisa mangerteni apa pesen kang ana ing kegiatan tradhisi iki!

TRADHISI NGILANGI SUKERTA ING PUCANGLABAN

Ing Pucanglaban Kabupaten Tulungagung, jajan pasar saliyane didadekake kuliner tradhisional uga minangka oleh-oleh kanggo bocah cilik yen ibune kondur saka pasar. Jajan pasar iki pranyata ampuh minangka ubarampe kanggo ngusir sukerta.

Masyarakat pracaya, jajan pasar iku jajan kramat sing nduweni tuah. Saben mapag tekane pemimpin anyar (dudu pemimpin sing dimutasi utawa dipindhah), mbuh kepala desa anyar mbuh bupati anyar, mbuh kepala sekolah anyar mbuh KUPT anyar, mbuh gubernur anyar mbuh presidhen anyar, masyarakat ing laladan Kecamatan Pucanglaban mesthi nindakake upacara ngusir sukerta (yen ing Subang, Jawa Barat istilahe ngusir sial). Upacara kang ditindakake saben lair pemimpin anyar iku kanthi tujuan amrih wargane (kawulane) bisa bebas saka maneka sukerta. Beda karo tradhisi kang ana ing dhaerah liya, upacara ngusir sukerta ing laladan iki tarkadhang diramekake kanthi maneka warna atraksi kesenian khas dhaerah kasebut. Saliyane jaranan, wayang, uga digelar paradhe reog kendhang.

Acara kang biyasane digelar ing bale desa iku diestreni dening ewon warga desa. Padha dhesek-dhesekan kanthi tujuan padha, yaiku nonton momentum mapag tekane pemimpin anyar kasebut. Sumebar kepercayan, sapa wae sing nyengkuyung (ngestreni) acara kasebut bakal bebas saka maneka sukerta.

Acara sing wis ajeg ditindakake turun temurun iku tansah oleh dhukungan saka masyarakat. Ora mung warga asil Pucanglaban wae sing melu ngestreni acara iki. Para warga kang kabener "luru upa" ing dhaerah iki uga melu ngestreni. Warga padha percaya yen jajan sing saklebatan ora ana ajine iku pranyata nduweni *tuah*. Lan, puncak saka tradhisi ngusir sukerta utawa balak iku yaiku sawise diujubake lan didongani, maneka jajan pasar lan ubarampe liyane banjur didum-dumake marang sapa wae kang ngestreni upacara kasebut.



Saklebatan, ora ana sing aneh karo panganan sing didum-dumake marang warga. Panganan kang sinebut jajan pasar iku dening masyarakat Pucanglaban kerep digunakake kanggo jajan oleh-oleh kanggo putrane yen dhong ibune blanja menyang pasar. Miturut sejarahe lan dipercaya yen jajan pasar iki ora mung mligi

kanggo oleh-oleh putrane. Tumrap warga Pucanglaban, jajan pasar diyakini nduweni *tuah* gaib. Salah sijine dipercaya kanggo ngusir sukerta utawa balak. Biyen, jajan pasar minangka siji-sijine jajan kanggo suguhan wong duwe mantu utawa nyunatake putrane, sadurunge muncul jajan roti gaweyan pabrik.

Kejaba kanggo jajan oleh-oleh, jajan pasar uga diyakini warga Pucanglaban nduweni *tuah* supranatural. Jajan iki kawitane ora ana kanthi mangkono wae. Sadurunge muncul, jajan pasar wis ngalami maneka proses sejarah kang dawa. Padha karo jajan liyane sing kerep didol ing toko-toko panganan, kangelan anggone nyebut jenenge jajan iki nadyan sabenere wis akrab ing sakitere warga. Kejaba jajan pasar, ing warung-warung ndesa laladan Pucanglaban wis asring diprangguli ana kicak, cenil, gethuk, gathot, utri, gablog, dhangglem, begedel, nagasari, pipis, iwel-iwel, randha royal, lan liya-liyane.

Saperangan gedhe jajan-jajan iku pancen angel digoleki ing kutha-kutha gedhe. Bab jajan pasar dhewe, masyarakat Pucanglaban asring nggunakake panganan iki minangka ubarampe kanggo merti bayi, yaiku sepasaran, pagutan, telonan, pitonan, setaunan, lan rong taunan. Biyen, wong Jawa nduweni pakulinan yen arep nyabuki bayi mesthi ngundang sanak kadang lan tangga teparone. Mula sorene, ibu-ibu wis padha teka, saperlu lek-lekan sewengi natas. Mula wiwit sore wis padha ibut dhewe-dhewe. Ana sing mbungkusi iwel-iwel, nagasari, utawa pipis. Dene esuke, genti bapak-bapak sing padha teka, saperlu genduren cabukan bayi.

Minangka panganan kang dikramatake, jajan pasar pranyata ora mung digunakake kanggo ngusir sukerta. Jajan pasar uga kerep digunakake dening para wong tuwa Jawa jaman biyen kanggo ngusir apes *(sial).* Tuladhane, yen ngimpi ngising biyasane wong kang ngimpi kasebut bakal nemoni apes, yen ora kelangan barang (dhuwit) ya kelangan (ditinggal seda) kulawarga utawa sanak kadang. Mula kanggo ngusir apes kasebut, yen bengi ngimpi ngising, esuke banjur dislameti jajan pasar.

Kejaba iku, jajan pasar uga biyasa digunakake kanggo ngeneng-ngeneng bayi sing rewel karana pengaruh gaib sing seneng ngganggu. Miturut katrangan Mbah Sabar (68), sesepuh Desa Pucanglaban, sadurunge didol ana pasar panganan kasebut durung diarani (kinaran) jajan pasar. Panganan kasebut biyene mung digunakake kanggo syarat nggelar sesaji. Biyasane dikanthenake ing maneka upacara kanggo tolak balak. Bahane ana kang digawe saka glepung gaplek, glepung beras utawa tela diparut. Glepung gaplek digawe remes, glepung beras digawe pipis utawa nagasari, lan tela diparut digawe opak tela. Jinis panganan kasebut diyakini bisa nyerep energi elek lan makhluk alus. Makhluk alus jarene bakal meneng lan wedi yen ing acara ritual dikantheni panganan kasebut. ”Jajan pasar pancen multifungsi. Kejaba minangka kanggo oleh-oleh, jajan iku uga ampuh kanggo ngeden-ngedeni makhluk alus”, kandhane Mbah Sabar marang penulis.

Ing babad *Panggung* Alang-alang, miturut katrangan Embah Sabar dikandhakake, yen jajan pasar ditegesake minangka salah siji jajan kramat kang biyasa

digunakake para wong tuwa jaman biyen kanggo meden-medeni makhluk alus supaya ora wani teka menyang omah ngganggu warga kampunge. Ing babad iku disebutake ana siji mantra sing biyasa diwacakake wektu jajan pasar iki diwetokake kanggo digunakake minangka tumbal.

Nah, wektu jaman jajan iki diwetokake, masyarakat Panggung Alang-alang (saiki Pucanglaban) sing melu ngestreni katon khusuk melu maca mantra iki uga. Miturut ujare kandha, tansaya akeh warga sing maca mantra iki, mula makhluk alus bakal tansaya wedi. Para sesepuh uga katon khusuk sinambi tutuke terus maca mantra warisan saka para leluhure iku. Sawetara, jajan pasar terus diobah-obahake, keluk menyan terus nyebarake gandha mistis. Warga sing melu ing upacara iki duwe pengarep-arep ing taun-taun candhake, kampung lan wargane dibebasake saka maneka sukerta kang dening pendhudhuk dipercaya yen sukerta asale saka ulah makhluk alus utawa pemimpin sing watake kaya makhluk alus. ”Dadi, kanggo ngusir sukerta carane ya nglarang utawa ngguwang adoh makhluk alus amrih ora wani mlebu menyang desa iki saengga pendhudhuk ora diganggu maneh”, kandhane Mbah Sabar.

Upacara ngusir sukerta kanthi jajan pasar iki, diakoni warga Desa Pucanglaban efektif banget kanggo ngusir makhluk alus. Warga percaya yen ora ngestreni tradhisi iki mula ing taun candhake mesthi pikantuk sukerta. Iku sebabe, warga grengseng (antusias) banget melu ing upacara iki. Sawetara, para sesepuh kang maca mantra uga ora oleh sembarangan. Sadurunge maca mantra, luwih dhisik kudu sesuci dhiri dhisik kanthi cara adus lan wudu. Lan, sasuwene maca mantra, para sesepuh iku uga ora oleh batal wudune nganti upacara rampung. Tradhisi iki, kandhane Mbah Sabar kudu terus digelar saben ana pemimpin anyar teka, nadyaning kahanan apa wae.

Warga padha pracaya yen ana pemimpin anyar teka ora nindakake upacara ngusir sukerta bisa cilaka. Kejaba iku, warga uga keweden yen ora nindakake bakal dipimpin dening pemimpin sing nduweni watak kaya makhluk alus iku. Warga pungkasane tansah nindakake acara kasebut nadyan kanthi prabeya patungan. ”Ibarate wong mertamba, sepisan ora mertamba yen mengko nganti nemen ora bakal kena ditambani. Desa iki bakal ketiban sukerta suwene pitung turunan”, kandhane Mbah Sabar.

Warisan Santri Majapahit iki diakoni Mbah Sabar, amarga tradhisi ngusir sukerta kanthi jajan pasar iku wis ana wiwit jaman kawuri. Tradhisi iku digawa dening salah sawijining santri saka Majapahit, asmane Aryo Bangah. Aryo Bangah asline saka Pajajaran (tanah Pasundan). Sadurunge budhal menyang Majapahit dheweke wis di-Islamake karo Haji Tang. Tekane ing Majapahit saperlu nggoleki sedulure tunggal bapa seje biyung, yaiku Raden Wijaya. Pungkasane dening Raden Wijaya, Aryo Bangah diangkat dadi patih ing Dhoho. Krana dheweke wis ngrasuk agama Islam, banjur dadi cikal bakal kang nglairake santri-santri Majapahit. Mula tekane ing Majapahit wektu iku saliyane nggoleki sedulure uga kanthi tujuan nyebarake agama Islam. Wektu iku ing tlatah Majapahit kalebu Bonorowo (saiki Tulungagung), wargane isih ngrasuk

agama Hindu. Nanging, kanthi perjuwangane kang temenan, Aryo Bangah pungkasane kasil ngajak saperangan pendhudhuk mlebu Islam. Lan pungkasane, keturunan-keturunan Aryo Bangah kasil ngedegake Pondhok Pesantren Tegalsari. Aryo Bangah ora gelem ngilangi tradhisi sing wis ana sadurunge ing Bonorowo. Dheweke malah ngolaborasi karo tradhisi ala Islam. Kalebu karo jajan pasar kang dening masyarakat pribumi wektu iku dikramatake banget minangka jajan kang nduweni apes lan kerep dipuja lan disembah. Wedi dumadi *pengkultusan* marang jajan kang digawe saka glepung gaplek lan glepung beras, dening Aryo Bangah banjur dimodhifikasi dadi panganan kang luwih nduweni manfaat, yaiku minangka jajan kanggo ngeneng-ngeneng bocah. Sawetara lafadz dzikir uga disisipake ing antarane mantra-mantra basa Jawa.

Kanthi karomah kang diduweni, jajan (panganan) kang digawe saka glepung beras lan glepung gaplek kasebut pungkasane sanggup ngusir sukerta (makhluk alus) kang wektu iku kerep ngreridhu masyarakat Bonorowo, mligine ing laladan Panggung Alang-alang. Pendhudhuk uga pracaya kang sabanjure ngramatake jajan pasar (istilah saiki) nanging ing wujud kang luwih beda. Tegese, ora ana *pengkultusan* mligi. "Jajan kang digawe saka glepung beras lan glepung gaplek sabanjure mung didol ana ing pasar. Mung wae, jajan pasar uga nduweni kekuatan khusus kanggo ngusir sukerta yen dibarengi karo niat lan mantra kang wis dicampur karo lafadz dzikir", kandhane Mbah Sabar.

(Sumber : http://www.panjebarsemangat.co.id/tradhisi-ngilangi-sukerta-ing-pucanglaban)

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Kepriye adicara tradhisi mapag pemimpin anyar ing wacan?
2. Apa kang dadi puncake saka tradhisi nulak balak?
3. Kena ngapa jajan pasar diarani jajan kramat?
4. Apa wae tuladhane jajan pasar sing kongerteni?
5. Kepriye larah-larahe ngusir sukerta ing Pucanglaban?
6. Apa kang dadi maksude acara tradhisi ngilangi sukerta?
7. Sapa kang nyebarake agama Islam ing Majapahit?
8. Pesan moral apa kang kinandhut ing wacan kasebut?

Pasinaon 2 : Nulis Lapuran Bebarengan

Sawise mangerteni kegiatan budaya sing ana ing lingkungan kita, kaajab para siswa bisa nulis lapuran kegiatan upacara adat kanthi tumemen, jujur, dhisiplin, lan bisa makarya bebarengan, sarta bisa mraktekake upacara adat kanthi bener.

Garapan 1: Nulis Lapuran Kegiatan Upacara Adat

Panulisan lapuran kanthi ancas nuduhake marang pamaos menawa ana kasunyatan utawa kedadean kang kudu dimangerteni. Mula panulisan ya kudu dijangkepi nganggo panalaran kang logis lan sistematis.

Wong gawe lapuran kuwi meh padha karo wong crita marang wong liya. Anggone nggandharake lumantar basa tulis, mula ora padha karo wong crita nganggo basa lisan lan lapuran iki kudu dicethakake lumantar tulisan. Saliyane iku lapuran kudu tansah kukuh-bakuh nggondheli sipat ilmiah.

Apa wae sing kudu ditindakake? Geneya mangkono?

Salah siji wangsulane sebab lapuran tinulis bab upacara adat iku kudu bisa dibuktekake mula penulise kudu wani tanggung jawab marang apa sing dilapurake.

Cara kang bisa ditindakake yaiku observasi lan wawancara marang nara sumber, ditambah goelk pawarta saka buku, majalah lan internet.

Ngripta lapuran supaya nyengsemake lan migunani ana tataran-tataran kang kang kudu dilakoni, yaiku:

1. Tuwuhe pamikir ngenani bab kang arep dilapurake.
2. Ngumpulake peprincen bab (dhata).
3. Ngolah dhata.
4. Ngripta lapuran mingunakake cengkorongan.

Cathetan

Pangrakite lapuran adhedhasar cengkorongan manut wujude bisa dipilah dadi rong golongan:

a. Lapuran Populer (Karya Ilmiah Populer)
b. Lapuran Teknis

Tuladha lapuran

UPACARA ADAT KABUPATEN PACITAN
"JANGKRIK GENGGONG"
(Desa Sidomulyo Kecamatan Ngadirojo)

Didamel Kaliyan :
Ade Rio - Alisa
Azih Azani - Aprina W.R
Bella Pramesty Agustina

XI AKUNTANSI 1
SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN NEGERI 2 PACITAN
TAHUN 2014 – 2015

BEBUKANING ATUR

Puji syukur kula aturaken dhumateng Gusti Ingkang Akarya Jagad, amargi saged ngrampungaken tugas makalah niki tanpa wonten alangan menapa-menapa. Pramila saking punika pangripta ngaturaken agenging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng Juru Kunci upacara adat Jangkrik Genggong ingkang sampun mangertosi asal-usul lan urut-urutan upacara menika. Mugi-mugi pitulungan panjenenganipun niku angsal limpahan rahmat saking Gusti Ingkang Murbeng Dumadi. Amiin. Kula lan rencang-rencang ngajengaken upacara adat Jangkrik Genggong menika saget dilestarekaken.

Ing makalah punika dipunandharaken asal-usulipun upacara adat Jangkrik Genggong. Mugi-mugi makalah punika saged dipunpigunakaken kangge ngleluri sarta nglestantunaken upacara adat Jangkrik Genggong.

Mbok bilih wonten kakirangan, kula ngaturaken nyuwun ngapunten. Kritik saha saran ingkang ngebangun sanget kita ajeng-ajeng kangge kasempurnanipun karya tulis niki. Mugi-mugi makalah niki saged migunani kagem pemaos sedaya.

Pacitan, 20 November 2014

Pangripta

DAFTAR ISI

BEBUKANING ATUR	1
DAFTAR ISI	2
A. SEJARAH "JANGKRIK GENGGONG".....	3
· Silsilah Rogo Bahu lan wadyo balane	
· Ciri – ciri Danyang	
B. SUSUNAN ACARA	4
C. SYARAT –SYARATIPUN ACARA.....	5
D. FOTO UPACARA ADAT	6
PENUTUP	7

Mengkono sawetara tuladha panulise lapuran bab upacara adat. Bab isine lapuran ora dicethakake ing kene, kaajab para siswa bisa nlusuri saka sumber-sumber kang bisa dipercaya.

Gawea klompok kang dumadi saka bocah 6-8! Sabanjure goleka bahan (bisa saka internet, kalawarti utawa nonton langsung) ngenani upacara adat. Saka bahan mau banjur gawea lapuran!

Garapan 2: Nindakake Upacara Adat

Gatekna gambar ing ngisor iki!



Adhedhasar gambar ing ngarep wangsulana pitakon lan tindakna pakaryan ing ngisor iki!

1. Gambar ing dhuwur nuduhake ubarampe acara apa?
2. Yen wis ngerti aranana ubarampene apa wae?
3. Kepriye urut-urutane kegiatan mau?
4. Tindakna upacara mau bebarengan karo kancamu!
5. Kegiatanmu iku dhokumentasekna lan tumpuken minangka tugas portofolio!

Pasinaon 3 : Medharake Prastawa Budaya Kanthi Mandhiri

Kanggo nuwuhake lan ngrembakakake jiwa mandhiri lan daya ciptane para siswa, ana ing pasinaon 3 para siswa bakal kaadhepake karo pakaryan mandhiri. Pakaryan kang kudu ditindakake yaiku menehi tanggapan marang prastawa budaya ing dhaerahmu dhewe.

Garapan 1 : Nanggapi Prastawa Budaya

Bab kang perlu digatekake nalika menehi tanggapan yaiku: 1) cak-cakane utawa urutane upacara, 2) ubarampe, lan 3) maksud upacara. Minangka sarana nindakake ayahan, nggawea tabel kaya tuladha ing ngisor iki!

Arane Upacara Tradhisi:		
No.	**Rantaman Upacara**	**Tanggapan**
1.	Cak-cakane/ urutan upacara	....

		.....
2.	Ubarampe	....
3.	Tujuan/maksud	....

Garapan 2: Nyritakake Kegiatan Budaya

Ing garapan iki kaajab para siswa bisa nyritakake maneh prastawa budaya sing ana ing wilayahe. Gegayutan karo kegiatan nyritakake, kejaba Bapak/ Ibu guru, bocah-bocah bisa uga menehi pambiji tumrap critane kancane. Kanggo paugeran, bisa nggunakake tabel pambiji kaya iki.

No	**Arane Siswa**	**Aspek Pambiji**															
		Intonasi/Lafal				**Ekspresi**				**Isi**				**Kalancaran**			
		1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4

Garapan 3: Ngunggah Lapuran Kegiatan Upacara Adat menyang Internet

Supaya asil tulisanmu bisa didhokumentasekake kanthi becik, coba kirimen menyang medhia cetak utawa elektronik. Kanthi mengkono, asil garapanmu bisa diwaca wong liya lan bisa nambah kawruh tumrap kang maca mau.

GLADHEN
WULANGAN 2

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan kang paling bener!

TEDHAK SITEN

Tedhak siten iku salah sawijine upacara adat Jawa kanggo bocah umur 7 lapan utawa 245 dina. Nalika iku bocah lagi sepisanan ajar mlaku. Selapan yaiku kombinasi 7 dina ing kalender internasional lan 5 dina ing kalender Jawa. Selapan iku pendhak 35 dina pisan. Tedhak siten asale saka rong tembung, yaiku "tedhak" utawa idak tegese mudhun lan "siten" saka tembung siti kang tegese bumi. Dadi tedhak siten nduweni arti ngidakake sikil ing lemah/pertiwi. Tedhak siten nggambarake kasiapan bocah kanggo nglakokake kauripan kang bener ing mangsa ngarep. Upacara tedhak siten nduweni teges cedhake manungsa karo bumi. Awit nglakokake kauripan kang apik lan becik ing bumi lan tetep ngruwat lan njaga bumi. Iku kanggo ngelingaken menawa bumi wis menehi akeh banget barang kang dibutuhake kangge uripe manungsa. Ing budaya Jawa ana kapitayan masyarakat ngenani bab tedhak siten, yaiku yen lemah iku nduweni makna ghoib lan dijaga Bathara Kala, mula kanggo ngendhani kadadean sing ora becik dianakake upacara tedhak siten.

Kaya dene upacara adat liyane, tedhak siten uga nduweni piranti lan ubarampe, yaiku:

1. Pengaron sing diisi kembang setaman.
2. Kurungan, kanggo nggambarake yen donyane anak isih sithik utawa ciut.
3. Werna-werna barang sing diselehake sajroning kurungan kang nggambarake suwene urip lan kawajibane manungsa nggolek nafkah, kayata:
   a) pari sabengket
   b) kapuk sabengket
   c) piranti nulis
   d) bokor kang diisi beras kuning
   e) werna-werna jinis dhuwit
   f) mas-masan
4. Klasa sing isih anyar, kanggo lemek ing njeroning kurungan
5. Udhik-udhik utawa dhuwit logam dicampur kembang
6. Andha tebu "Arjuna", yaiku tebu sing wernane ungu kang nggambarake undhak-undhakane urip sing arep dilakoni anak.
7. Jadah pitung werna, yaiku abang, putih, ireng, kuning, biru, ungu, lan jambon. Tegese kanggo ngemutake anak yen urip kudu waspada saka goda kang werna-werna.

8. Bancakan, kayata sega gudhangan (urap-urap) sing didumake marang para tamu sing rawuh.

Tata carane upacara tedhak siten, yaiku:

Kang kapisan, bocah dituntun ibune mlaku maju lan ngidak jadah 7 werna kang kagawe saka ketan. Werna-wernane, yaiku abang, putih, ireng, kuning, biru, ungu, lan jambon. Jadah ditata saka warna sing padhang nganti warna sing peteng. Iku pralambang tumrap bocah kang bisa ngliwati tantangan ing uripe. Urip iku ora gampang nanging kabeh alangan sing dirasakake mengko mesthi bakal ana dalan kang padhang tumuju kamulyan lan kasantosan.

Kang kaping pindho, bocah dituntun munggah andha kang kagawe saka wit tebu "Arjuna" banjur mudhun maneh. Tebu saka ukara "antebing kalbu" tegese yaiku tekad ati kang mantep. Tebu "Arjuna" nglambangaken supaya bocah lelakone kaya Arjuna kang nduweni watak satriya lan nduweni tanggung jawab. Lelakone apik lan seneng tetulung, mbela kabeneran, lan bekti marang negara.

Kaping telu, yaiku bocah dituntun kanggo mlaku ing wedhi (pasi). Bocah iku nyeker-nyekerake sikile ing pasir, kang nduweni teges nggolek pangan. Karepe bocah bisaa nyukupi kaperluane dhewe menawa wis gedhe.

Kang kaping papat, bocah dilebokake menyang kurungan kang digawe apik lan dilambari klasa. Ing njerone ana maneka werna bandha-bandha, kaya pari sabengket, kapuk sabengket, piranti nulis, bokor kang diisi beras kuning, werna-werna jinis dhuwit, lan sa jinising mas-masan utawa rerenggan. Kurungan nglambangaken donya, dadi dikarepake bocah kuwi mlebu donya lan ing njero uripe bisa kacukupan awit saka pakaryane kang dipilih wiwit cilik.



Kang kaping lima, bapak lan simbahe bocah nyebar udhik-udhik utawa dhuwit logam dicampur kembang. Karepe supaya si bocah nalika diwasa bisa dadi bocah kang dermawan lan seneng tetulung. Amarga seneng menehi lan seneng tetulung, dheweke gampang nggolek rejeki.

Kang kaping enem, yaiku bocah wau diadusi nganggo banyu setaman kang wis dicampur kembang-kembang (melathi, mawar, kenanga, lan kanthil).

Kapitu, kang pungkasan urutane upacara, bocah didandani nganggo klambi resik lan apik. Karepe supaya si bocah nduweni dalan urip kang apik lan bisa agawe seneng kaluwargane. Karepe ing uripe, bocah iku bisa arum jenenge lan bisa ngarumake jeneng kaluwargane.

Dene ancase tedhak siten, atur puji sukur marang Gusti Kang Akarya Jagad lan bocah bisa urip mandiri. Lan bubar iku , para tamu bisa ndhahar panganan kang wis disuguhake.

(Kapetik kanthi owah-owahan saprelune:
http://jv.wikipedia.org/wiki/Tedhak_sit%C3%A8n
http://sihsusetyaningtyast.blogspot.com/2012/03/tedhak-siten.html)

1. Kang diarani upacara tedhak siten, yaiku ....
   a. cedhak lemah
   b. mudhun lemah
   c. sepasaran
   d. lair sepisanan
   e. upacara slametan

2. Kang dikarepake ing upacara tedhak siten, yaiku ....
   a. Kareben bocahe sehat
   b. Kasiapan bocah kanggo nglakokake kauripan kang bener ing mangsa ngarep.
   c. Cedhake manungsa karo bumi.
   d. Kanggo ngendhani kadadean sing ora becik.
   e. Atur puji sukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

3. Karepe bocah nyebar udhik-udhik utawa dhuwit, yaiku ....
   a. Bocah saged ngliwati tantangan ing uripipun.
   b. Supaya si bocah nduweni dalan urip kang apik lan bisa agawe seneng kaluwargane.
   c. Bocah kuwi mlebu donya lan ing njero uripe bisa kacukupan awit saka pakaryane kang wis dipilih wiwit cilik.
   d. Bocah iku nyeker-nyeker pasir kang nduweni teges nggolek pangan.
   e. Bocah nalika diwasa bisa dadi bocah kang dermawan lan seneng tetulung.

4. Piranti kanggo upacara adat tedhak siten yaiku....
   a. pengaron sing diisi kembang setaman
   b. kurungan
   c. klasa sing isih anyar, kanggo lemek ing njeroning kurungan
   d. udhik-udhik utawi dhuwit logam dicampur kembang
   e. andha pring "Arjuna"

5. Tujuan dianakake tedhak siten yaiku ....
   a. Bocah bisa ngliwati tantangan ing uripe.
   b. Supaya si bocah nduweni dalan urip kang apik lan bisa agawe senen kaluwargane.
   c. Bocah kuwi mlebu donya lan ing njero uripe bisa kacukupan awit saka pakaryane kang wis dipilih wiwit cilik.
   d. Bocah iku nyeker-nyeker pasir, kang nduweni teges nggolek pangan.
   e. Atur puji sukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi, dene wis menehi kekuwatan sarta keslametan nganti bisa ngidak bumi lan bisa urip mandhiri.

6. Ing ngisor iki tuladha upacara adat kang kedadean ing dhaerah-dhaerah, kejaba ....
   a. ruwatan
   b. mudhun lemah
   c. karnaval
   d. mantenan
   e. larung sesaji

7. Kang dikarepake cengkir gadhing digambari tokoh pewayangan ....
   a. Supaya bisa niru lan pinter nggambar wayang.
   b. Supaya si bocah mbesuk seneng marang wayang.
   c. Supaya si bocah ndalang wayang.
   d. Supaya si bocah yen lair lanang nduweni watak satriya yen wanita nduweni sifat kaya becik kaya tokoh gambar.
   e. Supaya si bocah bisa meranake tokoh satriya lan bisa meranake putri kang becik kaya ing gambar.

8. Upacara larung sesaji biyasane dilaksanake ....
   a. Wulan Januari
   b. Wulan April
   c. Wulan Besar
   d. Wulan Sura
   e. Wulan Desamber

9. Nyusun lapuran supaya bisa nyengsemake lan migunani ana tataran-tataran kang kudu dilakoni yaiku ....
   a. data acak
   b. ngarang lapuran bebas
   c. tuwuh pamikiran apa sing arep dilapurake
   d. ngurutake arsip
   e. milih nara sumber

10.



Gambar ing ndhuwur nuduhake kegiatan upacara adat dhaerah ....

a. Jember
b. Banyuwangi
c. Tulungagung
d. Pacitan
e. Tuban

II. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep!

1. Aranana loro wae upacara tradhisi ing wilayahmu!
2. Ing dhaerahmu saben wulan Sura ana kegiatan apa wae? Sebutna!
3. Apa maksude lan tujuane ditindakake upacara adat bersih desa?
4. Jelasna umbarampene wong slametan nyewu dinane wong tinggal donya!
5. Ing upacara temanten aranana kanthi urut kegiatan kang ana, banjur jlentrehna!

WULANGAN 3
NGGEGULANG WEDHARING BASA

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.3. Mengidentifikasi, memahami, menganalisis teks pewara atau pidato sesuai kaidah

- 3.3.1 Mengidentifikasi struktur teks pewara.
- 3.3.2 Menganalisis struktur teks pewara
- 3.3.3 Mengidentifikasi struktur teks pidato.
- 3.3.4 Menganalisis struktur teks pidato.
- 3.3.5 Menganalisis perbedaan unsur kebahasaan dalam teks pewara dan teks pidato.
- 3.3.6 Menjelaskan kriteria menjadi pewara yang baik.
- 3.3.7 Menjelaskan kriteria menjadi orator yang baik.

4.2 Menyajikan kegiatan sebagai pewara atau berpidato dengan menggunakan tata krama sesuai dengan konteks budaya.

- 4.3.1 Membuat kerangka teks pewara suatu kegiatan
- 4.3.2 Membuat kerangka teks pidato
- 4.3.3 Menulis teks pewara
- 4.3.4 Menulis teks pidato.
- 4.3.5 Praktik menjadi pewara.
- 4.3.6 Praktik menjadi orator

Pasinaon iki ngrembug babagan pranatacara lan pamedhar sabda (*pewara dan pidhato*). Ancase supaya para siswa bisa tambah kawruh ing babagan pewara lan pidato. Ing pangajab sarampunge pasinaon bisa gawe teks pewara lan pidato kanthi trampil lan ngecakake.

Mbabar Wawasan

Gatekna wacan ing ngisor iki!

Wacan 1.

PRANATACARA



Sumber :weddingbookindonesia.com

Tembung pranatacara iku asale saka tembung lingga tata lan acara. *Tata* tegese tatanan, dene *acara* ngemu teges pahargyan. Dadi tembung pranata cara mau ngemu teges wong sing kajibah nata lakune adicara. Pranatacara uga bisa karan pranata adicara, pranata titilaksana. Dene ing Basa Indonesia diarani *Pewara*, lan ing Basa Inggris diarani

Master of Ceremony (MC).

Ing jaman saiki akeh acara-acara kang mbutuhake pranatacara, kayata: adicara ijab, temu manten, sepasaran manten, tasyakuran, pengajian, wong kepaten, sunatan, rapat, lan liya-liyane. Iki nuduhake yen jejering pranatacara dibutuhake kanggo nata supaya sawijining acara bisa lancar. Bisa digambarake kaya apa dadine yen sawijining adicara ora ana sing nata, mesthi semrawut ora karuwan. Minangka wong kang kajibah nglantarake lakune adicara, jejibahane pranatacara ora sithik. Pranatacara kudu mangerti kanthi cetha lan gamblang babagan apa wae kang ana gegayutane karo adicara kang bakal dilantarake. Wiwit saka apa acarane, sapa pawongan kang melu nyengkuyung, kapan acarane, kepriye kahanane lan lakune adicara, lan liya-liyane. Kena diarani yen titilaksanane sawenehing adicara gumantung marang kawasisane pranatacara anggone nglantarake adicara mau.



Gb. Pranatacara
Sumber : basajawaonline.blogspot.com

Wacan 2.

BUNG KARNO ORATOR KANG GAMBEN

Insinyur Sukarno, ya Bung Karno, proklamator kamardikan Negara Kesatuan Republik Indonesia, pancen mujudake tokoh kang asmane wis kawentar ora mung ing negara Indonesia wae, nanging uga kondhang ing saindenging jagad. Manut crita sejarah, Bung Karno banget disuyudi dening para pemimpin negara-negara liya ing jaman semana. Panjenengane kondhang kaloka saka kewasisane lan perbawane nalikane pidhato, nganti digambarake sapa wae kang ngrungokake kaya kena daya

hipnotis. Mula ya ora nggumunake yen Bung Karno kalebu tokoh donya kang katulis ing buku "*Speeches that Changed The Word*" kang dijarwakake " *Pidhato-Pidhato yang Mengubah Dunia*".



Bung Karno amedhar Sabda
Sumber :basobasri.wordpress.com

Kewasisane Bung Karno pidhato sing kapisan, kang njalari dadi kawigatene masyarakat saindenging donya, yaiku nalika pidhato ing sangarepe "*Pengadilan Pemerintah Hindia Belanda*" kanthi irah-irah " *Indonesia Menggugat*". Pidhato kang isine "*pembelaan diri*" amarga Bung Karno ditangkep dening Bangsa Walanda mau kedadeyan ing Bandung nalika taun 1931. Wektu iku Bung Karno isih durung dadi presiden. Nalika pidhato panjenengane babar pisan ora duwe rasa wedi ngadhepi para "*penegak hukum*" sing kabeh wong Walanda mau. Malah Bung Karno kasil ngyakinake para hakim yen panjenengane ora salah, mula Bung Karno kasil bebas, luwar saka paukuman.

Sawise nyemak wacan loro ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa para siswa wis tau gawe teks pranatacara?
2. Apa para siswa wis tau dadi pranatacara?
3. Kepriye yen para siswa kudu dadi paranata cara ing kegiatan sekolah?
4. Apa para siswa wis tau gawe teks pidato?
5. Apa para siswa wis tau nindakake pidato?
6. Kepriye yen para siswa kudu nindakake pidato ing kegiatan sekolah?

Pasinaon 1 : Modhel Pinilih Teks Pranatacara lan Pamedhar Sabda

Sajrone pasinaon iki para siswa diajak ngidhentifikasi teks pranatacara lan teks pamedhar sabda. Kanthi nyemak teks lelorone mau para siswa diajab bakal mangerteni struktur teks lan unsur basa kekarone.

Garapan 1 : Ngidhentifikasi Struktur Teks Pranatacara

Semaken wacan teks pranata cara ing ngisor iki!

Assalamu'alaikum Wr. Wb. (1)

Nuwun, kawula nuwun. (2)

Para Alim Ulama, para Rama Kyai ingkang tansah dados panuntune kawula dasih ingkang dahat kinabekten. (3)

Para sesepuh, pinisepuh ingkang pana ing pamawas, lebda ing pitutur ingkang dahat kinabekten. (4)

Para pangemban pangembating praja ingkang minangka pandam pandoming kawula dasih ingkang dahat sinudarsana. (5)

Para rawuh kakung sumawana putri, wredha tuwin taruna ingkang satuhu dahat kinurmatan. (6)

Keparenga kula cumantaka ngadeg, sowan wonten ing ngarsa panjenengan sami, awit ngemban jejibahan dhawuh saking panjenenganipun Bapa Prasetya ingkang hamangku karsa. Kepareng kula jejer minangka panata adhicara wonten ing adhicara dhauping kang putra kinasih nun inggih kang asesilih sang kusumaning Ayu Dyah Puspita Harumingtyas ingkang arsa kadhaupaken kaliyan putra bagus kang asesilih Sang Kusumaning Bagus Arga Putra Dewa, putra saking panjenenganipun Bapa Puja Sentika, ingkang mijil saking tlatah Kartasura Hadiningrat. (7)

Para Rawuh kakung saha putri ingkang dahat kinurmatan, (8)

Sumangga adicara siyang punika kita bikak kanthi waosan basmallah sesarengan. Bismillah irohmanirohim. (9)

Tumapaking adicara salajengipun waosan Ayat suci Al Qur'an. Dhumateng ingkang kajibah, kula sumanggakaken. (10)

……. Waosan ayat suci Al Qur'an …….. (11)

Makaten ngumandhanging dhawuh-dhawuh luhung saking Gusti Ingkang Murbeng Dumadi ingkang kaserat wonten ing kitab suci Al Qur'an, mugi sageda anambahi iman

lan taqwa kita dhumateng Gusti Ingkang Maha Wikan. Salajengipun ngancik adicara madya, Atur pambagyaharja. Dhumateng Bapa Harja Waskito, ingkang minangka sesulih saking ingkang hamangku gati, sasana pangandikan kula aturaken. (12)

…… Atur Pambagyaharja …… (13)

Tatas titis mrantasi tan ana kang kacicir sadaya dhawuh pangandikanipun sulih pangandikan saking Bapa Prasetyo ngkang hamangku gati nun inggih Bapa Harja Waskito, kula namung saged ndherekaken sugeng lenggah malih kanthi suka mardikaning manah. Tumapak adicara salajengipun nun inggih Atur Pasrahe sang pinanganten kakung. Dhumateng Bapa Wisnu Tinulat, ingkang minangka sesulih saking kadang besan nun inggih Bapa Pujo Sentika sakulawangsa dalasan para pangombyonge pinanganten saking Tlatah Kartasura Hadiningrat, sasana pangandikan kula aturaken. (14)

…… Atur Pasrah……(15)

……Atur Panampi……(16)

……Adicara kirab Kanarendran lan lerem……(17)

……Adicara Kirab Kasatriyan……(18)

Paripurna kirabe sri penganten, keparenga kula ngaturi para-para ingkang mangke kula sebat asmanipun keparengan jumeneng jajar kaliyan sri penganten badhe kapundhut foto sesarengan Pinanganten kekalih. (19)

…… Adicara Foto……(20)

Sajak sampun dumugi purnaning adicara, kangge sangune lampah sri atmaja kekalih anggenira ambyur ing samudraning bebrayan, murih pikantuk berkah, rahmat saha hidayahipun Gusti Kang Murbeng Jagat, keparengan konjuk dhumateng Rama Kyai Muhammad Aziz, mangarsani panjurunging donga. Sasana pangandikan kula aturaken.

……Adicara donga…… (21)

Mugi kanthi panjurunge donga kalawau, sageda ugi sumrambah dumateng kita sedaya saengga tansah pinaringan pangayomaning Gusti Allah SWT, saengga saparipurnaning pahargyan punika mangke, kula dalah panjenengan sami tansah ginanjar wilujeng, bagaswaras boten kirang sawiji punapa. Amin. Lan sumangga adicara menika kita pungkasi sesarengan kanthi munjokaken raos puji syukur dhumateng ngarsaning Gusti Kang Murbeng Dumadi kanthi atur hamdallah sesarengan. Alhamdulillahirobil'alamin. Wasana saking kula minangka panatacara, menawi wonten

kirang trapsila, kirang nuju prana, kula tansah nyadong duka saha sih lumunturing samodra pangaksama. Wasana Wasallamu'alaikum wr. wb. Nuwun. (22)

Cathetan Wigati:

Yen njingglengi wacan ing dhuwur, para siswa bisa ngidhentifikasi perangane wacan. Bakune wacan kasebut mung nduweni struktur: 1) Pambuka, 2) Isi, lan 3) Panutup.

Kanggo sarana mangun teks pranatacara lan pidhato (pamedhar sabda) kudu mangerteni struktur teks kekarone mau. Kajaba iku, kang perlu digatekne yaiku babagan apa sing padha lan apa sing beda ing antarane lelorone mau. Ing dhuwur wis diterangake yen antarane teks pranatacara lan teks pidhato (pamedhar sabda) sing beda mung ing perangan struktur isi. Tegese ing struktur pambuka lan panutup bisa padha.

Murih gampange mangun teks pranatacara lan pidhato, semaken tuladha-tuladha teks pambuka lan panutup ing ngisor iki!

Tuladha teks pambuka:

1. Nuwun, Bapak Kepala Sekolah minangka pangarsaning pawiyatan SMA….. ingkang satuhu kinabekten, Bapak saha Ibu guru saha para karyawan SMA-….ingkang dahat kinabekten ugi, para tamu ingkang dahat kinurmatan, sarta para kadang siswa SMA… ingkang kula tresnani.
   Sumangga tansah kula dherekaken muji syukur ing ngarsaning Gusti, Pangeran Ingkang Maha Welas lan Asih ingkang sampun ngluberaken kanugrahan ingkang arupi kanikmatan ingkang tanpa pepindhan dhumateng kula dalah panjenengan sedaya, saengga taksih kepareng pinanggih wonten ing mriki kanthi kawontenan rahayu wilujeng kalis ing rubeda. Tan katalompen sholawat saha salam mugi konjuk ngarsa dalem Nabi Agung Muhammad SAW, ingkang sampun nuntun para umat wiwit jaman jahiliyah ngantos islamiyah, ingkang satuhu kita antu-antu safaatipun ing mbenjang dinten kiyamat
   Para tamu ingkang minulya, keparenga kula ingkang mundhi dhawuhipun Ketua panita, Bapak Suharmanto, kapasrahan minangka pranatacara wonten ing adicara perpisahan punika badhe ngaturaken menggah rantamaning titi laksana adicara pawiwahan ing wanci menika.
2. Nuwun, mugi kinalisna ing sarusiku, tinebihna ing tulak sarik bendu panyendhu anggen kula kumawani ngadeg ing ngarsa paduka para tamu ingkang minulya, sarta paripaksa nigas wacana munggel pangandikan para tamu ingkang nembe sekeca imbal wacana. Sedaya wau awit saking mradapa mundhi dhawuhipun Bapak-Ibu Suhardi kinen ngaturaken menggah rantamaning titi laksana adicara pawiwahan ing wanci menika.

Para pepundhen ingkang dahat pinundhi. Para pinisepuh, kasepuhan, miwah para sesepuh ingkang satuhu kinabekten. Para tamu wredha miwah taruna ingkang sutresna.

Sumangga tansah kula dherekaken tumungkul ing pepadaning Gusti ingkang Mahawelas lan asih ingkang sampun paring kanugrahan ingkang tanpa pepindhan nun inggih kebagaswarasan, satemah kula miwah panjenengan saged kempal manunggal ing sasana ngriki saperlu paring paseksen sarta hangestreni tumapaking gati adicara pawiwahan penganten sarimbit nun inggih Dyah Ayu Retnawati kaliyan Bagus Sulistya. Tan kantun, sholawat saha salam mugi katur konjuk dhumateng junjungan kita, titah linuwih Nabi Muhammad SAW, ingkang tansah kita ajeng-ajeng safaatipun ing yaumul kiyamah mangke.

3. Panjenenganipun ingkang kinabekten, para pinisepuh, saha para sesepuh ingkang tansah anggung mestuti dhumateng pepoyaning kautamen, ingkang dahat pinundhi. Langkung-langkung panjenenganipun Almukarrom Rama Kyai Haji Masduki, ingkang dahat kinurmatan. Panjenenganipun para 'Alim, para 'Ulama, para Kyai, lan para Ustadz ingkang tansah kaantu-antu berkah pandonga miwah pitutur luhuripun. Para pangreh pangemban pangembating praja minangka pangayomaning para kawula dasih ingkang satuhu pantes sinudarsana. Sumawana sanggyaning para rawuh, para pilenggah, kakung miwah putri, saha para sanak kadang wredha mudha, ingkang tansah winantu ing suka rahayu. Langkung-langkung panjenenganipun Bapak Wahyu Yuwono ingkang minangka duta sraya pasrah temanten kakung/putri dalah para kadang pangombyong temanten saking tlatah Sampung Kadipaten Ponorogo, ingkang pantes sinuba sagunging pakurmatan.

   Langkung rumiyin kula ngonjukaken raos syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT, karana sih wilasa miwah barokahipun ingkang sampun kaparingaken dhumateng panjenengan sedaya lan kula, saengga wonten wekdal menika kula panjenengan saged makempal wonten papan menika kanthi pinaringan kawilujengan tuwin karaharjan mboten manggih alangan setunggal menapa. Pramila saking menika kula ikroraken kanthi maos kalimah tahmid *'alhamdulillahirobbil'alamin*.'

   Shalawat lan salam mugi tansah lumintu dhumateng titah linangkung ingkang dados pepanutaning ummat sejagad, nenggih Sang Nabi Agung Muhammad SAW ingkang kula panjenengan antu-antu syafangatipun wonten yaumil qiyamah. Allahumma amin.

Tuladha teks panutup:

1. Para rawuh ingkang minulya, kados sampun jangkep tumapaking adicara. Pramila sampun dumugi purnaning titi laksana. Kula sakadang ingkang ndherekaken tumapaking adicara ngaturaken agunging panuwun dhumateng kawigatosan

panjenengan, bilih kula sampun pinitados ndherekaken lumampahing adicara pepisahan punika.

Kalamun anggen kula nindakaken wajib wonten tuna dungkaping atur miwah solah bawa, cicir cewet adamel kuciwa, keparenga panjenengan sedaya kersa paring pangaksama. Nuwun.

2. Purwa, madya, wus dumugi pungkasaning adicara. Kula minangka pranatacara ingkang ndherekaken adicara ndherek mangayubagya dhumateng risang penganten sarimbit, sageda nggayuh gesang ingkang atut runtut rerentengan ngantos kaken-kaken ninen-ninen kadya mimi hamintuna. Kula ugi ngaturaken panuwun rehning sampun pinitados ndherekaken gatining laksana pawiwahan sri pangaten. Kalamun wonten kalepatan, kirang pana ing pandhapuking basa, kirang wikan ing pangandikan, kirang runtut pangrakiting ukara, sayuk karya wulung wido mangsa rowang sayektine wit saking bodho kawula, pungkasaning atur sedhah siti boga kang binuntel roning kalapa apuranta yen wonten lepat kawula. Nuwun.
3. Puput pepuntoning adicara, wus dumugi paripurnaning gati. Kula sakadang ingkang ndherekaken gatining laksana, ndherek mangayubagya risang penganten mugi saged nggayuh gesang ingkang kebak ing kabagyan, ndhapuk kulawarga ingkang sakinah mawaddah warohmah. Bokmenawi anggen kula ngracik saha mranata laksitaning adicara wonten ingkang cicir cewet adamel kuwica, mugi bapak Suharmanto sakulawangsa miwah para tamu kersa ngluberaken sih samodraning aksama. Sugeng kondur, pungkasaning atur mangga samya hasesanti jaya-jaya wijayanti, nirbaya, nirwikara, nir ing sambekala. Nuwun.

Kepriye carane meruhi perangan pambuka, isi lan panutupe?

Kanggo nggoleki lan milah-milah perangan mau bisa kanthi cara luwih dhisik nggoleki gagasan ing saben pada. Dene kanggo nggoleki gagasan ing saben sapada, luwih dhisik digoleki isine saben ukara.

Tuladha:

Ukara nomer 1 lan 2	======➔	salam pambuka
Ukara nomer 3- 6	======➔	atur pakurmatan
Ukara nomer 7	======➔	panyapa
Ukara nomer 8- 9	======➔	pangajak miwiti adicara

pambuka

Jangkepana tabel ing ngisor iki!

Struktur Teks	Ukara Nomer	Bakune
Pambuka	....	....
Isi	....	....
Panutup	....	....

Garapan 2 : Nganalisis Struktur Teks Pranatacara

Semaken teks pamedharsabda ing ngisor iki!

Assalamu'alaikum Wr. Wb.
Nuwun dhumateng para bapak, ibu saha para kadang ingkang kula kurmati, keparenga kula ngaturaken kasugengan dhumateng Panjenengan sadaya. Sugeng dalu sugeng pepanggihan saha sugeng lelenggahan.

Mugi karahayon, katentreman, tuwin kebahagiaan tansah kasarira ing Panjenengan sami, awit saking sih, tuntunan, saha pangayomanipun Gusti ingkang maha mirah.

Puji syukur alhamdulillah sumangga kita aturaken dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang tansah paring kanugrahan dhumateng kita sadaya, saengga ing titi wanci punika kula lan Panjenengan saged jagong sapatemon ing dalemipun Bp. Surya Legawa kanthi mboten manggih rubeda punapa.

Bapak, ibu saha para kadang ingkang kula tresnani ing dalu punika Panjenenganipun Bp. Surya Legawa nimbali kula lan Panjenengan saperlu kersa ndherek ngestreni anggenipun Bp. Surya Legawa sagotrah syukuran dhumateng ngarsanipun Gusti awit putra pambayunipun anakmas Wisnu Mulya sampun winisuda dados sarjana sujana saking paiyatan luhur Unesa jurusan Pendidikan Basa Jawa.

Sumangga pepanggihan punika kita bikak kanthi maos basmallah sesarengan kula dherekaken.

Bapak, ibu saha para kadang ingkang tansah kula kurmati, tumapaking adi cara kaping kalih atur pambagya saking panjenenganipun Bp. Surya Legawa utawi ingkang kapiji anyenyulihi, kawula sumanggakaken!

Para lenggah ingkang tansah satuhu luhur ing budi, makaten kala wau atur pambagya harja ingkang sampun kaaturaken.

Ndungkap adicara candhakipun sesorah saking Bp. Haryosuman, minangka sesulihipun para kadang ingkang sampun kadhawuhan ngombyongi adicara punika. Dhumateng panjenenganipun Bp. Haryosuman kawula sumanggakaken!

Matur agunging panuwun kawula aturaken dhumateng panjenenganipun Bp. Haryosuman ingkang sampun paring dhawuh pangandikan dhumateng kita sami utaminipun kagem anakmas Wisnumulyo ingkang nembe winisuda dados sarjana sujana. Mugi saged amimbuhi greged anggenipun badhe anapaki gesang bebrayan.

Para lenggah ingkang tansah karoban sih kanugrahan, adicara candhakipun dhumateng Panjenengan sadaya keparenga jumeneng sawatawis jengkar tumuju sasana boga. Minangka wujuding raos syukur Bp. Surya Legawa sagotrah nyawisaken dhedhaharan, sumangga sesarengan kembul bujana, binarung lan ungelipun gendhing-gendhing langgam ingkang sampun karacik dening juru pranata pita swara. Dhumateng para kadang ingkang tinanggenah angayahi jejibahan kawula sumanggakaken. Dhumateng para tamu undangan sumangga samya angrahapi dhedaharan ingkang sampun kaaturaken.

Bapak, ibu, tuwin para kadang ingkang sinudarsana, sacekapipun adicara kembul bujana sampun purna, sumangga kita lajengaken tumapaking adicara candhakipun inggih punika donga pangiring. Dhumateng Panjenenganipun Bapa Ali Mursid keparenga nyarirani, sumangga!

Bapak, ibu, para kadang kakung miwah putri ingkang setya tuhu ngestreni pepanggihan punika, kanthi donga pangiring kala wau purwa, madya, lan wasananing adicara sampun kita tindakaken. Kula ingkang ndherekaken lampahing adicara ngaturaken agunging panuwun saha nyuwun pangapunten menawi anggen kula matur wonten bab-bab ingkang kirang mranani penggalih Panjenengan.

Sumangga pepanggihan punika kita purnani kanthi maos hamdallah sesarengan kula dherekaken.

Ing wasana ngaturaken sugeng dalu sugeng kondur wassalamualaikum wr.wb.

Nuwun

Jangkepana tabel ing ngisor iki!

Struktur Teks	Gagasan Baku	Ukarane
Pambuka	....	....
Isi	....	....
Panutup	....	....

Garapan 3 : Ngidhentifikasi Struktur Teks Pidhato

Semaken teks pidhato ing ngisor iki!

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Nuwun, kawula nuwun.

Para Alim Ulama, para Rama Kyai ingkang tansah kinabekten.

Para sesepuh, pinisepuh ingkang pana ing pamawas, lebda ing pitutur ingkang dahat kula bekteni.
Para satriyaning nagari. pangemban pangembating praja ingkang minangka pandam pandoming kawula dasih ingkang dahat sinudarsana.

Para rawuh kakung sumawana putri, wredha tuwin taruna ingkang satuhu dahat kinurmatan.

Langkung rumiyin sumangga kita ngunjukaken raos puji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Murbeng Dumadi ingkang sampun paring kanugrahan dhumateng kita sami, saengga kula lan panjenengan saged rawuh ing pahargyan punika.

Sholawat saha salam kita aturaken dhumateng junjungan kita nabi agung Mohammad SAW, mugi-mugi kita tampi safaatipun ing yaumul akhir.

Para rawuh ingkang karoban sihing Pangeran, keparenga kula cumanthaka ngadeg, sowan wonten ing ngarsa panjenengan sami, anggempil sih kamardikan panjenengan ingkang nembe sekeca wawan pangandikan. Kula minangka sesulihipun Bapa Prasetya kajibah matur wonten ngarsa panjenengan sami. Awit saking bombonging manah yen cinandra kadya karoban samodraning memanis, pramila mboten kuwawi matur piyambak.

Para rawuh ingkang kula kurmati, ing wekdal punika Bapa Prasetya nampi kanugrahaning Gusti Kang Murbeng Dumadi, keng putra kinasih kusumaning Ayu Dyah Puspita Harumingtyas sampun nambut silaningakrami kalawan Sang Kusumaning Bagus Arga Putra Dewa, putra panjenenganipun Bapa Puja Sentika, mijil saking tlatah Kartasura hadiningrat.

Ing kalodhangan punika kepareng kawula ngaturaken agunging panuwun dhumateng sih kadraman panjenengan sedaya ingkang sampun kersa rawuh saperlu paring pudya pangestu dhumateng dhaupipun pinangantyan.

Para rawuh kakung saha putri ingkang dahat kinurmatan,

Mugi sih kadarman panjenengan sedaya kaparingan lelintu ingkang satraju saking Gusti Allah SWT. Panjenenganipun Bapa Prasetya ugi nyuwun sih lumunturing pangaksama, bok bilih boten saget anampi rawuh panjenengan sedaya kanthi pakurmatan , palenggahan saha pasugatan ingkang ngresepaken.

Ing kalodhangan punika kula ugi ngaturaken agenging panuwun dhumateng para kadang tanggi tepalih, para mitra rowang, para mudha-mudhi, saha sintena kemawon ingkang sampun paring pambiyantu arupi donya brana, reka daya, iguh pretikel, lan punapa kemawon, saengga saged damel rancage adicara punika. Kula boten saget caos piwales punapa-napa, kajawi amung memuji mring ngarsaning Gusti, mugi sedaya pambiyantu panjenengan kacathet minangka amal kesaenan.

Para rawuh ingkang dahat sinudarsana.

Cekap samanten anggen kula matur, bok bilih wonten atur kula ingkang kirang nuju prana, wonten solah bawa ingkang kirang trapsila, kula tansah nyuwun cadhong duka lan pangapunten

Salajengipun kula namung nyuwun mugi panjenengan sedaya kersa angrantu ngantos saparipurnaning pahargyan punika.

Wasana, wasallamu'alaikum wr.wb.

Bausastra

cumanthaka	: lancang
hamangku karsa	: duwe gawe
sambekala	: bebaya
mijil	: metu/asal/saka
kelem ing samodraning memanis	: lagi nampa kabegjan/seneng banget
pangombyonge	: sing ngetutake

Kaya dene nyinaoni bab pranatacara, yen para siswa wis njingglengi teks pidhato ing dhuwur, strukture uga ana telu, yaiku: pambuka, isi, lan panutup.

Jangkepana tabel ngisor iki!

No.	Struktur	Bakune Gagasan	Ukarane
1	Pambuka	....	....
2	Isi	....	....
3	Panutup	....	....

Garapan 4: Nganalisis Struktur Teks Pidhato

Jingglengana sepisan maneh struktur teks pidhato ing garapan 3, sabanjure goleka tuladha teks pidhato liyane. Teks pidhato mau tintingana kanthi njangkepi tabel ing ngisor iki!

No.	Struktur	Bakune Gagasan	Ukarane
1	Pambuka	....	....

2	Isi	....	....
3	Panutup	....	....

Garapan 5: Nganalisis Bedane Unsur Basane Teks Pranatacara lan Pidhato

Yen kita jingglengi tuladha teks pranatacara lan pidhato ing garapan 2 lan 3, kita bakal nemokake bedane struktur bahasa kang digunakake.

No.	Pranatacara	Pidhato
1.	Basa dicocogake karo pamiarsane	Basa dicocogake karo pamiarsane
2.	Nggunakake ukara panyapa	Nggunakake ukara panyapa
3.	Bola-bali nggunakake ukara pakon jumbuh karo susunan acarane	Nggunakake ukara andharan, ngandharake sawijining bab manut prentahe pranatacara
4.	Bola-bali wicara, ing saben miwiti lan mungkasi sawijining acara manut susunan acarane	Kaping sepisan micara, cocog karo prentahe juru pranatacara

Kanggo gladhenmu babagan bedane teks pranatacara lan pidhato, jangkepana tabel ing ngisor iki!

No.	Pranatacara	Tuladhane Ukara
1.	Nggunakake ukara panyapa	....
2.	Bola-bali nggunakake ukara pakon jumbuh karo susunan acarane	....
3.	Bola-bali wicara, ing saben miwiti lan mungkasi acara manut susunan acarane	....

Garapan 6 : Nintingi Jejibahane Pranatacara

Kaya kang wis diterangake ing dhuwur, babagan jejibahane pranatacara lan juru pidhato iku bisa ditintingi saka struktur teks lan basa kang digunakake. Jejibahane pranatacara iku pancen abot lan akeh, kari ngenut lan manut kabutuhane adicara kang diayahi. Umpamane yen dadi pranatacara ing pahargyan temu manten, ayahane pranatacara tambah akeh amarga kajaba ngayahi jejibahan ngatur lakune adicara, uga kudu nyandra kirab, kapara malah sok kudu gelem aweh lelipur nembang lan sapanunggalane kang dirasa bisa gawe regenge swasana.

Yen dijingglengi tuladha teks pranatacara ing dhuwur, bisa dijupuk dudutan titikane dadi pranatacara, yaiku:

1. Nata urutane acara.
2. Ngatur lakune acara.
3. Miwiti acara.
4. Ngaturi/ prentah marang paraga liya cocog karo ayahane.
5. Nutup acara.
6. Tanggung jawab rendhet rancage acara.

Kepriye supaya bisa dadi juru pranatacara kang becik? Andharan ing ngisor minangka paugerane:

1. Olah swara

Kedaling lathi kudu digladhi murih bisa luwih cetha ing pangucap (lafal), luwih cetha metune swara, lirih utawa seru (vokal), lan luwih trep wirama wedharing ukara (intonasi), sarta mumpuni mapanake swara abot, entheng, endhek, lan dhuwur kang trep karo kahanan (modulasi), uga mathuk karo wiramane gendhing (tumrape pranatacara) yen pancen kairing gendhing. Kajaba iku, pangolahe swara mau kudu katon apa anane, ora katon yen digawe-gawe.

2. Olah busana

Ajining raga gumantung busana, bab panganggone busana iki uga kudu digladhi, tegese cara manganggo klambi kudu pantes lan jumbuh karo kepreluane.

3. Olah subasita lan solah bawa

Juru pranatacara kudu ngerti babagan pranatan solah bawa mungguhing bebrayan Jawa, saengga anggone tumindak ora nerak subasita utawa tata krama. Polatan lan tindak tanduk kang nyengsemake, sumanak nanging bisa njaga kawibawan.

4. Olah basa lan sastra

Juru pranata cara kudu sugih kaskaya basa, mumpuni lan ngerti unggah-ungguh basa sarta tansah nambah kawruh endahing basa lan sastra. Basa sing digunakake kudu manut tatanan paramasastra, pamilihe tembung kang rinonce dadi ukara kudu mentes lan trep, jumbuh karo acara lan kang mirengake.

5. **Olah kawruh linuwih**

Juru pranatacara kudu akeh kawruhe kanthi cara sregep maca, ndeleng, ngrungokake pawarta, sarta golek wewarah marang para winasis.

Kanggo gladhenmu, tindakna pakaryan iki:

a. Goleka teks utawa rekaman pranatacara.
b. Tintingana jejibahan apa kang kudu ditindakake dening juru pranatacara ing acara mau kanthi mangsuli tuladha pitakon-pitakon iki:
   (1) Apa acarane?
   (2) Kapan acara ditindakake?
   (3) Kepriye tata urutane acara?
   (4) Sapa kang kadhapuk ing acara mau?
   (5) Basa apa kang digunakake?
   (6) Sapa kang dadi tamune?
   (7) Kepriye kudune busanane si juru pranatacara?

Garapan 7 : Nintingi Jejibahane Juru Pidhato

Yen kita jingglengi teks pidhato ing garapan 3, utawa teks – teks pidhato liyane, kita bisa meruhi apa tugase juru pidato, yaiku: medharake pawarta marang pamiarsane. Kewasisane lan kaprigelan juru pidhato (pamedhar sabda) banget dibutuhake murih nalikane pidhato mau bisa oleh kawigaten kang tundhone apa kang dadi intine rembug mau bisa dimangerteni kanthi cetha trawaca. Dene bab isine pidhato bisa asipat:

a. Ngandharake (*naratif*).
b. Ngajak/ nyemangati (*persuasif*).
c. Menehi alasan-alasan kang kuwat marang sawijining bab kanggo ngyakinake(*argumentatif*).

	
Pidhato Tanpa Teks	**Pidhato Mawa Teks**

Kanggo gladhenmu, tindakna pakaryan iki:

a. Goleka teks utawa rekaman pidhato.
b. Tintingana jejibahan apa kang kudu ditindakake dening juru pidhato ing acara mau kanthi mangsuli tuladha pitakon-pitakon iki:
   (1) Apa acarane?
   (2) Apa isine teks pidhato mau?
   (3) Kapan acara ditindakake?
   (4) Basa apa kang digunakake?
   (5) Sapa kang dadi tamune utawa kang ngrungokake?
   (6) Kepriye kudune busanane si juru pidhato?

Pasinaon 2: Makarya Bebarengan Ngrakit Teks Pranatacara lan Teks Pidhato

Sarampunge nyinaoni bab struktur teks lan unsur basane teks pranatacara lan teks pidhato ing pasinaon siji, ing pasinaon iki para siswa kaajab bisa ngrakit teks pranatacara lan pidhato cocog karo kabutuhane. Sabanjure kanthi rasa seneng lan kebak kayakinan para siswa bisaa maragakake minangka juru pranatacara lan juru pidhato.

Garapan 1: Ngrakit CengkoronganTeks Pranatacara (*Pewara*)

Kaya tuladha kang wus kacetha ing pasinaon 1 garapan 1, mesthine para siswa wis mangerti bab pranatacara. Sadurunge ngrakit teks pranatacara kanthi jangkep luwih dhisik kita kudu nyawisake cengkorongane. Kanggo nyawisake cengkorongan kita kudu mangerteni:

1. Apa kegiatane?
2. Sapa kang duwe kegiatan?
3. Apa wae urutane acarane?
4. Sapa wae kang kadhapuk ing saben acara?
5. Ing ngendi kegiatan mau ditindakake?
6. Sapa wae tamu kang rawuh?

Adhedhasar cathetan ing dhuwur, para siswa bisa ngrakit cengkorongane teks pranatacara.

Kanggo gladhenmu, tindakna pakaryan iki!

Gawea cengkorongan teks pranatacara kanggo kegiyatan pentas seni ing sekolahmu, kanthi klompok! Carane bisa kanthi njangkepi tabel ing ngisor iki!

Teks Pranatacara Pentas Seni Ing Sekolah

Struktur Teks	Gagasan Baku	Ukarane
Pambuka	Salam Pambuka Atur pakurmatan Tetepungan Atur Puji syukur	....
Isi	1. 2. 3. 4. ... lst	....
Panutup	Atur panutup Salam Panutup	....

Garapan 2: Ngrakit Cengkorongan Teks Pidhato

Adhedhasar tuladha ing pasinaon siji garapan katelu, utawa adhedhasar kawruhmu bab teks pidhato, ing pasinaon iki para siswa kaajak ajar ngrakit cengkorongane teks pidhato. Bab iki perlu kacawisake sadurunge ngrakit teks pidhato kang komplit. Kepriye mungguh carane? Kita kudu mangerteni:

1. Apa kegiatane?
2. Apa tujuane kegiatan?
3. Sapa kang duwe kegiatan?
4. Apa dhapukane juru pidhato?
5. Ing ngendi kegiatan mau ditindakake?
6. Sapa wae tamu kang rawuh?

Murih rancag gladhenmu, jangkepana tabel ing ngisor iki karo kancamu saklompok!

Atur Pambagya Ketua Panitia.

Struktur Teks	Gagasan Baku	Ukarane

Pambuka	Salam Pambuka Atur pakurmatan Tetepungan Atur Puji syukur	....
Isi	1. 2. 3. ... lst	....
Panutup	Atur panutup Salam Panutup	....

Garapan 3: Ngrakit Teks Pranatacara (*Pewara*)

Teks pranatacara perlu kacawisake sadurunge juru pranatacara nindakake jejibahan ing sawijining kegiatan. Sarampunge nyawisake cengkorongan kaya kang kaandharake ing garapan siji, sabanjure cengkorongan kudu dikembangake dadi teks jangkep. Bab iki penting amarga teks jangkep bisa nuntun juru paranatacara saengga bisa nindakake jejibahan kanthi rancag.

Kepriye carane?

Yaiku kanthi ngrakit ukara-ukara kang wis katulis ing cengkorongan, kadhapuk dadi wujud paragrap-paragrap kang runtut lan jangkep.

Tindakna pakaryan iki:

1. Cengkorongan teks pranatacara ing gladhen garapan siji pasinaon iki rampungna supaya dadi teks pranatacara kang jangkep kanthi mandhiri!
2. Sarampunge ngrakit teks pranatacara jangkep, garapanmu bisa kapajang ing *mading* kelas, sekolah, utawa kaunggah ing internet!

Garapan 4: Ngrakit Teks Pidhato

Kaya dene juru pranatacara, juru pidhato uga kudu nyawisake teks pidhato kang jangkep, supaya anggone pidhato bisa tumata lan rancag. Mangkono uga carane ngrakit, padha. Sawuse ngrakit cengkorongan teks pidhato, bisa karampungake dadi teks pidhato utuh. Carane yaiku kanthi ngrakit ukara-ukara ing cengkorongan dadi satatane paragrap kang jangkep. Aja lali kesinambungane ukara siji lan sijine saben

saparagrap. Semono uga sumambunge paragrap siji lan sijine uga kudu diperdi supaya runtut lan jangkep.

Tindakna pakaryan iki:

a. Cengkorongan kang wis dadi ing gladhen garapan loro pasinaon iki rakiten dadi teks pidhato kang utuh kanthi mandhiri!
b. Sarampunge dadi rakitan teks pidhato jangkep, teks pidhato bisa kapajang ing *mading* kelas, sekolah, utawa kaunggah ing internet!

Pasinaon 3 : Makarya Kanthi Mandhiri

Sawise bocah-bocah nyinaoni bab pranatacara lan pidhato (pamedhar sabda) kanthi bebarengan, sabanjure bocah-bocah nindakake pakaryan kanthi mandhiri.

Garapan 1 : Nulis lan Maragakne Teks Pranatacara

Tindakna pakaryan iki:

(1) Gawea teks pranatacara gegayutan karo kegiatan kang ana sekolahan apadene kegiatan kang ana ing masyarakat sakiwatengenmu.
(2) Yen garapanmu wis rampung, sabanjure paragakna ana ngarep kelas!

Garapan 2 : Nanggapi Praktek Pranatacara

Nalika kancamu praktek pranatacara ing ngarep kelas, kanca liyane nyemak lan nulis tanggapan lan pambiji. Kanggo lelandhesan nulis tanggapan mau bisa ngganggo pedhoman kaya ing ngisor iki.

Jeneng : .....
No Absen : .....
Teks kang diparagakake : .....

Olah Swara	Olah Busana	Olah Solah Bawa	Olah Basa Lan Sastra	Olah Kawruh Linuwih
1. Lafal 2. Vokal 3. Intonasi 4. Artikulasi	1. Pantes orane 2. Rapi orane 3. Kombinasi rupa	1. Manteb (serius) 2. Polatan (ekspresi) 3. Solah Bawa (sopan santun)	Migunakake basa rinengga Kaya dene purwakanti, paribasan, basa kawi lsp.	Migunakake tetembungan kang ilmiah, kang ngrembug prakara ilmu, wewarah, piweling kang becik.

Garapan 3 : Praktik Juru Pidhato

Ing pasinaon 3 bocah-bocah wis gladhen nulis teks pranatacara apadene teks pidhato kanthi klompok. Kanggo nggladhi kawasisanmu, pakaryane bocah-bocah sabanjure kaya ing ngisor iki:

a. Sabubare bola-bali ajar maca teks pidhato kang wis karakit kanthi jangkep, gawea teks pidhato ngenani salah sijine kegiatan sekolah;
b. Paragakna teks pidhato mau! Olehmu maragakake kena ing sanjabane jam pelajaran, banjur rekamen ing video;
c. Setelen video pidhatomu ing kelas, banjur nyuwuna tanggapane kancamu;
d. Kumpulna asil rekaman tugasmu marang Bapak/Ibu Gurumu!

GLADHEN
WULANGAN 3

I. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi menehi tandha ping (x) ing wangsulan kang bener!

1. Kang ora kalebu dasanamane tembung Pranatacara yaiku ....
   a. panata adicara
   b. pambagyaharja
   c. panata acara
   d. panambiwara
   e. pewara

2. Jejibahane pranatacara iku kang paling abot yaiku nalika ....
   a. mbukak adicara
   b. nutup adicara
   c. nata lan nulis rantamane adicara
   d. nata lakune adicara
   e. nutup adicara

3. ”Para pepundhen para pinisepuh ingkang dahat kinabektern”. Ukara iki kalebu perangan ....
   a. salam pambuka
   b. atur pangayubagya
   c. atur pakurmatan
   d. atur puji syukur
   e. tetepungan

4. Bedane teks pranatacara karo pamedharsabda, bisa dititeni ing perangan ....
   a. pambuka
   b. rantaman adicara
   c. isi
   d. panutup
   e. papan lungguhe

5. Jinise teks pamedhar sabda iku akeh banget. Pamedhar sabda kang ngemu wigati nampa rawuhe tamu diarani ....
   a. atur pangayubagya
   b. atur panampi
   c. atur wilujeng
   d. atur pasrah
   e. atur pakurmatan.

6. ”Puput pepuntoning adicara, wus dumugi paripurnaning gati.”
   Ukara iki mathuke digunakake ing perangan ….
   a. pambuka
   b. atur pakurmatan
   c. isi
   d. rantaman adicara
   e. atur panutup

7. Kang wenang medharake atur pasrah penganten kakung ing adicara temu manten ….
   a. pranatacara
   b. sulih kang hamangku gati
   c. pamedhar sabda pambagya
   d. sulih kadang besan
   e. wakil tuan rumah

8. Salah sijine syarat dadi pranatacara kang gamben yaiku kudu gladhen olah swara ing antarane kudu wasis ing babagan wirama wedharing ukara. Wirama wedharing ukara iku padha karo….
   a. artikulasi
   b. intonasi
   c. lafal
   d. vokal
   e. wirama gendhing

9. Kang ora kalebu syarate dadi pranatacara kang gamben yaiku ....
   a. wasis ing olah basa lan sastra
   b. sugih ing kawruh
   c. besus ing busana
   d. tansah ngugemi subasita
   e. nuhoni trah utama

10. Panatacara lan pamedhar sabda dipunwastani renggeping wicara, menawi ….
    a. Wiwit saking pamilihing tembung saha dhapukaning ukara, runtuting pangandikan, panjang lan cekakipun wedharan tuwin isining wedharan, trep lan jumbuh kaliyan swasana.
    b. Wiwit saking pamilihing tembung saha dhapukaning ukara, runtuting pangandikan, panjang lan cekakipun wedharan tuwin isining wedharan, trep kaliyan kersanipun ingkang kagungan kersa.

c. Wiwit saking pamilihing tembung saha dhapukaning ukara, runtuting pangandikan, panjang lan cekakipun wedharan tuwin isining wedharan, jumbuh kaliyan isining wedharan.
d. Wiwit saking pamilihing tembung saha dhapukaning ukara, runtuting pangandikan, panjang lan cekakipun wedharan tuwin isining wedharan, trep lan jumbuh kaliyan reroncening adicara.
e. Wiwit saking pamilahipun tembung saka dhapukaning tembung, rututning pangandikan jumbuh kaliyan ingkang dipunwedharaken.

11. Panatacara lan pamedharsabda menika ing salebeting pasamuan dados punjering kawigatosan, kepara mujudaken pasugatan tumprap para tamu, pramila kedah ….
a. bagus utawi ayu ing rupa
b. gandhes luwes merak ati
c. ngudi murih kados artis ing panggung
d. ngudi murih saged renggeping wicara
e. ngudi murih saged ngemesaken

12. Wonten saweneh panatacara tuwin pamedhar sabda, ingkang wedharing pangandikanipun karaosaken tanpa jiwa tanpa raos. Pramila inggih lajeng ….
a. kapireng ampang tanpa bobot
b. boten angsal tanggapan
c. bayaranipun mirah
d. boten diremeni tiyang
e. boten saged wicanten

13. Bakuning ayahan panatacara, minangka sopir/ kusir ing pasamuan. Tegesipun ….
a. Wonten upacara menika kathah paraga ingkang hanyengkuyung minangka penumpang.
b. Upacara saged lumampah kanthi rancak menapa boten, komandhonipun wonten panatacara.
c. Wonten upacara menika panata cara angasta titihan ing pasamuan.
d. Wonten upacara menika, panatacara dados sopir/kusir kendharaan.
e. Kathah paraga ingkang hanyengkuyung panatacara dados sopir/kusir.

14. Kejawi unggah-ungguh basa, panatacara lan pamedharsabda ugi kedah nguwaosi kawruh bab sastra Jawi, kadosta ingkang gayutan kaliyan: purwakanthi, wangsalan, bebasan lsp. Murih ….
a. kathah engkang nanggap
b. tansaya kondhang
c. bayaranipun mindhak
d. kapireng mboten sekeca

e. saya endah edining basa

15. Menawi wekdalipun sampun kasep saking rantaman, panatacara utawi pamedharsabda tamtu badhe matur kanthi ….
    a. seru lan cetha
    b. ngambra-ambra
    c. ngelantur
    d. lumintu
    e. cekak aos

II. Wangsulana pitaken-pitaken wonten ngandhap menika!

1. Menapa mawon jejibahan ingkang kedah dipun ayahi dening panatacara?
2. Panatacara lan pamedharsabda kedah ngudi murih saged renggeping wicara. Menapa jalaranipun?
4. Menapa paedahipun remen maos buku-buku kapustakan tumrapipun panatacara lan pamedhar sabda?
5. Kados pundi patrapipun sarira tumrap panatacara lan pamedhar sabda nalika ngayahi jejibahan?
6. Panatacara lan pamedhar sabda kedah saged micara kanthi tata, tatas, tetes, lan titis. Jlentrehaken!

UJI KOMPETENSI
SEMESTER GASAL

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan kang paling bener!

1. Sing mbedakake geguritan lan tembang dijelasake kaya ing ngisor iki, yaiku... .
   a. Geguritan cacahe wanda lan cacahe gatra ana tata aturane.
   b. Geguritan iku olehe maca kudu ditembangake/dilagokake.
   c. Geguritan iku ora kaiket guru gatra, guru wilangan lan guru lagu.
   d. Tembang macapat iku ora nduweni guru gatra, guru wilangan, guru lagu.
   e. Tembang iku nggunakake purwakanthi guru swara ab / ab.

2. Kalebu ing struktur batin geguritan yaiku ... .
   a. tema lan amanat
   b. diksi lan tipografi
   c. enjambemen lan lelewaning basa
   d. purwakanthi lan wirasa
   e. panyitra lan diksi

3. *//singidan dhedhemitan/ samun kang dadi/ patuladhane kuthung//* tembung-tembung kang kalebu purwakanthi guru sastra yaiku ... .
   a. *singidan – samun – dadi – kuthung*
   b. *singidan – dhedhemitan – dadi – patuladhane*
   c. *singidan – kang – patuladhane – kuthung*
   d. *dhedhemitan – kang – dadi – kuthung*
   e. *dhedhemitan – samun – dadi - kuthung*

4. *//umpama Hongkong kuwi mung lor kali/ wis wingi-wingi/dakparani//*
   Purwakanthi kang digunakake yaiku purwakanthi guru ... .
   a. swara i
   b. sastra t
   c. basa/lumaksita *kali*
   d. swara um
   e. sastra g

   Kanggo nomer 5- 6, gatekna geguritan "Kangen" anggitane Edi Winarno iki!
   //aja nangis anakku/ ibumu isih lunga/ sedhela maneh teka/ ana nangis, anakku/ umpama Hongkong kuwi mung lor kali/ wis wingi-wingi/ dakparani //

5. Ing geguritan "Kangen", panggurit dadi ... .
   a. bapak
   b. ibu

c. anak
d. putu
e. tangga

6. Isi saka geguritan ”Kangen” yaiku ... .
   a. Wong tuwa iku mesthi nnduweni rasa kangen marang anak.
   b. Bapak kang nggoleki bojone nganti tekan lor kali.
   c. Susahe Bapak dening tangise anak, sebab kangen Ibune kang lagi nyambutgawe ing Hongkong.
   d. Ibu kang nggoleki anake tekan Hongkong sinambi nyambutgawe ing kana.
   e. Anak lagi kangen marang Bapak lan Ibune kang nyambutgawe ing lor kali.

7. Tujuan maca endah geguritan yaiku ... .
   a. nemokake struktur batin geguritan
   b. nemokake struktur batin geguritan
   c. supaya sing mirsani padha nggumun lan eram marang sing maca
   d. bisa menehi tandha andhegan, nata napas, lan pangucapan
   e. sing nyemak, mirsani dadi ngerti isi, piweling lan kaendahan geguritan

8. Maca endah geguritan iku kudu ... .
   a. banter swarane tanpaana sing bisa ngalahake
   b. cepet lan cetha supaya ora ngentekake wektu
   c. sopan, yen perlu disalini dadi basa krama dhisik
   d. diwaca lan diapalake geguritane, banjur ditembangake
   e. didhasarake wewatakan, tatakrama, sopan-santunlan njawani

9. Solah bawa, obah mosike sakujur awak nalika maca endah geguritan kudu bisa ... .
   a. komunikatif, ekspresif, lan konsentrasi
   b. modulasi, intonasi, artikulasi
   c. tempo, diksi, ambegan
   d. komunikatif, modulasi, artikulasi
   e. dinamika, tempo, njawani

10. Tuladhane enjambemen kaya ing ngisor iki, yaiku ... .
    a. *//Dhuh Gusti/ Paringana kulakesabaran/ kanggo nerusake panguripan//..*
    b. *//kapan nggonmu mulih/ aku ing kene ngenteni balimu //*
    c. *//aku ora weruh/ ndhik endi panggonanmu/ kaya apa kahananmu // ...*
    d. *//putih bening netes ning ndonya/ nggawe adhem ning sukma// ...*
    e. *//nanging cahyaning/ patuladhan iku kudu/ ngaton mangejawantah//*

11. Tuladha panganggone tandha andhegan kang artine swara munggah mendhuwur lan mandheg suwe yaiku ... .
    a. Saya abot √√/ daksimpen / dhewe __ _ ///
    b. Ndeleng √ // esemmu √√__ ///

c. Aku √ / ing kene √ / ngenteni ~~ // balimu ~ ///
d. Aku ~ / mung √ / eling √ / sliramu ~~ //
e. Saya abot √√/ daksimpen / dhewe __ _ ///

12. Kang diarani tedhak siten yaiku upacara ... .
a. cedhak lemah
b. mudhun lemah
c. sepasaran
d. lair sepisanan
e. upacara slametan

13. Tujuan dianakake upacara tedhak siten yaiku ... .
a. Bocah bisa ngliwati tantangan ing uripe.
b. Supaya si bocah nduweni dalan urip kang apik lan bisa gawe seneng kaluwargane.
c. Bocah kuwi mlebu donya lan ing njero uripe bisa kacukupan awit saka pakaryane kang wis dipilih wiwit cilik.
d. Bocah iku nyeker-nyeker pasir, kang nduweni teges nggolek pangan.
e. Atur puji sukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi, dene wis menehi kekwatan sarta keslametan nganti bisa ngidak bumi lan bisa urip mandiri.

14. Tujuane cengkir gadhing digambari tokoh pewayangan ing upacara tingkeban ....
a. Supaya bisa niru lan pinter nggambar wayang.
b. Supaya sibocah mbesuk seneng marang wayang.
c. Supaya sibocah ndalang wayang.
d. Supaya si bocah yen lair lanang nduweni watak satriya yen wanita nduweni sifat kaya becik kaya tokoh gambar.
e. Supaya si bocah bisa meranake tokoh satriya lan bisa meranake putri kang becik kaya ing gambar.

15. Upacara larung sesaji biyasane dilaksanake ... .
a. Wulan Januari
b. Wulan April
c. Wulan Besar
d. Wulan Sura
e. Wulan Desamber

16. Gatekna gambar iki!



Gambar ing dhuwur nuduhake kegiatan upacara adat dhaerah ... .

a. Jember
b. Banyuwangi
c. Tulungagung
d. Pacitan
e. Tuban

17. Kang ora kalebu dasanamane tembung pranatacara yaiku .....
    a. panata adicara
    b. pambagyaharja
    c. panata acara
    d. panambiwara
    e. pewara

18. Pewara jejibahane pranatacara iku kang paling abot yaiku nalika ....
    a. mbukak adicara
    b. nutup adicara
    c. nata lan nulis rantamane adicara
    d. nata lakune adicara
    e. nutup adicara

19. ”Para pepundhen para pinisepuh ingkang dahat kinabektern ". Ukara iki kalebu perangan ....
    a. salam pambuka
    b. atur pangayubagya
    c. atur pakurmatan
    d. atur puji syukur
    e. tetepungan

20. Bedane teks pranatacara karo pamedhar sabda, bisa dititeni ing perangan ....
    a. pambuka

b. rantaman adicara
c. isi
d. panutup
e. papan lungguhe

21. Jinise teks pamedhar sabda iku akeh banget. Pamedhar sabda kang ngemu wigati nampa rawuhe tamu diarani ....
a. atur pangayubagya
b. atur panampi
c. atur wilujeng
d. atur pasrah
e. atur pakurmatan

22. ”Puput pepuntoning adicara, wus dumugi paripurnaning gati.”
Ukara iki mathuke digunakake ing perangan ….
a. pambuka
b. atur pakurmatan
c. isi
d. rantaman adicara
e. atur panutup

23. Kang wenang medharake atur pasrah penganten kakung ing adicara manten ....
a. pranatacara
b. sulih kang hamangku gati
c. pamedhar sabda pambagya
d. sulih kadang besan
e. wakil tuan rumah

24. Salah sijine syarat dadi pranatacara kang gamben yaiku kudu gladhen olah swara ing antarane kudu wasis ing babagan wirama wedharing ukara. Wirama wedharing ukara iku padha karo….
a. artikulasi
b. intonasi
c. lafal
d. vokal
e. wirama gendhing

25. Kang ora kalebu syarate dadi pranatacara kang gamben yaiku ....
a. wasis ing olah basa lan sastra
b. sugih ing kawruh
c. besus ing busana

d. tansah ngugemi subasita
e. nuhoni trah utami

II. Wangsulana kanthi patitis!

1. Apa bedane geguritan lan tembang iku? Jlentrehna!
2. Kepriye carane supaya ngerteni isi lan piweling sajroning geguritan?
3. Terangna apa sing diarani ; dhiksi, tempo, dhinamika lan modhulasi ing teknik maca endah geguritan iku?
4. Sapada geguritan iki wenehana tandha andhegan manut interpretasimu!

   sapa ngira
   bocah sing lugu kae
   bisa nggambar langit
   bisa njaring angkasa
   sapa sing ngira

5. Aranana tuladhane upacara tradhisi ing dhaerahmu ?
6. Apa maksud lan tujuane dilaksanakake upacara adat bersih desa?
7. Aranane apa bedane teks panatacara lan pamedhar sabda!
8. Apa bae syarat-syarate dadi panatacara?
9. Jlentrehna perangane struktur teks panatacara!
10. Gawea teks panatacara adicara upacara tradhisional temantenan!

WULANGAN 4

TUNTUNAN JRONING TONTONAN

Kompetensi Dasar dan Indikator:

3.1 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks drama, prosa atau puisi sesuai kaidah .
- 3.1.2 Mengidentifikasi struktur teks drama.
- 3.1.3 Menganalisis struktur teks drama
- 3.1.3 Menganalisis unsur kebahasaan teks drama
- 3.1.4 Menganalisis pesan moral teks drama.
- 3.1.5 Menganalisis relevansi isi teks drama dengan kehidupan.

4.1 Menginterpretasi, menanggapi dan memperagakan teks drama, puisi, dan prosa sesuai isi dengan bahasa yang komunikatif.
- 4.1.1 Mengalihwacanakan (mengubah) teks prosa menjadi teks drama sesuai kaidah.
- 4.1.2 Mendeskripsikan struktur teks drama dalam rencana pementasan.
- 4.1.3 Mementaskan teks drama secara berkelompok.
- 4.1.4 Memberikan komentar penampilan teman dalam bermain drama.

Mbabar Wawasan

Pasinaon iki nyuguhake wacan kanthi tema "Tuntunan Jroning Tontonan" minangka sarana kanggo nyinaoni teks drama. Minangka salah sijine asil kasusastran, lumrahe kajaba kanggo lelipur teks drama uga mujudake srana kanggo tuntunan. Akeh bab wigati kang bisa kapethik saka teks drama. Diajab sarampunge nyinaoni teks drama, para siswa bisa trampil nyurasa, nyipta, maragakake apa dene nyaruwe pementasan drama. Kajaba nyurasa tumekane nyaruwe uga ana gladhen kang bisa digarap kanthi kelompok lan gladhen kang kudu digarap mandhiri. Sadurunge nyinau tuntunan jroning tontonan, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa para siswa tau ndeleng pamentasan drama Basa Jawa?
2. Yen tau ndeleng pementasan drama, lakone apa?
3. Ing kegiatan apa pamentasan drama sing kodeleng?
4. Sapa bae paraga ing drama sing kodeleng?
5. Critakna cekak aos bae isine drama sing kodeleng?

Pasinaon 1 : Modhel Teks Pinilih



Gambar:4.1 rumah sangkala.blospot.com



Gambar:4.2



Gambar: 4.3

Judul : Anak Kolong
Penulis : Mty Anggoro

Adegan 1 Wayah bedhug tengange , ana pemulung loro rumangsa bungah atine sinambi ngetung dhuwit mulih menyang gubuge.			
1	Ayu	:	Enak tenan….
2	Desi	:	Yen ben dina ngene iki wahhh.....jaaann…
3	Ayu	:	Edan tenan…

4	Desi	:	Lho, kok edan…?
5	Ayu	:	Ya, edan…mosok ben dina wong kon ngrongsok barange ? Ora mungkin ta ?
6	Desi	:	Ya mungkin wae ?
7	Ayu	:	Wis…wis…ngomong sing mungkin – mungkin wae !
8	Desi	:	Contone ?
9	Ayu	:	Mak…iki dhuwite , Maaak !
10	Ayu	:	Luwe, Mak ! (*arep mlebu gubug dicegat bocah njur ngrebut dhuwite*)
11	Desi	:	(*arep mlebu gubug*) mangaaaannnn …..(*ora sida*)
12	Bocah	:	Mandheg! Kene! Kene, endi asile!(*ngrebut dhuwite*)
13	Ayu+Desi	:	Aja-aja…! Penak tenan kowe!
14	Bocah	:	Kene! Oleh ra?
15	Ayu	:	Ora gelem kangelan kok gelem penake. Enak tenan!
16	Desi	:	Ora gelem ngalih iki tampanana! (*Muni ngono karo nendhang, sakala bocah lanang glangsaran, bocah loro nyekethem dhuwit kang bisa dislametake, banjur dilebokake celengan kaya biyasane*)
17	Koor	:	Matur nuwun Gusti…….(*padha nyekel wetenge banjur mbengok*)
18	Koor	:	Maaaak….luwe Maaak….mangaaaaaan….(*Bocah loro umek ana njero gubug, sedhela maneh banjur mangan telap-telep*)
Adegan 2 Ana pengamen loro katon seneng – seneng ngetung dhuwit oleh - olehane			
19	Eka	:	(*Nyanyi – nyanyi sinambi ngetung dhuwit*) Wadhuuuh…akeh banget !!!! Weh…weh…. bingung ngetung…
20	Pinah	:	Kene, taketunge ! (*karo ngrebut*) Dhasar ra tau mangan sekolah!
21	Eka		Nyooooh...., sing tau mangan sekolah !
22	Pinah	:	Sekolahe mbahmu apa ? (*lelorone ngguyu cekakakan*) Alhamdulillaaaah….rejeki nomplok ! Ngimpi apa sewengi ?
23	Eka	:	La wong ya tanggal nom?
24	Pinah	:	Ya, wong – wong rung patek butuh dhuwit !
25	Eka	:	(*sinambi ngetung*) Mak….dhuwite uuuuakeh, Maaak !
26	Pinah	:	Maaak…setor!! (*Nggoleki emak menyang mburi, weruh kancane mangan ana pojokan , banjur mbengok*) Mangaaannn!!
27	Eka	:	(*Ndeleng Pinah mlayu menyang gubug, Eka melu mlayu*) Serbuuuu!! (*ana gubug nesu – nesu amarga lawuhe kari thithik*)

Waspadakna gambar 4.1, 4.2, lan 4.3 sepisan maneh! Manawa dijingglengi cetha gambar ing dhuwur nuduhake anane pementasan drama. Kaya kang wis tau karembug ing wulangan kelas X, minangka teks crita naratif, teks lakon nduweni *struktur* utawa wangunan kang dumadi saka:

a) **jejer** (*orientasi*), yaiku perangan wiwitane crita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawit tumuju crita sabanjure,

b) **pasulayan** (*komplikasi*), yaiku dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para paraga, lan

c) **pangudhare prakara** (*resolusi*), yaiku pungkasan karampungane pasulayan utawa dredah. Yen teks lakon dipentasake kaya kang kacetha ing gambar ngarep, bakal kita temokake *struktur* drama kang luwih cetha. Karepe bisa dideleng saka polahe paraga, dirungokake saka pacelathone paraga, dirasakake saka kahanan kang dumadi, lan sapanunggalane. Murih gamblange para siswa becike ndeleng pamentasan sacara langsung utawa ndeleng video drama. Ewa dene ing wulangan iki bisa karembug sarana njingglengi gambar lan teks wacan kang sumadya.

Garapan 1: Nganalisis Struktur Teks Drama

Setitekna gambar lan pethikan teks drama kanthi irah-irahan ”Anak Kolong” kasebut, banjur jangkepana tabel ing ngisor iki!

No.	Paraga	Watak	Ukara kang nuduhake
1	.....	.....	.....
2	.....	.....	.....
3	.....	.....	.....

No.	*Setting*	Katrangan	Ukara kang mbuktekake
1	Wektu	.....	.....
2	Kahanan	.....	.....
3	Panggonan	.....	.....

No.	Properti	Katrangan
1	Piranti	.....
2	Busana/paes	.....
3	Panggung	.....

Garapan 2 : Nganalisis Unsur Basa Sajrone Teks Drama



Gambar: 4.4 –chic-id.com



Gambar: 4.5

Yen kita waspadakake gambar 4.4 lan 4.5, cetha beda patrap sarta kahanan paragane. Kanthi patrap lan kahanan kang beda, njalari bab kang karembug sarta carane rembugan uga beda. Bab iki cundhuk karo rasa pangrasane. Kaya kang wus tau karembug ing wulangan bab teks lakon ing kelas X, unsur basa sajrone teks drama pancen beda yen dibandhingake karo basa gancaran, amarga basa teks drama sipate lesan. Sabanjure tindakna pakaryan iki:

a. Adhedhasar gambar 4.4 lan 4.5, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!
   1. Manut panemumu apa kang dirembug paraga ing gambar 4.4?
   2. Manut panemumu kepriye kahanane paraga ing gambar 4.4?
   3. Manut panemumu apa kang lagi dirasakake dening paraga ing gambar 4.5?
   4. Senajan ijen, manut panemumu kira-kira apa kang dipikir dening paraga ing gambar 4.5?

5. Geneya wangsulanmu (nomer 4) mangkono?

b. Adhedhasar wangsulan-wangsulanmu, gawea pacelathon kang mathuk karo patrape paraga ing gambar 4.4 lan 4.5!

Garapan 3: Ndhudhah Nilai Moral ing Teks Drama

Wis kaandharake manawa temane wulangan iki tuntunan jroning tontonan. Drama minangka tontonan kang dipentasake kajaba bisa kanggo lelipur uga nduweni bab penting kang bisa dipethik. Sabisa-bisane nalika ndeleng pementasan drama kita uga bisa methik nilai moral lan amanate, saengga drama nduweni daya piguna tumrap urip bebrayan.

Nilai moral iku kaperang dadi patang jinis, yaiku moral marang Gusti Kang Maha Kuwasa, moral marang sapadha-padhane manungsa, moral marang dhiri pribadi, lan moral marang alam lingkungan.

Semaken teks drama ing ngisor iki!

Adegan 3 Pengamen Lan Pemulung Tukaran Rebutan Panganan.			
28	Pinah	:	(*ngroyok lawuhe kancane*) Peh, enak tenan….!
29	Eka	:	Enak tenan …! Enaaak, ….! (*Spontan Ayu lan Desi nesu - nesu*)
30	Ayu	:	He, aja lecetan ya !
31	Desi		Balekna ! Balekna!
32	Pinah	:	Balekna, balekna? Lha wong wis dileg kongkon mbalekne! Kon mutah, piye ?
33	Ayu		Awas, ya ! Awas, kowe ya…!
Adegan 4 Bocah Asongan Teka Nanging Ora Bisa Misah			
34	Ijah	:	Hoe…ngisin – ngisin! Gerang – gerang rebutan panganan! Ra isin ta dideleng wong akeh ? Kana ! Kana!
35	Eka	:	Kana – kana , piye?
36	Pinah	:	Ora ngerti prekarane kok kana – kana !?
37	Ijah	:	Ya wis...ta, mbok ya wis, yen wis dipangan ya wis!
38	Pinah	:	Bener ! Wis dipangan ki ya wis !
39	Pinah	:	Mosok dikongkon muntah ?
40	Ijah	:	Mbok ya aja kaya wong sing gak tau mangan !
Ijah Rumangsa Ra Bisa Misah Bocah – Bocah Kang Padha Tukaran, Banjur Klepat Metu			
41	Ijah	:	Walaaah…dipisah ra kena, dituturi ra nggugu, ya wis ! (*klepat banjur emak teka*)

Adegan 5 Emak Nuturi Bocah – Bocah Lan Nyaritakake Asal – Usule Biyen			
42	Emak	:	Ana apa ta? He, ana apa ? (*Kabeh ora nggubris malah tukaran meneh*)
43	Emak	:	Jah, kancane dha tukaran kok ra mbokpisah, piye ta Jah ?
44	Ijah	:	Percumah, Mak.!
45	Emak	:	He, ana apa ta? Ya wis, yen ra kena dituturi, dakminggat !
46	Koor	:	Maaaak ! (*kabeh nubruk emak*)
47	Emak	:	Ya, wis….(*emak njegreg*)
47	Emak	:	Ya wis, bocah – bocah…kowe aja sok aji mumpung ! Emak seneng ndeleng kowe sregep nyambut gawe, kaya – kaya sesuk ora bakal mati. Nanging, isih ana kewajiban utama kang isih kudu koktindakake .
48	Koor	:	Maaakk…(*kabeh ngrungket emake*)
49	Emak	:	Sejatine kowe kuwi anake sapa , ora penting. Sing penting tugasmu ndongakake, muga – muga wong tuwamu diparingi apura Gusti Allah, sih urip apa dene wis mati..
50	Koor	:	Maaak… (*kabeh rumangsa getun*)
51	Emak	:	Emak seneng ndeleng kowe kabeh sregep lan rukun. Ngetus kringet trutusan turut lurung. Amarga kringete dhewe mono luwih seger tinimbang nyecep kringete wong liya.
52	Koor	:	Maaakkk....(*Kabeh njaluk salaman karo emak*)
53	Emak	:	Sadhar yen duwe salah kuwi luwih penting tinimbang mung ngajak salaman wae !.
54	Koor	:	Maaak….sepurane ya maaakk.....
55	Emak	:	Ya wis, kae ….upa – upa sing kececeran kae jumputana, yen kokpangan kanthi rasa syukur bakal akeh mupangate. Kana...ora sah nangis terus....mesema...amarga mesem iku nuwuhake *kedamaian*, ngguyu bisa nuwuhake bahagia!

Sarampunge nyemak teks drama ing dhuwur, jangkepana tabel ing ngisor iki!

No.	Piwulang Moral	Kutipan Teks
1	Moral marang Gusti Kang Maha Kawasa	....
2	Moral marang sapadha-padhane	....

	manungsa	
3	Moral marang dhiri pribadi	....
4	Moral marang alam lingkungan	....

Garapan 4: Nganalisis Relevansine Teks Drama karo Jaman Saiki

Minangka asil kasusastran kang tuwuh lan ngrembaka ing alam bebrayan, teks drama kang dadi tontonan lan ngandhut tuntunan, mesthi wae bisa ngalami owah-owahan kahanane. Owah-owahan bisa magepokan karo isine crita, piranti kanggo mentasake, carane mentasake, lan sapanunggalane. Mligi bab isine crita, gandheng karo ngrembakane jaman mesthi ana crita kang isih cocog karo kahanan jaman saiki. Kosok baline uga ana crita kang wis ora cocog utawa ora lumrah kedadean ing jaman saiki. Kang mangkono bisa kita jlimeti teks drama kang dipentasake apa dene saka wacan kang kaandharake.

Tindakna pakaryan iki:
(1) Yen para siswa wis ngrampungake garapan 4, coba terangna bab-bab kang isih *relevan* ing crita mau karo jaman saiki!
(2) Semaken teks drama ing ngisor iki, banjur terangna perangan endi kang isih cocog karo kahanan jaman saiki lan endi kang ora cocog karo jaman saiki!

MINAK JINGGA LENA
Naskah Drama Tradisional
(Kaanggit Dening: Akhmad Winarto)



BABAK I

Paraga:
1) Ratu Kencana Wungu, 2) Patih Logender, 3) Minak Koncar, 4) Arya Dhaha, 5) Patih Angkat Buto, 6) Patih Renggut Muko.

Kawontenan:
Ing pasewakan agung Kraton Majapahit, Ratu Kencana Wungu ngrembag kahananing praja kaliyan Patih Logender lan Minak Koncar.

Antawacana:

Patih Logender : Kula, pun Patih Logender (*kanthi gela-gelo*) ngaturaken sembah pangabekti Kanjeng Ratu.

Ratu Kencana Wungu : Iya paman Patih Logender, daktampa sembah bakti sira, ora liwat pangestuku tampanana!

Patih Logender : Matur nuwun Kanjeng Ratu, Pangestu panjenengan kula pundhi, kula kancing ing gelung minangka jejimat anggen kula ngabekti ing Majapahit.

Sindhureja : Kula Sindhureja, mentri mamanca negara ing brang kilen, ngaturaken sembah pangabekti mugi konjuk Gusti Ratu Kencana Wungu.

Ratu Kencana Wungu : Dak tampa sembah bektinira, puja pangestuku tumanduk marang sira.

Minak Koncar : Semanten ugi, kula inggih ngaturaken sembah pangabekti Kanjeng Ratu Kencana Wungu.

Ratu Kencana Wungu : Dhawah sami-sami Paman Minak Koncar. Panjenengan minangka sesepuhing praja, kula suwun ampun kendhat paring pitedah lan panyaruwe dhumateng kula!

Minak Koncar : Pancen awrat jejibahan menika, ananging tetep badhe kula sandhang kanthi suka rena, jumbuh kaliyan kadiwasaning pikir lan kawasisan kula.

Ratu Kencana Wungu : Sabanjure...,kepriye kahanan para nayaka lan kawula ing Majapahit, Paman Patih?

Patih Logender : Para nayaka sami gumregut anggenipun makarya, mboten wonten ingkang nilaraken jejibahanipun. Kahananing para kawula wiwit kutharaja ngantos karang padesan, sedaya sami sarwi cekap mboten wonten ingkang nandhang kacingkrangan. Liripun, loh subur kang sarwa tinandur, jinawi murah kang sami tinumbas, Kanjeng Ratu.

Sindhureja : Menika leres Kanjeng Ratu. Rumiyin pancen wonten kraman ing tlatah Gelang-Gelang. Ananging samenika sampun

saged kula rampungi. Mila samenika ing brang kilen kahananipun ayem tentrem. MBoten wonten colong-jupuk, pek pinek barange liyan. Menika sedaya saged dumados, awit minangka songsong agung ing Majapahit, Panjenengan sampun njejegaken pusaraning adil, Kanjeng Ratu.

Ratu Kencana Wungu : Matur nuwun paman Patih lan Kakang Sindhureja. Lajeng kados pundi pamanggih Paman Minak Koncar?

Minak Koncar : Saderengipun kula matur, kula nyuwun gunging samodra pangaksami, mbok menawi atur kula mangke mboten dados renaning penggalih Panjenengan.

Ratu Kencana Wungu : Mboten dados menapa, sanadyan pait pindha butrawali dhawuh pangandika Panjenengan…tetep badhe kula dhahar. Awit, Panjenengan sampun kula anggep minangka tiyang sepuh kula piyambak.

Minak Koncar : *(atos-atos anggenipun ngendika).* Miturut pamawas kula, pancen leres ing Majapahit samenika nembe manggihi karaharjan. Ananging…?

Ratu Kencana Wungu : Ananging menapa paman? Panjenengan kula aturi blaka mawon! Bab menapa ingkang taksih kirang?

Minak Koncar : Majapahit samenika kados dene rembulan ingkang nembe ndadari, sunaripun padhang nukulaken raos ayem tentrem. Kahanan menika badhe tansaya ngrembaka sae, kalamun kawimbuhan wontenipun srengenge sumunar, ingkang saged nukulaken raos greget lan nyuburaken tetuwuhan.

Ratu Kencana Wungu : Kula ngertos ingkang Panjenengan kersakaken, ananging srengenge menika medal lan angslupipun mboten saged dipun age-age lan dipun penggak. Mbok menawi pancen dereng dhawah titi mangsanipun kula sinandhing priya ingkang saged dados srengenge ing Majapahit menika…paman.

Minak Koncar : Lajeng kados pundi kekancingan panjenengan, bab wontenipun nawala saking Minak Jingga ing Blambangan ingkang nagih janji Panjenengan.

Patih Logender : Nuwun sewu Kanjeng Ratu, kepareng kula sumela atur!

Ratu Kencana Wungu : Iya dak keparengake, enggala matur!

Patih Logender : (*sirahipun gela-gelo*, *solahipun nedahaken tiyang culika/ licik*). Menika ingkang dipun rembag bab srengenge ing Majapahit lho. Manawi Kanjeng Ratu menika kaparibasakaken rembulan purnamasidi, mila srengenge

ingkang nyandhing inggih kedah srengenge ingkang mboten kenging grahana.

Ratu Kencana Wungu : Nanging Minak Jingga iku wis menang sayembara. Panjenengan ingsun wis janji, "Sok sapa wae sing bisa numpes Kebo Marcuet sing mbalela, bakal daksuwitani minangka garwaningsun".

Patih Logender : Leres,leres, leres, panjenengan leres. Minak Jingga pancen sampun saged mupu sayembara. Ananging panjenengan ugi kedah ngertos, wujudipun Minak Jingga utawi Joko Umbaran samenika kados pundi? Mila kala wau kula umpamakaken kados srengenge ingkang kenging grahana, awit sasampunipun perang tandhing kaliyan Kebo Marcuet, raganipun Minak Jingga risak mboten kantenan. Wujudipun nggegirisi, ala tanpa rupa.

Minak Koncar : Sabda pandhita ratu iku ora bisa diselaki.

Patih Logender : Leres, leres,leres, panjenengan leres. Ananging, menawi sabda menika badhe nukulaken prahara, sabda menika inggih kedah dipunjugaraken. Kita kedah migunakaken kawicaksanan, awit kawicaksanan menika mapanipun sainggiling kaleresan. ***(****kendel sawatawis)* Panjenengan menapa mboten mesakaken Kanjeng Ratu Kencana Wungu? Menapa panjenengan mentala mirsani Kanjeng Ratu ingkang sulistya ing warna sesandhingan kaliyan wewujudan ingkang ala tanpa rupa? Kados pundi mangke ombyaking para kawula, menawi nyumerapi rajanipun ingkang nggegirisi, nggilani? Kados pundi mangke kuceming asma Praja Majapahit, kalamun kayoman srengenge ingkang nandhang grahana?

Ratu Kencana Wungu : Banjur kepriye panemumu Paman Patih?

Patih Logender : Menika gampil, panagihipun Minak Jingga dipun tampik mawon, Minangka gantosipun … Minak Jingga dipun paringi mas picis raja brana ingkang kathah. Bab srengenge ing Majapahit, Panjenengan mboten prelu was sumelang. Awit mboten tebih saking mriki, ing kepatihan wonten srengenge kembar ingkang siyaga pinilih nyandhing panjenengan lan madhangi Majapahit manawi panjenengan kersakaken.

Minak Koncar : (*kanthi mesem*) Sing kokkarepake srengenge kembar iku apa Layang Seta lan Layang Kumitir putramu dhewe?

Patih Logender : Leres…leres…leres, Panjenengan leres. Layang Seta lan Layang Kumitir pancen yoga kula piyambak. Ananging,

anggen kula nyadhongaken Layang Seta utawa Layang Kumitir minangka calon garwa Kanjeng Ratu Kencana Wungu, menika mboten kok lelandhesan awit kula tiyang sepuhipun Layang Seta utawi Layang Kumitir. Ananging, jalaran miturut paningal kula Inggih namung Layang Seta utawa Layang Kumitir ingkang pantes sesandhingan Kaliyan Ratu Kencana Wungu. Kanjeng Ratu sulistya ing warna prasasat Bethari Ratih, dene Seta utawi Kumitir prasasat Bethara Kamajaya mangejawantah.

Minak Koncar : Babagan rupa pancen ora nguciwani, nanging ing babagan kadiwasaning pikir, kaweruh, lan kaprigelan nata praja mbok menawa Layang Seta lan Layang Kumitir isih kurang.

Patih Logender : Leres, leres, leres, panjenengan leres. Ananging, kaweruh menika saged dipunundhakaken kanthi sinau. Benten kaliyan rupa, mboten saged dipunundhakaken malih.

(Patih Angkat Buto lan Patih Renggut Muko mlebet minangka utusan saking Blambangan, sasampunipun lenggah lan nyembah pakurmatan lajeng matur)

Patih Logender : Pawongan, kowe iki sapa? Jalaran aku lagi weruh iki.

Patih Angkat Buto : Nggih. Tepangaken, nami kula Angkat Buto.

Patih Renggut Muko : Nami kula Renggut Muko.

Patih Angkat Buto : Pangkat Patih saking Kadhipaten Blambangan.

Patih Logender : Ana wigati apa?

Patih Renggut Muko : Sowan kula badhe pinanggih kaliyan sesembahan ing Majapahit ingkang asmanipun Kanjeng Ratu Kencana Wungu.

Ratu Kencana Wungu : Oooo..... Angkat Buta lan Renggut Muko, patih saka Blambangan, ya aku iki pangayoman ing Majapahit kang aran Ratu Kencana Wungu.

Patih Angkat Buto : Ngaturaken sembah bekti.

Patih Renggut Muko : Kula ugi ngaturaken sembah bekti, Kanjeng.

Ratu Kencana Wungu : Ya, ya,ya dak tampa, ora liwat puja pangestuku tampa-nana. Banjur tumekamu ing kutha raja Majapahit nduweni karep apa?

Patih Angkat Buto : Tebih saking Blambangan, ngemban dhawuhipun Kanjeng Adhipati Minak Jingga kula dipunutus nyuwun pirsa utawi nyuwun wangsulan bab nawala panagih janji, ingkang kaaturaken dhumateng panjenengan rumiyin…Kanjeng Ratu.

Ratu Kencana Wungu : Iki kepriye Paman Minak Koncar lan Paman Patih?

Minak Koncar : Bab menika mangga kersa Panjenengan, awit ingkang badhe nglampahi inggih Panjenengan.

Patih Logender : Mumpung dereng klebus sedaya, kula aturi mentas mawon. Menawi kalajengaken ambyur, mangke Panjenengan ingkang sengsara salaminipun. Sampun ta…pasrah kula mawon! Kula, mangke ingkang nata!

Ratu Kencana Wungu : Yen ngono, purba wasesa dak pasrahake marang sira!

Patih Logender : Matur nuwun kapitadosanipun Kanjeng Ratu (*kalih nyembah*).

Sindhureja : Kula aturi atos-atos kakang Patih, Panjenengan sakmenika nyepeng purba wasesa… Panjenengan kedah saged migunakaken kanthi wicaksana!

Patih Logender : MBoten sisah was sumelang! Tumrapipun Patih logender, bab menika …emm prekawis alit! (*kalih mlengos*) He..Patih Angkat Buto lan Patih Renggut Muko! Sira wis krungu dhewe, yen perkara iki wis dadi tanggung jawabku. Mula gatekna andharanku iki!

Patih Renggut Muko : Inggih, badhe kula semak kanthi prematí.

Patih Logender : Ing sakawit, sejatine Kanjeng Ratu Kencana Wungu lan sagung nayaka praja wis sarujuk yen Ratu Kencana Wungu lan Adhipati Minak Jingga bakal jejodhoan. Ananging, miturut para aji sepuh kang sidik ing paningal lan pana ing pamawas, ”Jejodhoan ing antarane Ratu Kencana Wungu lan Adhipati Minak Jingga ora bisa dibacutake, jalaran miturut petungan Jawa neptune dina priyayi agung kekalih jebule ketemu selawe utawa kasebut ***geing,*** awit Kanjeng Ratu Kencana Wungu lahir dina Anggara Cemengan lan Adhipati Minak Jingga lahir dina Tumpak Jenar ”.

Patih Renggut Muko : Menawi pranyata kados mekaten, pancen mboten saged kalajengaken. Awit, yen kalajengaken mesthi nukulaken prahara ingkang ageng.

Patih Logender : Minangka patukon kanggo ngurangi rasa cuwa penggalihe Adhipati Minak Jingga sing wis kasil merjaya Kebo Marcuet, Kanjeng Ratu Kencana Wungu kersa paring bebana mas picis raja brana satimbang karo lelabuhane Adhipati Minak Jingga.

Patih Angkat Buto : Terang trawaca dhawuh pangandika panjenengan, bab menika badhe kula aturaken Adhipati Minak Jingga ing Blambangan.

Patih Renggut Muko : Sarehne sampun cekap anggen kula sowan, mila keparenga kula nyuwun pamit.

Ratu Kencana Wungu : Ya…dak keparengake. Sing ati-ati ya!

(Patih Angkat Buto lan Patih Renggut Muko nyembah atur pakurmatan lajeng medal)

Sindhureja : Ing batos, kula kokkraos mboten sekeca.

Minak Koncar : Dak kira perkara durung bakal rampung. Awit, saelingku Kanjeng Ratu Kencana Wungu iku miyos dina Wrespati Palguna dudu dina Anggara Cemengan. Kamangka, Adhipati Minak Jingga ing Blambangan iku kondhang minangka priyayi kang pinter, dadi ora gampang kokapusi kaya utusan saka Blambangan loro iki mau. Sing ati-ati lho Patih!

Patih Logender : Leres…leres…leres, Panjenengan leres. Ananging, tumpraping Patih Logender…Bab menika prekawis gampil. Panjenengan mboten sisah sumelang, sedaya mangke saged kula rampungi. Pancen Minak Jingga sugih kasekten, ananging niki mangke bakal kawon kalih rekadayane Patih Logender (*gela-gelo*) Hee..hee…hee...

Ratu Kencana Wungu : Ya wis, saiki dak ambali maneh. Kanggo ngrampungi prakara iki, purba wasesa dakpasrahake marang sira! Pasewakan kabubarake!

(Ratu Kencana Wungu jumeneng lajeng medal, Minak Koncar lan Patih Logender nyembah atur pakurmatan lajeng medal)

Bausastra	
pundhi	: dijunjung, dikurmati
kancing	: tali, pangiket
gelung	: kondhe
purba wasese	: panguwasa, wewenang, dikuwasani
jimat	: barang kang dianggep nduweni kakuwatan
mangejawantah	: lair, tumurun
merjaya	: mateni
kuceming	: isin, lingsem
mbalela	: mbantah, mbangkang, ngraman
rekadaya	: cara, upaya
nawala	: layang, surat

Wangsulana pitakon-pitakon iki kang gegayutan karo teks ing dhuwur!

1. Sapa asmane ratu kang murba wasesa kraton Majapait?
2. Sang ratu kagungan patih, sapa asmane?
3. Kepriye watake Patih Logender?
4. Sapa Minak Koncar kuwi?
5. Apa kang dikarepake ”surya sakembaran”?

6. Apa sebabe Adhipati Minak Jingga kirim utusan menyang Majapahit?
7. Sapa sing diutus Adhipati Minak Jingga?
8. Apa sebabe jejodhoan antara Ratu Kencana Wungu lan Adhipati Minak Jingga ora dibacutake?

Pasinaon 2: Makarya Bebarengan

Sawise nyurasa bab-bab kang gegayutan karo struktur teks lan unsur basa sajrone teks drama, ing pasinaon iki para siswa bakal kaajak makarya bebarengan. Ing pasinaon siji teks drama kang karembug wis kasedhiyakake, kepriye yen ing pasinaon iki para siswa kudu nyawisake teks drama? Kanthi sesurupan lan rasa pracaya marang kabisane dhewe kaajab para siswa bisa medharake rasa pangrasa lan pamikir wujud teks drama. Kepriye carane?

Garapan 1: Ngrakit Teks Drama

Teks drama mujudake salah sawijining rumpakan karya sastra kang lumrahe dipentasake. Teks drama bisa dikarang sapa wae adhedhasar pengalamane dhewe-dhewe.

Teknik ngrakit teks drama bisa katindakake kanthi cara:

1. Langsung, nemtokake tema, paraga, konflik, amanat, lan anta wacana.
2. *Transformasi*, ngowahi wujud karya gancaran menyang wujud pacelathon. Sing wigati nalika ngowahi gancaran menyang wujud teks drama, ora ngowahi tema, paraga, *setting* lan amanate. Dene alure bisa owah. Aja lali menehi kramagung.
3. Njarwakake (*terjemahan*) teks drama kang nggunakake basa saliyane basa Jawa dadi teks drama basa Jawa.

Tindakna pakaryan iki:

Cerkak ing ngisor iki wacanen kanthi patitis, sabanjure owahana dadi wujud teks drama kaya teknik kang wis kaandharake! Garapen pakaryan iki kanthi bebarengan sajroning klompok!

Pahlawan Lungsuran

Mty Anggoro

Crita iki kedadeyane wis suwe. Nanging babar pisan aku ora bisa nglalekake. Jane mono crita iki blas ora nyenengake. Ya merga ora nyenengake kuwi sing malah kaya mancep ing atiku. Yen bisa ngono pengin dakkipatake saka angen-angenku. Saben kelingan aku ya rada kudu ngguyu nanging uga nggawe anyele atiku.

Piye nggonku ora anyel? Anyel marang awakku dhewe. Dadi bocah kok katrok, ndhesit, kampungan lan ngisin-ngisini. Jane ngono aku ora kepengin kaya wong-wong

ngono kae. Bisa gaya, ora isinan, mejeng, ya pokoke gaul kaya umume. Nanging jebule tumindak ora kaya pangrasane dhewe kuwi tiwas bingung, bledru, ora genah lan ngisin-isini tenan. Akhire dadi wirang tenan kaya sing dakalami.

Critane ngono, dhek liburan semester siji, ngepasi wulan Januari alias taun baru, aku kepengin melu-melu dolan kancaku. Dhasare anake wong gak duwe, dolan menyang kutha Kediri kuwi kaya nglengkara bisane. Nanging aku ora kurang akal. Sadurunge liburan aku wis celeng-celeng dhuwit saka olehku ngrewangi tanggaku makani pitik ingon-ingone.

Sing jenenge SLG, kancaku kaya-kaya saben malem Minggu dolan mrana. Aku mung mbayangake kaya apa ta apike, ramene, sarta kahanane SLG kuwi. Saben-saben aku mung mbayangake. Sadurunge liburan aku wis semayan karo Parmin kancaku sing senasib. *Taun baru* mengko arep nekad lunga menyang Kediri nyatakake sing jenenge SLG. Mosok SLG sing jarene wis kondhang kaya Paris, aku sing bocah Kediri durung ngerti.

Esuk kuwi pas *taun baru* aku macak mlithit. Clanaku siji-sijine sing saksuwene iki dakeman-eman dakenggo. Clana kuwi olehku tuku dhewe nalika aku bar disunatake biyen. Jane ngono ya wis rada ngapret nanging piye maneh, wong duwene ya mung kuwi. Atiku jane rada mandheg mangu mengko lek clanaku suwek piye? Tapi daktekad, batinku ngene, "Alah polaha ya alon-alon wae mosok arep jebol ana dalan? Aku terus budhal ngampiri Parmin.



Aku karo Parmin numpak sepedhah menyang kutha kecamatan. Sepedhah daktitipake omahe dulure Parmin. Aku karo Parmin banjur mlaku kira-kira setengah kilo maneh nyegat bis. Nalika bis teka aku langsung munggah terus lungguh clenet jejer karo Parmin.

"Iki mengko ana SLG gak usah njajan lo Din," kandhane Parmin ngguya-ngguyu. "Ya mesthi ora njajan, dhuwite sapa arep nggo njajan?" wangsulanku ya karo kudu ngguyu.

”Wis, ta , pokoke dina iki awake dhewe bisa tekan Kediri wae wis sueneng, ya ta?” pitakone Parmin. ”Ya genah, la wong lek nginthi-nginthi ya wis suwe,” wangsulanku. ”Kowe wis sarapan ta?” Parmin takon meneh.

”Wis, sega wadhang,” wangsulanku lirih. Pokoke ana bis aku karo Parmin ngrasakake gayeng.

Mudhun bis saka terminal aku karo Parmin banjur ganti numpak kol jurusan Pare. Munggah kol lungguh clenet. Ing njero kol aku karo Parmin wis gak patek omong - omongan amarga ketenggengen ndelok saurute dalan terminal menyang SLG. Ing angen -angenku mung selak pengin weruh kaya ngapa SLG kuwi. Sedhela maneh kernet mbengok, ”SLG…. SLG…..”

”Kula SLG , Pak.” Aku karo Parmin muni ngono sakala karo ngadeg arep mudhun.

”Ya, kene alon-alon mudhune!” Jarene Pak Kernet.

Aku karo Parmin terus mencolot ” jlug-jlug” metu saka angkutan. Sapira kagete atiku bareng karo mudhun jlug krungu suwara ”bret” saka clanaku. Sakala aku mbengok, ”wadhuh!” Cangkemku langsung dakbungkem dhewe. Yen umpama aku bisa nyawang raiku, mesthi abang biru pucet. Kepriye nggonku ra pucet, aku lali yen clanaku rada ngapret. Saking bungahe atiku weruh blegere SLG mencolot saka angkutan, clanaku mestake bedhah. Pancen ora ana wong ngerti, nanging kancaku si Parmin gak mungkin dakapusi.

”Nyapa , Din?” pitakone rada gugup weruh aku isih mbungkem cangkemku.

Aku ora mangsuli mung tanganku nuding mengisor nggon slakanganku.

”Nyapa? Kudu nguyuh piye?” pitakone Parmin.

Aku mung gedheg-gedheg karo ngempet uisin. Parmin bingung weruh polahku.

” Nyapa , mabuk ta? Lek arep mutah, mutaha! Kene lo minggira!” muni ngono karo nggeret tanganku.

Digeret Parmin ngono aku mbegegeg ora mingset saka panggon. Parmin njur dakglandhang nganggo tanganku kiwa. Amarga tanganku tengen isih iwut nekem mestakku. Parmin dakbisiki, ” He, clanaku bedhah!”

”Ha?” Parmin kaget bar ngono malah ngguyu kepingkel-pingkel. Ora sranta jakete dicepot diubetake ing bangkekanku, banjur ana ngarep wetengku ditaleni. Parmin banjur kandha, ” Wis, sip ta?” muni ngono karo ngacungke jempol lan ngguya-ngguyu. Najan jaket lungsuran jebul malah bisa dadi pahlawan.

Aku pengin ngguyu kaya Parmin nanging rasa wirangku ora kena dakempet. Senajan pacakanku kaya gaya-gayaa, nanging ing atiku rasa uisin luwih ketara. Rasane kaya getun olehku duwe gantha ngluyur menyang SLG. Nanging wirangku wis rada ketambanan amarga aku isih tetep bisa ndeleng endahe Kediri najan mlakuku ora tatag rada kecincugan.

Garapan 2: Ngrancang lan Mentasake Teks Drama

Sarampunge klompok ngrakit teks drama ing garapan kapisan, teks drama kasebut bisa kapentasake. Supaya anggone mentasake teks drama ora nguciwani, sadurunge kudu andum gawe, yaiku:

a. Netepake sapa sutradarane.
b. Netepake sapa paraga-paragane kang cundhuk karo wewatekane.
c. Netepake sapa sing kajibah dadi juru riase.
d. Netepake piranti musik lan pangrawite.
e. Netepake *property* lan piranti kang salaras karo teks drama lan sapa sing kajibah nandangi.
f. Gladhen (maca, maragakake, *akting*, lan *bloking*)
g. Pementasan utawa pagelaran drama.

Tindakna pakaryan iki!

Paragakna ana ngarep kelas teks drama kang wis kotulis karo klompokmu!

Pasinaon 3: Makarya Kanthi Mandhiri

Ing pasinaon iki para siswa kaajab bisa makarya kanthi mandhiri, nyetitekake pementasan teks drama kang katindakake dening klompok.

Garapan 2 : Ngomentari Pementasan Teks Drama

Nalika salah sawijining klompok lagi oleh giliran mentasake teks drama, para siswa liyane kanthi tinarbuka lan jujur menehi pambiji, panemu, lan panyaruwe. Bab kang prelu oleh kawigaten, yaiku:

a. Swara
   Ing pementasan, paraga kudu bisa ngatur suara supaya antawacanane bisa kaprungu kanthi cetha dening pamiarsa (volume, intonasi).
b. Polatan
   Paraga kudu bisa mitontonake polatan (*ekspresi wajah*) sedhih, gething, srengen, seneng, wedi, bingung, sombong, ngantuk, lan utawa jumbuh karo panjaluke teks drama.
c. Polah Tingkah
   Sakabehe polah tingkah paraga lakon kudu mujudake obah mosik sing kaseja. Polah tingkah iku kudu laras, imbang, lan wajar kaya panjaluke naskah.

Kanggo sarana menehi pambiji, panemu, lan panyaruwe, para siswa bisa migunakake tabel ing ngisor iki:

No.	Paraga	Swara	Polatan	Tingkah Polah	Katrangan
1					

2					
3					
4					
5					

Garapan 2 : Nulis Teks Drama

Kanggo ngundhakake kawasisanmu bab pasinaon drama, bocah-bocah kudu terus nindakake gladhen nulis lan maragakake teks drama. Anggonmu nulis teks bisa saka crita cekak, bisa saka prastawa utawa kedadean kang dumadi ing masyarakat, lan liya-liyane. Mula saka iku, gawea teks drama paling sethithik sababak salaras karo paugeran.



I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Manungsa iku diajeni ing bebrayan, jalaran nduweni … sing becik.
   a. gelar
   b. drajat
   c. pangkat
   d. moral
   e. martabat

2. Saka kesenian, kita ora mung bisa seneng-seneng ngrasakake endahing asil karyaning para seniman, ananging kita uga bisa ….
   a. ngundhakake drajat lan pangkat
   b. ngundhakake gelar lan martabat
   c. ngundhakake gengsi lan prestisi
   d. ngundhakake pangkat lan jabatan
   e. ngundhakake ilmu lan kaweruh

3. Pagelaran lakon, bisa dadi salah sawijine sarana nggegulang *moral* sing cocok lan trep. Jalaran ….
   a. Tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon nduweni sifat *doktriner* kang meksa.
   b. Tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon ora nduweni sifat *doktriner* kang meksa.
   c. Kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* ora bisa rumesep lan kajiwaraga.
   d. Kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* nduweni sifat *doktriner* kang meksa.

e. Kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* bisa meksa rumesep lan kajiwa raga

4. Ing sajerone adicara penyuluhan utawa sosialisasi, biyasane panitia utawa penyaji materi nyuguhake drama cekak kang awujud lakon utawa sosiodrama. Ancase kanggo ….
   a. ngenteni adicara sabanjure
   b. ngenteni adicara inti
   c. menehi pakaryan paraga lakon
   d. minangka adicara inti
   e. narik kawigaten

5. Lakon kagelar kanthi wujud drama prasaja. Kaarani prasaja jalaran ….
   a. mung nduweni ancas kanggo sesuluh
   b. mung magepokan karo *fenomena sosial*
   c. tanpa rerenggan tata artistik
   d. tanpa ngetokake prabeya akeh
   e. isine ora goroh utawa mbujuk

6. Perangan wiwitane crita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawit tumuju crita sabanjure, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

7. Dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

8. Pungkasan karampungane pasulayan utawa dredah, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)

e. owahing crita (revolusi)

9. Bab pokok sing mbedakaken antarane teks lakon karo teks *prosa* 'gancaran' liyane yaiku anane … ing teks lakon.
   a. urutan crita
   b. tema
   c. wewarah
   d. antawacana
   e. irah-irahan

10. Ing tataran andum gawe, ayahan sepisanan sing kudu katindakake yaiku ….
   a. milih irah-irahan lakon
   b. netepake dhalang utawa sutradhara
   c. netepake jadwal gladhen
   d. netepake paraga
   e. netepake pananggap

11. Sadurunge lakon kagelar, skenario kudu didhudhah lan dibabar supaya ….
   a. Gambaran kasar ngenani swasana lakon sajerone naskah kasebut bisa kabayangake.
   b. Dhalang bisa milih lan ngatur samubarang wiwit sadurunge nganti sarampunge pagelaran.
   c. Dhalang bisa milih para paraga kacundhukake karo wewatake tokoh ing sajeroning teks.
   d. Dhalang bisa milih pirantining pagelaran (perabotan, busana, lan paes) sing kudu dicepakake.
   e. Dhalang bisa milih lan netepake irah-irahan lakon sing arep kagelar lan bisa andum gawe.

12. Pagelaran lakon bisa lumaku kanthi lancar lan apik, yen ….
   a. Sekabehe pawongan kasangkut ing pagelaran kanthi linambaran rasa seneng.
   b. Sekabehe pawongan melu ngatur pakaryan kanthi linambaran rasa seneng.
   c. Sekabehe pawongan makarya kanthi linambaran rasa seneng lan tanggung jawab.
   d. Sekabehe pawongan melu netepake pakaryan kanthi linambaran rasa seneng.
   e. Sekabehe pawongan melu milih pakaryan kanthi linambaran rasa seneng.

13. Sajerone pagelaran lakon, paraga kudu bisa ngatur swara, supaya….
   a. Antawacanane bisa kaprungu endhek-dhuwur dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung.

b. Antawacanane bisa kaprungu kanthi jelas dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung.
c. Paraga lakon bisa ngatur intensitas (kekuatan/seru-lirihe suara) ing sajerone gedhung utawa panggung.
d. Paraga lakon bisa ngatur intonasi (nada/endhek-dhuwure suara) ing sajerone gedhung utawa panggung.
e. Paraga lakon bisa ngatur artikulasi (kedal/obah lan menga-mingkeme tutuk) ing sajerone gedhung utawa panggung.

14. Cengkorongan (asring kasebut sinopsis) teks lakon, yaiku babon ringkes cerita lakon sing gunane kanggo ….
a. Nuntun panulis supaya bisa mahami urutane crita sing sawutuhe.
b. Nuntun panulis supaya asil ciptane bisa luwih apik lan temata urut-urutane.
c. Nuntun panulis supaya bisa maca cengkorongan kanthi gampang.
d. Nuntun dhalang supaya bisa mahami urutane crita sing sawutuhe.
e. Nuntun dhalang supaya bisa maca cengkorongan kanthi gampang.

15. Teks lakon katulis kanthi bleger kang dumadi saka….
a. bait, baris, paragraf, lan antawacana
b.paragraf,antawacana,swasana, lan pituduh laku
c. tokoh,bait, baris ,swasana, lan pituduh laku
d. tokoh,paragraf,swasana, lan pituduh laku
e. tokoh,antawacana,swasana, lan pituduh laku

II. Wangsulana pitakon-pitakon iki kanthi patitis!
1. Apa sing diarani drama?
2. Apa bedane drama tradhisional karo drama modheren?
3. Sebutna tuladhane jinis drama?
4. Apa bedane teks drama karo teks liyane?
5. Apa kang kudu digatekake nalika arep mentasake drama?

WULANGAN 5
KALOKANING TEMBANG MACAPAT

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.5 Mengidentifikasi, memahami, menganalisis nilai-nilai moral yang terkandung dalam tembang *macapat*
- 3.4.1 Menganalisis struktur tembang *macapat.*
- 3.4.2 Menganalisis unsur kebahasaan dalam *macapat.*
- 3.4.3 Menjelaskan kata-kata sulit dalam teks tembang *macapat.*
- 3.4.4 Menjelaskan pesan moral teks tembang *macapat.*

4.4 Menginterpretasi nilai-nilai moral yang terkandung dalam tembang *macapat.*
- 4.4.1 Menceritakan isi tembang *macapat*.
- 4.4.2 Mengarang tembang macapat berdasarkan kaidah.
- 4.4.3 Membaca titi laras tembang *macapat.*
- 4.4.4 Melagukan tembang *macapat* sesuai titi laras.

Pasinaon ing bab iki, gegayutan karo tembang macapat. Kanthi nyinau teks tembang macapat kaangkah para siswa bisa ngandelake sipat jujur, andhap asor, disiplin, lan tanggung jawab. Kaendahan tembang macapat minangka karya asli susastra Jawa kaajab bisa nuntun para siswa marang budi pekerti luhur kang migunani banget ing tata pasrawungan bebrayan lokal minangka bageyan saka bebrayan nasional lan global. Geneya kok mangkono? Semaken gambar lan tembang macapat ing ngisor iki!



Gambar: 5.1
Sumber: kadangtemanggung.com



gambar: 5.2
sumber: arsip.tembi.net

Semaken tembang macapat ing ngisor iki!

Luhuring kang kabudayan jawi,
Iku kang mangkono,
Migunani tumrap bebrayane,
Tata krama iku den nastiti,
Murih bisa becik,
Manggon uripipun.

Mbabar Wawasan

Kabudayan Jawa umure wis ewon taun. Salah sijine yaiku kesenian sing awujud tembang. Seni tembang ing kabudayan Jawa kasebut ngandhut unsur estetis, etis, lan historis. Unsur estetis utawa kaendahane seni tembang yaiku ***dulce et utile*** sing tegese nyenengake utawa migunani. Nilai rekreatif tembang bisa nyenengake pikiran sing lagi bingung dadi ayem tentrem. Nilai *utilitaris* tembang sing gandheng karo gunane tembang ana praktik ritual masyarakat Jawa. Umpamane, ajegan macapatan, panembrama, ura-ura, lan gegendhingan, nuduhake menawa seni tembang tansah diuri-uri murih lestari.

Nilai etis utawa kasusilan awujud tata krama, unggah-ungguh, budi pakerti, wejangan, wedharan, sopan-santun, pranatan, lan duga prayoga. Mula akeh banget kitab-kitab Jawa kang ngonceki babagan unsur etis mau. Umpamane *Serat Wulangreh, Serat Wedhatama, Serat Tripama*, lan liya-liyane.

Bab tembang macapat para siswa wis padha nyinaoni nalika ana kelas X. Sanajan mangkono, ing wulangan 5 kelas XI iki para siswa bakal sinau maneh bab tembang macapat. Tembang macapat mono mujudake karya sastra Jawa kang adiluhung. Lumantar piwulangan iki ing pangajab bisa nggugah para siswa supaya gelem melu nguri-uri, cancut taliwanda gumregah cawe-cawe nglestarekake, nyinau, lan nemokake pitutur luhur kang kinandhut sajroning tembang macapat.

Sadurunge dibacutake, wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa sing diarani tembang?
2. Apa wae jinise tembang?
3. Kabudayan Jawa iku maneka warna. Apa kang bisa kotindakake kanggo ngleluri sawernane kabudayan Jawa? Wenehana tuladhane!
4. Pitutur luhur apa sing kongerteni, lan apa maknane?

5. Aranana siji wae tembang macapat sing wis kongerteni, banjur terangna apa pitutur luhur kang ana tembang mau!

Pasinaon tembang macapat iki bakal kaperang dadi telung perangan, yaiku (1) Mbabar wawasan lan tuladhane tembang macapat, (2) Garapan kelompok nyinau tembang macapat, lan (3) Garapan mandhiri nyinau tembang macapat.

Lumantar telung perangan iku diajab para siswa bisa ngerteni paugerane tembang macapat, nerangake kawruh basa kang ana ing tembang macapat, negesi tembung ing tembang macapat, lan wataking tembang macapat. Sabanjure diajab para siswa uga nemokake pitutur luhur, ngripta, mbiwarakake, lan nembangake tembang macapat. Kanthi *pembelajaran saintifik* lan *penilaian autentik,* diajab para siswa bakal bisa nggayuh ancasing pasinaon bab tembang macapat.

Pasinaon 1: Modhel Teks Tembang Macapat Pinilih

Kanthi sinau bab tembang macapat, kaajab para siswa bisa ningkatake rasa syukure marang Gusti Kang Maha Kuwasa dene wis kaparingan sastra awujud tembang macapat kang kebak pitutur luhur. Lelandhesan sipat jujur, tresna budaya, dhisiplin, lan tanggung jawab para siswa diajab bisa nemokake strukture tembang macapat saunsur basane. Kajaba iku kaajab para siswa uga bisa ndudut pitutur luhur ing sajronng tembang lan ngecakake ing pasrawungan. Para siswa uga diangkah bisa ngripta tembang macapat, nerangake kaendahan basa sajroning tembang macapat, ngandharake surasane tembang karyane, uga nembangake kanthi titilaras lan trapsila.

Tembang utawa sekar yaiku rumpakan basa kanthi paugeran tartamtu kang pangucape kudu nggunakake kagunan swara. Mulane ing tembang macapat ana perangan rasaning swara (titilaras) lan rasaning basa (sastra). Ing rasaning swara dikenal anane titilaras slendro lan titilaras pelog. Titilaras slendro iku ana telung pathet, yaiku slendro pathet nem, slendro pathet sanga, lan slendro pathet manyura. Titilaras pelog uga ana telung pathet, yaiku pelog pathet nem, pelog pathet lima, lan pelog pathet barang.

Ing tembang iku rasaning swara winengku ing rasaning basa, tegese nalika nembang kudu ngutamakake basa utawa sastrane. Mula banjur ana pedhotan kendho lan pedhotan kenceng. Pedhotan kendho iku pedhotan kang manggon ing wekasaning tembung lan ora medhot wandaning tembung, dene pedhotan kenceng iku pedhotan kang ora manggon ing wekasaning tembung.

Rasaning basa tuwuh saka pilihan tembung kang digunakake kanggo ngrakit utawa nulis rumpakan sing mangun tembang macapat. Pilihan tembung – tembung ing rumpakan sing mangun tembang mau saben jinis tembang macapat mawa paugeran mligi. Paugeran mligi iku sing diarani **struktur teks tembang macapat.**

Struktur teks tembang macapat yen mung sapada mau wujude guru gatra, guru wilangan lan guru lagu. Manawa karakit dadi serat tembang macapat mau bisa kapilah – pilah rupa pupuh. Saben saserat lumrahe dumadi saka pirang-pirang pupuh. Saben pupuh mau dumadi saka pirang-pirang pada. Ing saben pada bisa ditemokake guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu/swara. Arane saben pupuh mau bisa dideleng saka sasmitaning tembang lan paugerane tembang macapat.

Jinise tembang macapat ana sewelas. Saben jinis tembang macapat saliyane nduweni struktur teks mligi uga ngandhut filsafat. Paugeran lan filsafat kang kinandhut ing tembang macapat bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki:

1. Maskumambang

Guru gatrane : 4 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 12i, 6a, 8i, 8a.

Tuladhane tembang Maskumambang:

Kelek-kelek biyung sira aneng ngendi (12i)
Enggal tulungana (6a)
Awakku kecemplung warih (8i)
Gulagapen wus meh pejah (8a)

Maskumambang nggambarake nalika manungsa isih ana ing alam ruh lan durung lair. Sabanjure ruh iku dititisake ana ing guwa garbane ibu. Kumambang tegese kemampul, *terapung-apung*. Nggambarake kahanane si jabang bayi nalika ana ing njero guwa garba. Wataking tembang iki umume kaya wong kang lagi sambat kelara-lara, ketula-tula, lan sengsara.

2. Mijil

Guru gatrane : 6 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u .

Tuladhane tembang Mijil:

Mijil ing dunya siniwi ratri (10i)
Kabeh durung katon (6o)
Amung anjali soca ing tembe (10e)
Lelaku alon siniji-siji (10i)
Nunggu mring wartaning (6i)
Sesotya satuhu (6u)

Mijil kuwi tegese lair. Tembang Mijil nggambarake laire si jabang bayi. Tembang iki nduweni watak gandrung utawa prihatin, kanthi sasmita: wijil, mijil, wiyos, utawa rarasati.

3. Sinom

Guru gatrane : 9 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a.

Tuladhane tembang Sinom:

Nuladha laku utama (8a)
Tumrape wong tanah jawi (8i)
Wong agung ing ngeksiganda (8a)
Panembahan senopati (7i)
Kepati amarsudi (7i)
Sudane hawa lan nepsu (8u)
Pinesu tapa brata (7a)
Tanapi ing siyang ratri (8i)
Amemangun karyanak tyasing sesama (12a)

Sinom nggambarake kahanane manungsa nalika isih enom. Sinom tegese anom, enom, utawa timur. Nalika isih enom, manungsa utawa bocah kudu golek elmu utawa ngangsu kawruh saakeh-akehe kanggo sanguning urip ing tembe mburine. Tembang iki nduweni watak wantah, dene sasmitane ing antarane: anom, taruna, srinata, ron kamal, pengrawit, lan logondhang.

4. Kinanthi

Guru gatrane : 6 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i.

Tuladhane tembang Kinanthi:

Padha gulangen ing kalbu (8u)
Ing sasmita amrih lantip (8i)
Aja pijer mangan nendra (8a)
Kaprawiran den kaesthi (8i)
Pasunen sarira nira (8a)
Sudanen dhahar lan goling (8i)

Kinanthi iku salah sijine tembang macapat kang umume kanggo nggabarake rasa seneng, katresnan, lan kewicaksanan. Kinanthi nggambarake bocah sing dituntun supaya slamet uripe. Tuntunan utawa dalane kudu sing bener supaya cita-cita utawa pangarep-arepe bisa kawujud lan kaleksanan. Tembang iki nduweni watak asih lan asuh. Sasmitane yaiku: kinanthi, kanthi, utawa sinartan.

5. Asmarandana

Guru gatrane : 7 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 8i, 8a, 8o, 8a, 7a, 8u, 8a.

Tuladhane tembang Asmarandana:

Duh grawaku banowati (8i)
Sira kariya raharja (8a)
Ingsun anemahi layon (8o)
Mring becik pamomong ira (8a)
Mring para putra nira (7a)
Dhuh nyawa atmaja ingsun (8u)
Dadya kariya raharja (8a)

Tembang Asmarandana umume kanggo wong sing lagi gandrung. Yen dideleng wantah, Asmarandana dijupuk saka tembung asmara kang tegese seneng utawa tresna, lan dahana kang tegese geni. Mula saka kuwi, Asmarandana isine wuyung lan samubarang kang magepokan karo tresna. Rasa seneng utawa tresna iku paringane Gusti Kang Maha Kuwasa marang sakabehing manungsa. Rasa seneng utawa tresna iku kudu dijaga supaya ora ndadekake utawa nuwuhake bebaya tumrape manungsa. Tembang Asmarandana iku nduweni watak luwes lan manis. Sasmitane: kasmaran, asmara, brangti, kingkin, utawa dana.

6. Gambuh

Guru gatrane : 5 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 7u, 10u, 8u, 8u, 8o.

Tuladhane tembang Gambuh:

Sekar gambuh ping catur (7u)
Kang cinatur polah kang kalantur (10u)
Tanpa tutur katula-tula katali (12i)
Kadaluwarsa kapatuh (8u)
Katutuh pan dadi awon (8o)

Gambuh tegese jumbuh, sarujuk, utawa sawiji, yaiku gegambarane wong kang ngancik alam kulawarga. Mula sawise padha jumbuh, sarujuk, utawa cocog, banjur mbangun kulawarga adhedhasar rasa tresna. Tembang iki watake rada sereng. Sasmitane: gambuh, tambuh, anut, wimbuh.
Tembang gambuh pancen kebak ing pitutur. Pitutur kang nggiring manungsa supaya eling marang tumindak-tumindake. Manungsa dielingake menawa kabeh tingkah polahe manungsa iku ana akibate. Adigang, adigung, adiguna, bakal nyilakakake uripe manungsa sing duwe patrap kaya mangkono iku.

7. Dhandhanggula

Guru gatrane : 10 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a.

Tuladhane tembang Dhandhanggula:

Ana kidung rumeksa ing wengi (10i)
Teguh hayu luputa ing lara (10a)
Luputa bilahi kabeh (8e)
Jim setan datan purun (7u)
Paneluhan tan ana wani (9i)
Miwah panggawe ala (7a)
Gunaning wong luput (6u)
Geni atemahan tirta (8a)
Maling adoh tan ana ngarah ing mami (12i)
Guna duduk pan sirna (7a)

Dhandhanggula nggambarake kahanan uripe manungsa kang nyenengake, mapan, mulya, cukup sandhang, pangan, lan papan. Dhandhanggula isine kebak pengarep-arep utawa pangajap kang becik, kebak memanis amarga apa kang digegadhang bisa kasembadan. Akeh pitutur sajroning tembang iki kaya tembang kang rinipta dening Sunan Kali Jaga ing ndhuwur mau. Watake luwes. Sasmitane: tembung sarkara, manis, madu, dhandhang.

8. Durma

Guru gatrane : 7 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i.

Tuladhane tembang Durma:

Dipun sami ambanting sarira nira (12a)
Cegah dhahar lan guling (7i)
darapon sudaa (6a)
Nepsu kang ngambra-ambra (7a)
Lerema ing tyas sireki (8i)
Dadi sabarang (5a)
Karsa nira lestari (7i)

Durma kuwi nggambarake kahanane manungsa kang wis seneng, sarwa kecukupan utawa wis mapan. Sawise mapan aja lali padha nindakake *darma*. Durma asale saka tembung darma, sedhekah utawa derma, tetulung marang sapadhane. Tembang iki ngelingake menawa manungsa iku ora bisa urip dhewe, tansah mbutuhake liyan. Mula manungsa kudu bisa urip rukun, tetulung sapadhane, lan nandur kabecikan saakeh-akehe. Tembang iki nduweni watak seru lan sereng banget. Sasmitane: durma utawa mundur.

9. Pangkur

Guru gatrane : 7 gatra

Guru wilangan lan guru lagune : 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i.

Tuladhane tembang Pangkur:

Jinejer ing wedhatama (8a)
Mrih tan kemba kembenganing pambudi (11i)
Mangka nadyan tuwa pikun (8u)
Yen tan mikani rasa (7a)
Yekti sepi sepa lir sepah asamun (12u)
Semasane pasamuwan (8a)
Gonyak-ganyuk nglelingsemi (8i)

Pangkur asale saka tembung mungkur utawa mundur. Tegese, manungsa kudu bisa mungkurake kabeh hawa nepsune. Uripe manungsa iku ora selawase, mula kudu tansah eling lan waspada. Seneng darma lan ngedohi/ngungkuri angkara. Tembang iki watake sereng. Sasmitane: pungkur, kur, kepungkur.

10. Megatruh

Guru gatrane : 5 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 12u, 8i, 8u, 8i, 8o.

Tuladhane tembang Megatruh:

Sigra milir sang gethek sinangga bajul (12u)
Kawan dasa kang njageni (8i)
Ing ngarsa miwah ing pungkur (8u)
Tanapi ing kanan kering (8i)
Sang gethek lampahnya alon (8o)

Megatruh asale saka tembung pegat sing tegese pisah lan ruh sing tegese nyawa utawa roh. Tembang iki nggambarake manungsa kang lagi sakaratul maut. Pisah antarane nyawa karo raga. Diwiwiti nalika ana guwa garbane ibu, lair, diwasa, urip mulya, lan ana ing pungkasaning crita manungsa mesthi bakal mati. Tembang iki watake getun, keduwung, prihatin. Sasmitane: andhudhuk, megat, truh, pegat.

11. Pucung

Guru gatrane : 4 gatra
Guru wilangan lan guru lagune : 12u, 6a, 8i, 12a.

Tuladhane tembang Pucung:

Ngelmu iku kelakone kanthi laku (12u)
Lekase lawan kas (6a)
Tegese kas nyantosani (8i)
Setya budya pangekesing dur angkara (12a)

Tembang iki nggambarake kahanane manungsa nalika tekan pungkasaning lakon. Raga kang wis pisah karo nyawa mau diarani layon, jisim, utawa mayit. Layon, jisim, utawa mayit mau banjur dibungkus mori werna putih sing diarani dipocong. Tembang iki nduweni watak sasenenge. Sasmitane: pucung, cung, kaluwak.

Tembang Pangkur ing ngisor iki uga kapethik saka Serat Wedhatama. Pangriptane Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunegara IV (KGPAA Mangkunegara IV), pujangga kang uga raja ing Surakarta Hadiningrat (1788-1820).

Mingkar mingkuring angkara,
Akarana karanan mardi siwi,
Sinawung resmining kidung,
Sinuba sinukarta,
Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung
Kang tumrap neng tanah Jawa,
Agama ageming aji.

Nggugu karsaning priyangga,
Nora nganggo peparah lamun angling,
Lumuh ing ngaran balilu,
Uger guru aleman,
Nanging janma ingkang wus
waspadeng semu
Sinamun ing samudana,
Sesadon ingadu manis.

Si pengung nora nglegawa,
Sangsayarda denira cacariwis,
Ngandhar-andhar angendhukur,
Kandhane nora kaprah,
saya elok alangka longkanganipun,
Si wasis waskitha ngalah,
Ngalingi marang si pingging.

Garapan 1 : Jinis lan Strukture Tembang Macapat

Tembang Macapat iku nduweni struktur teks awujud paugeran telu cacahe, yaiku: guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.



Tindakna pakaryan iki:

(1) Golekana guru wilangan lan guru lagune Tembang Pangkur ing ngisor iki!

Gatra	Cakepan	Guru Wilangan lan Guru Lagune
1	Mingkar mingkuring angkara,	.....
2	Akarana karanan mardi siwi,	.....
3	Sinawung resmining kidung,	.....
4	Sinuba sinukarta,	.....
5	Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung	.....
6	Kang tumrap neng tanah Jawa,	.....
7	Agama ageming aji.	.....

(2) Golekana guru gatra, guru wilangan lan guru lagune tembang Pangkur ing pada (2) lan pada (3) ing dhuwur!

(3) Apa guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune padha persis karo pada (1)? Yen ngono apa dudutan kang bisa dijupuk?

(4) Jangkepana garapan ing ngisor iki!

Arane tembang	Guru gatrane	Guru wilangan lan guru lagune
Maskumambang	.....	.....
Mijil	.....	.....
Sinom	.....	.....
Kinanthi	.....	.....
Asmaradana	.....	.....
Gambuh	.....	.....
Dhandhanggula	.....	.....

Durma	……	……
Pangkur	……	……
Megatruh	……	……
Pucung	……	……

Garapan 2 : Kawruh Basa Sajroning Tembang Macapat

Tembang minangka asil susastra kawangun mawa tembung-tembung endah utawa basa rinengga. Kang kalebu basa rinengga, yaiku: tembung saroja, tembung Kawi, tembung garba, wangsalan, sengkalan, purwakanthi, paribasan, bebasan, saloka, lan liya liyane. Kang magepokan karo basa rinengga wis karembug ing kalas X. Mula ing bab iki para siswa mung kari nggoleki lan nemokake basa rinengga sajroning tembang macapat.

Semaken tembang Dhandhanggula ing ngisor iki banjur wangsulana pitakon-pitakone!

(1)
Si wa Patih marma sun timbali,
ingsun paring weruh marang sira,
yen ingsung antuk wangsite,
saka dewa linuhung,
saranane paprangan iki,
kang bisa mbengkas karya,
bocah saka gunung,
kekasih Damarsasangka,
siwa patih lah ikupayanen nuli,
ywa kongsi tan kapanggya.

(2)
Lamun sira tan bisa ngulari,
siwa patih aja takon dosa,
mesthi gedhe pidanane,
Dhuh gusti jwita prabu,
bathara gung sak tanah Jawi,
dhawuh paduka nata,
sendika pukulun,
karsendra kapasang yogya,
kauningana ingkang kacetheng wangsit,
nama pun Damarwulan.

(3)
Sutanipun Kakang Hudara patih,
mangka sampun wonten kepatihan,
kang minangka saranane,
kawula pundhut mantu,
kapan sampun sawatawis lami,
dhaup lan Anjasmara,
kapanggih nak dulur,
iya patih sun tarima,
mara gage iriden ing ngarsa mami,
nuwun inggih sendika.

(1) Golekana basa rinengga apa wae kang tinemu ana tembang Dhandhanggula ing ndhuwur lan golekana tegese!
(2) Apa sing dicritakake sajroning tembang Dhandhanggula ing ndhuwur? Coba critakna!

Garapan 3 : Negesi Tembung Sajroning Tembang Macapat

Semaken tembang Sinom ing ngisor iki!

Tembang iki perangan saka ”Serat Kalatidha” anggitane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang nyritakake pralampita ramalan jaman edan, yaiku sawijine jaman kang wargane tumindak kaya wong edan utawa wong lara pikire. Tembung ”edan” tegese lara pikire utawa tumindak kaya wong edan.

Golekana tegese tembung sajroning tembang ing ngisor iki!

Tembang	Tegese Tembung
Ujaring Panitisastra awawarah asung peling ing jaman keneng musibat wong ambek jatmika kontit. Mangkono yen niteni. Pedah apa amituhu pawarta lalawora mundhak angroronta ati. Angur-baya ngiketa cariteng kuna.	panitisastra = ... awawarah = ... jadmika = ... kontit = ... pedah = ... lalawora = ...
Keni kinarya darsana palimbang ala lan becik. Sayekti akeh kewala lalakon kang dadi tamsil masalahing ngaurip wahanira tinemu temahan anarima mupus papasthening takdir puluh-puluh anglakoni kaelokan.	....
Amenangi jaman edan ewuh aya ing pambudi Melu edan nora tahan yen tan milu anglakoni boya kaduman melik kaliren wakasanipun. Dilalah kersa Allah begja-begjaning kang lali luwih begja kang eling lan waspada.	....
Beda lan kang wus santosa kinarilan ing Hyang Widhi satiba malanganeya tan susah ngupaya kasil	 ....

saking mangunah prapti Pangeran paring pitulung marga samaning titah rupa sabarang pikolih parandene masih taberi ikhtiyar.	....

Pasinaon 2 : Makarya Bebarengan

Ing pasinaon 2 iki para siswa kaajap bisa njangkepi guru wilangan lan guru lagu, njangkepi gatraning tembang, nggancarake tembang, lan nyritakake isining tembang bebarengan karo klompok. Kabeh tingkatan gegladhen mau kanggo nggayuh ancasing pasinaon. Kanthi jujur, disiplin, lan tanggungjawab pasinaon bakal mupangati tumrap para siswa. Rasa tresna marang agunge kabudayan Jawa bakal sansaya ngrembuyung mekar ngrembaka.

Garapan 1 : Njangkepi Guru Wilangan lan Guru Lagu

Tembang utawa sekar yaiku rumpakan basa kanthi paugeran tartamtu kang wis baku. Paugeran mau ing antarane, yaiku guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.

Bebarengan karo kancamu, jangkepana guru wilangane tembang sakmarine iki, banjur aranana jinise tembange!

Jinise Tembang	Cakepane	Guru Wilangan lan Guru Lagune
.....	Pra putra lan putriku, Aja lali ing sadhengah wektu, Tansah eling manembah marang hyang widi, Wit sumbering urip iku, Tana liya mung hyang manon.	....

.....	Katon asihira yayi (8i) Tresna maring kadang tuwa (8a) Iya sapa kaya kowé (8e) Wus kèthèr isining jagad (8a) Tumon kasektènira (7a) Dasamuka wusnya wuwus (8u) Kang rayi lon aturipun (8u)	....
.....	Wong Agung Rama Wijaya, Mangunèng tyas tan pinanggih, Tan ana wenganing driya, Déné kalangan jaladri, Ènget pandhita nguni, Sutikna Yogi turipun, Bésuk pan kalampahan, Angadoni jayèng jurit, Mring Ngaléngka sedhih kalangan samodra.	....

Garapan 2 : Njangkepi Gatraning Tembang

Ana ing garapan 2 iki coba jengkepana cakepane tembang. Bebarengan karo kancamu, rembugen tembung-tembung apa kang bisa njangkepi gatraning tembang ing ngisor iki.
Cakepan ing ngisor iki jangkepana supaya dadi tembang sing becik!

No	Tembang lan Cakepane
a.	Asmaradana (8i, 8a, 8o/e, 8a, 7a, 8u, 8a) Anjasmara ..... mami, ... kulaka warta, Dasihmu tan wurung ....., Aneng kutha ....., ... uru bisma Kariya mukti ....., Pun kakang pamit ..... .
b.	Gambuh(7u, 10u, 12i, 8u, 8o) Sekar Gambuh .... , Kang .... kang kalantur, ... katula-tula katali,

	Kadaluwarsa ……, …… pan dadi awon.

Garapan 3 : Nggancarake/Nyritakake Isine Tembang

Lungguha bebarengan karo klompokmu, banjur critakna isine cakepan tembang Kinanthi kang karacik dening Winardi S. Nugrahanto-Ngawi (kapetik saking kalawarti Penyebar Semangat No.7- 14 Pebruari 2015) ing ngisor iki kaya tuladhane!

Tembang Kinanthi	Gancarane
1. Kocapa kacaritanipun Pra Pandhawa kang sayekti Rampung amangun negara Wana marta den babadi Madeg praja Indraprastha Sukur konjuk mring Hyang Widhi	Dicritakake menawa kadang Pandhawa nyata bisa ngrampungake olehe mbangun negara sarana babadi wana Marta. Negara iku sabanjure karan Indraprastha. Mula kabeh banjur ngunjukake sukur marang Hyang Widhi.
2. Praja endah wus maujud Tekading Pandhawa yekti Asesaji rajasuya Sineksenan sewu nagri Nadyan keh godha rencana Ning sedaya bisa kalis	Praja endah wis maujud. Pandhawa banjur tekad nganakake sesaji rajasuya kang disekseni sewu negara. Najan akeh banget godha, nanging bisa kalis ing sambikala.
3. Para Kurawa satuhu Jroning driya katon runtik Nguningani Pra Pandhawa Saged ambabar negeri Endah kang sarwi kencana Pengin sanget handarbeni	…… …… …… …… …… ……
4. Kurupati wus mituhu Pangrigene paman patih Harya Suman sewu cara Pandhawa kaajak tandhing Kasukan dhadhu ing mbenjang Ing Hastinapura nagri	…… …… …… …… …… ……
5. Watake Pandhawa iku Kautaman den ugemi Tansah mrih leganing liyan Main dhadhu den ladosi Tan weruh karti sampeka Dhadhu kawalik Sengkuni	…… …… …… …… …… ……

6. Negara wus dadi udhu Garwa apa dene rayi Nadyan dhirine priyangga Yudhistira angugemi Pasrah raga lan negara Hamuwun Dewi Drupadi	....
7. Pandhawa wus dadi batur Asor ing dhadhu puniki Dursasana murang tata Memirang Dewi Drupadi Sang dyah ayu wus prasapa Sineksen langit lan bumi	....
8. Drupadi ngucap kawetu Jroning nandhang lara ati Mbesuk lamun Bratayuda Kanggo ngluwari punagi Lega yen wus siram jamas Rahnya Dursasana iki	....

Pasinaon 3 : Pakaryan Mandhiri

Pakaryan mandhiri mujudake sarana kanggo mbuktekake asil pasinaonmu bebarengan kelompok. Ing pasinaon 3 Pakaryan Mandhiri, bisa nggambarake watak jujur, disiplin lan tanggungjawabmu marang dhiri pribadhi, marang pasinaon, lan marang sakiwa tengenmu.

Para siswa wis mangerteni jinis, tata paugeran, lan kawruh basa sajroning tembang. Mula ana bagean iki para siswa kudu bisa nggoleki pitutur luhur sajroning tembang, nembang, lan ngripta tembang macapat kanthi madhiri.

Tembang-tembang kang dirembug ing pasinaon iki kapilih kang ngemu pitutur luhur. Serat yasane para pujangga mau ngandhut mutyara pitutur luhur kang gedhe banget guna paedahe tumrap tata panguripan saben dinane.

Garapan 1 : Nggoleki Pitutur Luhur Sajroning Tembang

Kepriye carane supaya bisa nemokake pitutur luhur ing tembang macapat? Mesthine para siswa isih eling nalika ana kelas X biyen.

Salah siji cara kanggo nemokake pitutur luhur ing tembang macapat yaiku kanthi mangsuli ukara pitakon kang nggunakake tembung pitakon ”apa”, ”sapa”, ”geneya/ya’apa”, lan ”kepriye/ya’apa”:

1) Tembang-tembang ing ngisor iki gatekna!
2) Bebarengan karo kancamu sabangku gawea ukara pitakon kanthi tembung ”apa”, ”sapa”, “geneya/ya’apa”, lan ”kepriye/ya’apa”, paling sethithik 3 pitakon.
3) Sabanjure pitakon mau ijolna karo bangku/kelompok sandhingmu.
4) Wangsulana pitakon-pitakon ijolan sing kotampa mau!
5) Tulisen maneh wangsulanmu, dadi dudutan pitutur luhur kang ana ing tembang!

Tembang	Pitakon lan Wangsulan
1. Asmarandana Aja turu sore kaki Ana Dewa nganglang jagad Nyangking bokor kencanane Isine donga tetulak Sandhang kelawan pangan Yaiku bageyanipun Wong melek sabar narima	sapa sing ora oleh turu sore? + kula sapa sing nglanglang jagad? + dewa apa sing digawa para dewa? + bokor kencana apa isine bokor mau? donga tetulak, sandhang lan pangan kabeh mau bageyane sapa? + wong sing melek lan sabar narima *Pitutur luhure : Wong mono kudu akeh prihatine. Ora kakehan turu, sabar lan narima. Ya wong ngono kuwi sing bakal oleh kanugrahaning Hyang Maha Kuwasa.
2. Sinom Nulada laku utama, Tumrape wong Tanah Jawi, Wong agung ing Ngeksiganda, Panembahan Senopati, Kepati amarsudi, Sudane hawa lan nepsu, Pinepsu tapa brata, Tanapi ing siyang ratri, Amamangun karyenak tyasing sesama.	.....? ....? + ...? + ... *pitutur luhure: ....
3. Pucung Durung becus kesusu selak	- .....

besus, Amaknani rapal, Kaya sayid weton mesir, Pendhak pendhak angendhak, Gunaning jalma.	+ ..... - ..... + ... - ..... + ... *Pitutur Luhure : ....

Garapan 2 : Ngripta Tembang Macapat Adhedhasar Teks Gancaran

Semaken tuladha carane ngripta tembang macapat adhedhasar teks gancaran ing ngisor iki, banjur rampungna manut prentahe!

Teks Gancaran	Tembang Kinanthi
Dicritakake menawa kadang Pandhawa nyata bisa ngrampungake olehe mbangun negara sarana babadi wana Marta. Negara iku sabanjure karan Indraprastha. Mula kabeh banjur ngunjukake sukur marang Hyang Widhi.	Kocapa kacaritanipun, Pra Pandhawa kang sayekti, Rampung amangun negara, Wana marta den babadi, Madeg praja Indraprastha, Sukur konjuk mring Hyang Widhi.
Teks Gancaran	**Tembang Dhandhanggula**
Dicritakake ngenani kraton Medhang Kamulan, nalika Sang Raja Agung Sri Jayalengkara kang jumeneng nata. Sang Prabu anteng pikire, alus budine, pinter lan welas asih marang bala tentarane. Sih tresna marang wanita, kasil mrantasi karya lair lan batin.	....
Teks Gancaran	**Tembang Pucung**
....	....

.....	.....
.....	.....
.....	.....
.....	.....
.....	.....
.....	.....

Garapan 3 : Maca Titilaras lan Nembang Macapat

Ayo nyemak lan nembang bebarengan!

Tembang Pangkur

Tembang Pangkur, Cengkok Kasmaran, Laras Pelog Pathet Nem
(B. Arintoko, 1981 : 22 – 23)

3 5 5 5 3 3 3 3 . 0 →titi laras/notasi
Se - kar Pang- kur kang wi – nar - na, → cakepan/syair

3 5 5 5 6 1 1 1 1 1 1 1 .0
Le - la - buh- an kang kang go wong nga-u - rip,
. . . . . .
5 6 . 1 1 1 1 1 1.2 3 1 . 0
A - la lan be - cik pu – ni - ku,

5 5 5 5 5 5 4 4 5 . 0
Pra -yo - ga ka - wruh a - na,

3 5 5.6 5.6 3 3 3 3 3 3 5 6 6 . 0
A - dat wa - ton pu - ni - ku di - pun ka – du - lu,

2 3 3 3 3 3 3 3 . 0
Mi - wah ta ing ta - ta kra - ma,

1 2 3 . 1 2 3 . 6.5 3 2.3 . 2 1 . 0
Den ka - es - thi si - yang ra - tri .

(Serat Wulangreh, Paku Buwana IV, ing Sri Hartuti, 2007 : 29 – 30)

Setitekna paugerane tembang Pangkur ing ngisor iki!

1. Guru gatrane ana 7
2. Guru lagu lan guru wilangane :
   a. Gatra 1: 8 a

b. Gatra 2: 11 i
c. Gatra 3: 8 u
d. Gatra 4: 7 a
e. Gatra 5: 12 u
f. Gatra 6: 8 a
g. Gatra 7: 8 i

Pasinaon bab tembang macapat wis akeh banget kang kawedharake. Pilihen siji wae tembang macapat sing kongerteni, **banjur *tembangna* gentenan karo kancamu!**

GLADHEN
WULANGAN 5

I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Rumpakan basa kanthi paugeran tartamtu kang pangucape kudu nggunakake kagunan swara diarani … .
   a. tembang
   b. paribasan
   c. bebasan
   d. gancaran

2. Semaken tembang ing ngisor iki!
   Mangkono ngelmu kang nyata,
   sanyatane mung weh reseping ati,
   bungah ingaran cubluk,
   sukeng tyas yen denina,
   nora kaya si punggung anggung gumrunggung,
   ugungan sadina dina,
   aja mangkono wong urip.

   Pitutur luhur kang tinemu sajroning tembang ing ndhuwur yaiku … .
   a. Dadi wong mono aja seneng ngina marang sapadha-padha.
   b. Wong urip iku aja sedih yen diarani bodho, aja nesu yen diina, mula kowe bakal nemoni urip kang tentrem.
   c. Wong bodho iku adate sok sombong lan keminter.
   d. Goleka ilmu sing akeh supaya mulya uripmu ing tembe mburi.
   e. Uripa kanthi prasaja lan jujur ana sakabehing tumindak.

3. Guru wilangan lan guru lagune gatra kalima tembang ing no 2 yaiku … .
   a. 8a
   b. 11i
   c. 7u
   d. 12u
   e. 8i

4. *//pra putra lan putriku/aja lali ing sadhengah wektu/tansah eling manembah marang hyang widi/wit sumbering urip iku/tana liya mung hyang manon//*
   Pranyatan kang bener mungguh tembang ing dhuwur yaiku… .
   a. sapada dumadi saka patang gatra
   b. guru wilangan lan guru lagune: 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
   c. karan tembang kinanthi
   d. ngemu pitutur wong enom marang wong tuwa
   e. kalebu jinise tembang gedhe.

5. Sekar Gambuh ping catur
   Kang cinatur tutur ……..
   Tanpa tutur katula-tula katali
   Kadaluwarsa kapatuh
   Kapatuh pan dadi awon
   Tembung kang mathuk kanggo njangkepi cakepane tembang ing ndhuwur yaiku … .
   a. tutur kalantur
   b. kang tansah cinatur
   c. kang kalantur
   d. atur lumuntur
   e. catur kalantur

6. Semaken tembang ing ngisor iki!
   //Kekerane ngelmu karang/Kekarangan saking bangsaning gaib/Iku boreh paminipun/Tan rumasuk ing jasad/Amung aneng sajabaning daging kulup/Yen kapengok pancabaya/Ubayane mbalenjani//
   Tembang ing ndhuwur diarani tembang … .
   a. Pangkur
   b. Asmaradana
   c. Sinom
   d. Gambuh
   e. Dhandhanggula

7. Tembang ana ing no. 6 nggambarake manawa ilmu kang mung dikarang (direkayasa) iku diumpamakne ….
   a. Barang sing kosong tanpa isi.
   b. Ilmu sing bisa digawe nulak bebaya.
   c. Wedhak sing mung bisa nemplek nanging ora bisa nresep menyang njerone kulit.
   d. Wedhak sing ora bisa diilangi nalika nemplek menyang kulit.
   e. Ilmu kang mung dikarang iku mbebayani.

8. Asih ing wadya tantra.
   Gatrane tembang ing ndhuwur nduweni teges … .
   a. Seneng marang sakancane
   b. Sih tresna marang bala tentarane
   c. Seneng tetulung marang sapepadha
   d. Mung mikir uripe dhewe
   e. Ora seneng marang wadya balane.

9. Serat Wedhatama iku yasan pujangga agung … .
   a. KGPH Mangkunegara IV
   b. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
   c. Yasadipura I
   d. Yasadipura II
   e. R.Ng. Ranggawarsita

10. Serat Wulangreh iku yasane pujangga agung … .
    a. KGPH Mangkunegara IV
    b. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
    c. Yasadipura I
    d. Yasadipura II
    e. R.Ng. Ranggawarsita

II. Wangsulana kang patitis!

Sinom

Samangsane pasamuan, mamangun marta martani,
Sinambi ing saben mangsa,
Kala kalaning asepi,
Lelana teki-teki,
Nggayuh geyonganing kayun,
Kayungyun eninging tyas,
Sanityasa pinrihatin,

Puguh panggah cegah dhahar lawan nendra.

1. Kepriye mungguh guru gatra, guru wilangan lan guru lagune tembang ing dhuwur? Terangna!
2. Kanggo ngerteni isine tembang Sinom ing dhuwur, coba gawenen gancarane!
3. Tembang Kinanthi ini ngisor iki terangna apa pitutur luhure!

   Mangka kanthining tumuwuh,
   Salami mung awas eling,
   Eling lukitaning alam,
   Dadi wiryaning dumadi,
   Supadi nir ing sangsaya,
   Yeku pangreksaning urip.

4. Gancarna tembang ing ngisor iki!

   Uripe sapisan rusak,
   Nora mulur nalare ting saluwir,
   Kadi ta guwa kang sirung,
   Sinerang ing maruta,
   Gumarenggeng anggereng anggung gumrunggung
   Pindha padhane si mudha,
   Prandene paksa kumaki.

5. Gawea tembang Pucung kang isine nggambarake babagan pasinaon! Gatekna paugeran panulisane!

WULANGAN 6

WARISANE LELUHUR, AJA NGANTI LUNTUR

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.5 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks aksara Jawa/carakan Madhurâ sesuai kaidah

- 3.5.1 Mengidentifikasi teks aksara Jawa yang memuat angka Jawa.
- 3.5.2 Menjelaskan tata cara menulis angka Jawa.
- 3.5.3 Menjelaskan makna sengkalan dalam teks aksara Jawa.

4.5 Membaca cepat teks wacana sastra atau nonsastra beraksara Jawa/carakan Madhurâ

- 4.5.1 Membaca cepat teks aksara Jawa minimal 15 kata per menit
- 4.5.2 Menemukan ide pokok teks beraksara Jawa.
- 4.5.3 Menemukan sengkalan sinawung ing tembang.
- 4.5.4 Menemukan pesan teks beraksara Jawa.
- 4.5.5 Menceritakan isi teks beraksara Jawa.

Mbabar Wawasan

Pasinaon iki nyuguhake wacan kanthi tema ”Njaga Warisane Leluhur, Aja Nganti Luntur” minangka sarana kanggo nyinaoni teks Aksara Jawa. Kaya dene wacan lumrahe, kajaba ana tetembungan, kita uga mrangguli angka. Kepriye tata cara panulise angka ing wacan bakal karembug. Diajab sarampunge nyinaoni teks Aksara Jawa iki, para siswa bisa trampil nulis ukara kang ngandhut angka sarta nyumurupi bab sengkalan. Ing bab iki kajaba ana andharan bab kababaring wawasan sing magepokan karo tatarakite nulis angka lan sengkalan uga ana gladhen kang bisa digarap kanthi kelompok lan gladhen kang kudu digarap mandhiri.

Sadurunge nyinau bab warisan leluhur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa para siswa isih tau meruhi teks kang katulis mawa Aksara Jawa?
2. Apa para siswa bisa maca teks kang katulis mawa Aksara Jawa kanthi lancar?
3. Apa para siswa bisa methik isine teks kang katulis mawa Aksara Jawa?
4. Kepriye panemumu yen akeh siswa kang kurang trampil maca teks Aksara Jawa?
5. Apa kang kudu kita tindakake supaya tuwuh rasa seneng marang pasinaon kang magepokan karo nulis lan maca wacan Aksara Jawa?

Pasinaon 1 : Modhel Teks Pinilih

Sajrone kagiatan iki para siswa bakal nyinaoni bab panulise angka mawa Aksara Jawa sarta sengkalan kanthi tema "Njaga Warisan Leluhur Murih Ora Luntur". Warisan leluhur bisa wujud werna-werna, upamane teks wayang, tembang, guritan, dongeng, lan maneka warnane basa rinengga. Ing pamulangan kelas sepuluh wis kaandharake bab basa rinengga ing antarane yaiku, tembung saroja, camboran, rura basa, kerata basa, bebasan, paribasan, saloka, wangsalan, sengkalan, lan sapanunggalane. Ing bab iki kang bakal dirembug mung sengkalan.

Garapan 1 : Njingglengi Teks Aksara Jawa

Teks ing ngisor iki wacanen kanthi premati!

?mz yubg- fininm/fikn\,

?km/fikn\t mujufikn bHik: ag. szt Hjini

pun\, kir: l:ku ;350; w/s gs: a: c. k}mnipun P

vjh w[lon s/ t;3;w/s kj jhjp:,

a vl/ri[b:os I[no[nsiyh z][aos Sknis: aik:

kb kPnn s/t ppcink turunturun\,

?aighawit Sk[wonnipun lmPhan Hik:a vgt Pu

nik, aik:a vl/rituwuhaipun-gt H[mk sis:sr n\,

kni[t k f f- a fgipunnw j [b:os I[no[nsiyh

saiyg S[a k kpiz}butm/fikn Hik: spunik kit

[pzti.

? a w i t S k i k m i r h a n i p u n | s i a i k : m a s u c i , k m f i k n i [b : o s I [n o [n s i y h s g : f l a u j u f l X x s H i t : g l \ ; 1 7 ; A g u s | s / s ; 1 9 4 5 . s p u n i k s m P u n H n i k p i p i ; 7 0 ; w / s . f / g a y u [r p u b i k \ I [n o [n s i y h .

? m u g i m u g i a i f i n i [n P z : t ` n P u n i k [b : o s I [n o [n s i y h t n S h m : g i h r a / j , k i n : b k n H i k m u l n \ k t : b i h n s k i s w / n i n i p n n i , p : [g o d n i p u n P r f / j n f / s i l j u t i .

Sarampunge nyetitekake wacan ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki nganggo aksara Latin!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?
2. ? k i r : l : k i ; 3 5 0 ; w / s g : s : a i c _ k } m n i p u n P : v l j h .

   Tulisen nganggo aksara Latin!

3. ? k X x s H i t : g l \ ; 1 7 ; s s i ; 8 ; w / s ; 1 9 4 5 .

   Tulisen nganggo aksara Latin!

4. ? s p u n i k s m P u n H n i k p i p i ; 7 0 ; w / s .

   Tulisen nganggo aksara Latin!

5. Apa isine paragrap kapisan?
6. Apa isine paragrap pungkasan?
7. Kepriye tatacara panulise angka ing ukara nganggo aksara Jawa?

Cathetan Wigati:

Tata cara panulise angka ing ukara nganggo aksara Jawa:

1. Katulis ing antarane tandha pada pangkat (;.....;)

   Tuladha:

   ? k ir l k ; 3 5 0 ; w s [b o s I [n o [n s y h g s a c .

   k }m n p n P v j h .

2. Yen tinemu ing pungkasane gatra saburine angka Jawa ana pada *lingsa* utawa *lungsi*, katulis tanpa pada pangkat.

   Tuladha:

   ? [m z t f n n m f k n H k k p ; 7 0 .

Garapan 2 : Nengeri Teks Aksara Jawa

Setitekna pepethan ing ngisor iki!



Sawise nyetitekake pepethan ing dhuwur, kanggo nyurasa bab warisan leluhur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa kang koweruhi bab warisan leluhur?
2. ? s ꦸ c ꦶ n ꦼ p [z s ꦺ w ꦶ w r n ꦼ g ꦸ s ꦺ. Ukara kasebut tulisen nganggo aksara Latin!
3. Ukara kasebut kagolong basa rinengga jinis apa?
4. Apa surasane ukara kasebut?
5. Ukara kasebut nuduhake apa?
6. Ing pasrawungan apa para siswa isih meruhi pepethan kaya tuladha ing dhuwur?
7. Apa kang tau kotindakake gegayutan karo warisan leluhur kaya kang kasebut ing dhuwur?
8. Wenehana tuladha apa kang kudu katindakake supaya warisan leluhur ora luntur?

Cathetan Wigati:

Sengkalan yaiku tetengere taun kang sinandhi sarana tetembungan utawa gambar/pepethan. Sengkalan kang awujud tetembungan diarani sengkalan lamba, dene kang awujud pepethan diarani sengkalan memet. Kang bakal diandharake ing wulangan iki mung sengkalan lamba.

Tembung-tembung kang dianggep duwe watak etungan:

1. Watak siji
   a. Tembung kang tegese siji: iji, wiji, tunggal, tunggil, eka, juga)
   b. Tembung kang ateges mung siji: Gusti, jati (sejati), nyata (sanyata), yekti (sayekti)
   c. Jenenge perangane badane manungsa apa dene kewan: weteng, udel, buntut
   d. Barang kang wujude bunder: bumi, srengenge, rembulan
   e. Wong lan dasanamane: wong, manungsa, janma, jalma, sujalma,tiyang
   f. Rerimbagane tembung-tembung ing dhuwur
2. Watak loro
   a. Tembung-tembung kang ateges loro lan dasanamane: loro, dwi, kalih
   b. Tembung kang duwe teges loro: kembar, penganten, kanthi, lan sapanunggalane
   c. Perangane badan kang cacahe loro: tangan, sikil, swiwi, mripat, kuping, lan sapanunggalane
   d. Rerimbage tembung-tembung ing dhuwur.
3. Watak telu
   a. Tembung-tembung kang ateges telu lan dasanamane: telu, tiga, tri.

b. Geni lan dasanamane: geni,latu, agni, dahana, pawaka.
c. Kahanane geni: benter, panas, murub, padhang, geseng, kukus, sorot, obor, lan sapanunggalane.

4. Watak papat
   a. Tembung-tembung kang ateges papat:sekawan, catur.
   b. Banyu lan dasanamane: banyu, toya, tirta, ranu, we, warih, lan sapanunggalane.
   c. Kahanane banyu bening, suci, tawa, lan sapanunggalane.
   d. Samobarang sing tegese banyu utawa isi banyu bun, udan, segara, tlaga, sumur, lan sapanunggalane.
   e. Sing tegese gawe: gawe, karti, kardi, karya, cipta, lan sapanunggalane sarta rerimbage tembung-tembung ing dhuwur.
5. Watak lima
   b. Tetembungan kang tegese lima: lima, gangsal, panca, pandhawa.
   c. Buta lan dasanamane: buta, yaksa, diyu, denawa, ditya, raseksa, lan sapanunggalane. Buta uga kalebu pancabaya, bebaya saka dewa, manungsa,lelembut, kewan, raseksa.
   d. Angin lan dasanamane: samirana, bayu, maruta, lan sapanunggalane.
   e. Jemparing lan dasanamane: panah, paser, busur, sara, hru, lan sapanunggalane. Kalebu gaman kang kanggo pancakara/perang: mara tangan, mara cangkem, mara sikil, mara bandhem lan mara gawe, sarta rerimbagane tembung-tembung ing dhuwur.
6. Watak enem
   a. Tembung kang tegese nem lan dasanamane: nem, sad.
   b. Jenenge kewan sikil nem: kombang, tawon, anggang-anggang, lan sapanunggalane.
   c. Tembung sing duwe teges nem: naya, winayang, mangsa nem, retu, saretu= 6 taun.
   d. Tembung-tembung: geger, oreg, oyag, oyig, obah, gonjing, moyag-mayig.
   e. Arane rasa: sad rasa, rasane panyawang, rasane pangambu, rasane pamireng, rasane pangecap, rasane panggrayang, asane batin (seneng, susah, tentrem, lan sapanunggalane). Kang lumrah dinggo rasa legi: sarkara lan dasanamane sarta rerimbagane tembung-tembung ing dhuwur.
7. Watak pitu
   a. Tembung-tembung sing tegese pitu lan dasanamane: pitu, sapta.
   b. Gunung lan dasanamane: redi, wukir, ancala, aldaka, prawata, lan sapanunggalane.
   c. Swara dianggep watak pitu, lan rerimbagane tembung-tembung ing dhuwur.
8. Watak wolu
   a. Tembung kang duwe teges wolu lan dasanamane: wolu, astha.

b. Jinise dewa:asthabasu dara, druwa, soma (candrama), anila(swasana), anala (hutasana), pratyusa, aha, prabasa (drahyu)
c. gajah lan dasanamane: liman, esthi, dirada,lan sapanunggalane.
d. Kewan rumangkan, ula lan dasanamane: baya, cecak,tekek, bunglon, naga, sawer, taksaka, nagraja (nanging uga ateges ratune liman)
e. Pujangga, kajaba ateges ula kaanggep pujangga duwe kaluwihan wolu ndongeng, nembang, basa, kagunan, sastra, ngarang, nanggapi rasa (nawung kridha), sambegana (utama uripe) lan pangrimbage tembung-tembung ing dhuwur.

9. Watak sanga
   a. Tembung kang duwe teges sanga lan sadanamane:sanga, nawa.
   b. Tembung kang duwe teges bolong: bolong, momplong, ora rapet, dwara, wiwara, gapura, song, dalan, rong, leng, guwa, babahan, babahan hawa sanga, butul, mbuka, menga, manjing, mlebet, terus, rumasuk, sarta rerimbagane tembung-tembung ing dhuwur.
10. Watak das
    a. Tembung-tembung kang duwe teges ora ana, wis ora ana, ora wutuh lan dasanamane: mati, sirna, ilang, tanpa, datan, telas, nir, mbrastha, surud, sempal, swuh, risak, lan sapanunggalane.
    b. Langit lan dasanamane lan kahanan ing langit: akasa, awang-awang, gegana, dirgantara, dhuwur, luhur, inggil, mumbul, muluk, kombul, mesat, mletik, tumenga, lan sapanunggalane
    c. Swarga lan tetembungan rerimbagane tembung-tembung ing dhuwur.

Adhedhasar cathetan wigati kasebut, para siswa diajab bisa nyurasa bab watak-watake tembung. Bab pangrakite bakal karembug mengko.

Garapan 3 : Nyurasa Bab Sengkalan

Setitekna tembang rong pada ing ngisor iki!



Wangsulana pitakon-pitakon kang magepokan karo tembang kang mentas koksemak!

1. Adhedhasar paugerane wacan kasebut awujud tembang macapat apa?
2. Kepriye gatra kapisan saben pada yen katulis Latin?
3. Apa surasane gatra kapisan ing saben pada mau?
4. Tetembungan kasebut ing gatra kapisan kalebu jinise basa rinengga apa?
5. Apa kang kokweruhi bab sengkalan?
6. Gatra kapisan pada siji lan loro manawa ditulis mawa angka nuduhake apa?
7. Kepriye yen para siswa diutus gawe sengkalan mawa aksara Jawa?

Pasinaon 2 : Nyurasa Sengkalan Kanthi Kelompok

Ing pasinaon iki para siswa diajak nyinau panulise sengkalan kang trep. Ing pasrawungan, rakitan sengkalan mesthine isih dibutuhake, jalaran ana sawenehe prastawa kang perlu cinathet minangka tandha mata apa dene wigati kanggo pangeling-eling. Umpamane taun madege bangunan, tahun kelairan, taun kang nuduhake dumadine samubarang, taun kang nuduhake prastawa wigati, lan sapanunggalane.

Garapan 1 : Maca Wacan Aksara Jawa

Wacan ing ngisor iki semaken, banjur wacanen kanthi cetha tur gelis!

p v a j s n k k n n

? k [f o s S m P n l m]h [w o n n p [n r t b s a k a z l i

p n \ ; w n i t , a t g s n i f i t t . m g h a i p n i y j w b b

P n i k a [m o t n [a k n i . k [f o s S m

P n i [n o f] f n w i a b [l w s l , w n i t n m d p [k o v l

w:k:. wnit nm: a:gdh ai k jib n

ck\msk\lnnk\, k:pr[won:n: t:m:zn\; s/gnunut:

rkk tut\,

?nut: jmn:lmPhanipun SmPu[n:n:nlih k[won:ni

pun\, p:pirifin: m: wnit k[fos[g[s/;wnit,

wnint. k wisir [won:nipun[nkw/ni pk/yn H:k:

sg:fti n:kkenP rw nit.wnit a[mot:nm:

f[fo[sov w:k:, nz:sg:f Hugi f[fosP:mimPin\.

?a: b:b]ynHg: smPunqh wnit a:k: sg:f.ku

kX:ghan f-p k/y nipun Pr p]y. a:a n:wis Sipu

n nit s ghf [fos:ru, mni, [dok:, [polisi, t:nir,

lurh, cmt\ bupti,m:n:k:pr [won:n H:k: f[fo[s

P]si[dn\, [aw[f[n, sin[aos mk t:n

P][yoginipun Pr wnit kajbitipin Sh azghai dpukinipuni[nok aibu.

?sisgmin|au kigo wnit sliy[n kiksibut Hia n|wu yaiku ffiaibu, mi[nok pinidik Hutm lnP/ tm, aibu mi[nok mini I kiauwizn\ mini kiwrsSn\ lnik Sih kqhmlih jijibhan Hik: kifh kamin\, mnwi w[nof-ai b[lwisi smPun Hnini k|[k d pukinipunini smPun, w[nof- ksibti[go[lo wnit tm.

?[f[n smPun[n lmPh dinsirnit kil, nrim, sb/, juju sa bufilua/. :5;p}kwisPunik mnwi k tmkikni[d mannisinni pk/ti a[won\, mugi kaumnit [bios I[nio[nsiyh k/s v.kuyi pmigih punik. k/s zugmi f/mni wnit, kni z}gmisucilni wnit, s[aig pr wnit sgif[fos|sumni [bios. mwujufigg: knisisni;p vlajisin kikinni.

1. Nalikane maca setitekna tetembungan kang angel, banjur terangna tegese!
2. Sajroning samenit, para siswa bisa ngrampungake wacan pirang tembung?
3. Apa para siswa wus sumurup isine wacan kasebut?
4. Kanggo nggampangake pangerten tulisen menyang aksara Latin!

Garapan 2 : Nintingi Idhe Pokok

Katrangan bab ide pokok dakkira wis dudu bab anyar, mula ing perangan iki para siswa bisa langsung ngadhepi garapan, kanthi mangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi klompok!

1. Sebutna idhe pokoke paragrap kapisan!
2. Sebutna idhe pokoke paragrap kapindho!
3. Sebutna idhe pokoke paragrap katelu!
4. Sebutna idhe pokoke paragrap kapapat!
5. Sebutna idhe pokoke paragrap kalima!

Garapan 3 : Ngonceki Sengkalan

Ing garapan siji lan loro para siswa wis ajar maca wacan aksara Jawa. Ing wacan mau tinemu ukara:

1. ? s u c i n i p [z s i w i w r n i w i f i .
2. ? [p o v i [k b i t H r u m i w i w z i .
3. ? [p o v i a j i f t n H m u l t i .
4. ? [p o v i a j i s i n k i k i n n i .

Ukara kasebut mujudake salah sijine basa rinengga, kagolong sengkalan. Sengkalan yaiku ukara kang nuduhake angka taun. Kepriye pangrakite sengkalan? Pangrakite sengkalan yaiku kanthi nata tembung-tembung kang nduweni surasa angka, kaya kang wus kaandharake ing pasinaon siji. Rakitane angka taun katata saka angka mburi banjur menyang ngarep. Sabisa-bisane kajaba nuduhake angka taun uga mengku teges sesanti. Tuladha:

1. s u c i n i p [z s i w i w r n i w i f i

Sucining pangesthi wiwaraning widi.
6 8 9 1
Pamacane diwalik, 1986 bab iki nuduhake taun madege sawijining bangunan yaiku SMPN 1 Gondanglegi Kabupaten Malang.
Sengkalan iki uga mengku teges:
Tekad kang suci bisa kanggo sarana nyedhak marang Gusti.

2. [p o v [k b t H r m w z i

Panca keblat aruming wewangi.

5 4 9 1
Pamacane diwalik, 1945, nuduhake angka taun kamardikane Bangsa Indonesia.
Sengkalan iki uga mengku teges:
Dhasaring negara (Pancasila) minangka paugeran kanggo srana njaga murih rahayune bangsa.

3. [p o v a j f t n H m l t i

Panca aji datan amulati.
5 1 0 2

Pamacane diwalik, 2015, nuduhake taun saiki, nalikane Bangsa Indonesia mengeti kamardikan kang kaping 70 taun.
Sengkalan iki uga mengku teges:
Pancasila minangka dhasaring negara kudu katindakake kanthi tumemen.

4. [p o v a j s n k k i n n

Panca aji sirna kang kinanthi.
5 1 0 2

Pamacane diwalik, 2015 nuduhake taun panulise wacan kang isi kasusilaning wanita.
Dene tegese: lima watak utama (rila, sabar, narima, jujur lan budi luhur) kang banget ajine lan bisa nyirnakake thukule laku ala, kang lumrahe gampang thukul nalikane manungsa pengin tumindak becik.

Sarampunge njingglengi andharan ing dhuwur, pakon ing ngisor iki tindakna kanthi klompok!

(1) Goleka tuladhane sengkalan kang katulis mawa aksara Latin cacah lima!
(2) Sengkalan kang wus katemokake ing nomer 1, nuduhake angka pira?
(3) Sengkalan kang wus kotemokake ing nomer 1, nuduhake prastawa apa, terangna!
(4) Sengkalan kang wus kotemokake ing nomer 1, banjur tulisen nganggo aksara Jawa!

Pasinaon 3 : Nyurasa Sengkalan Kanthi Mandhiri

Ing kagiyatan iki para siswa bakal nyurasa bab sengkalan. Sengkalan bisa tinemu ing ukara kang madeg dhewe apa dene ing sajroning wacan. Wacan- wacan kang kasebut mujudake warisan leluhur becike kita jaga murih ora luntur. Wangune bisa diwedharake wujud wacan werna-werna, umpamane teks layang, tembang, guritan, dongeng, lan sapiturute.

Garapan 1 : Nemokake Sengkalan Sinawung ing Tembang

Tembang Dhandhanggula rong pada ing ngisor iki semaken!

Candraning pujangga manjing bumi,
Madegira widya basa Jawa,
Ing Surabaya papane,
Sedyanira satuhu,
Angleluri budaya aji,
Sinengkuyung pra dwija,
Pangrembakanipun,
Samengko sampun ngrembaka,
Tebanipun basa Jawa ing nagari,
Indonesa punika.

Kanthi songsong lumebeng pangesthi,
Bapa Suripan ingkang sanyata,
Ageng sanget lelabete,
Basa Jawa rinengkuh,
Salamining selikur warsi,
Samangkya sampun sowan,
Ngarsaning Hyang Agung,
Mugyantuk berkahing Sukma,
Anggennya umarek ngarsaning Hyang Widi,
Kalisa ing sambekala.

Sarampunge nyemak tembang rong pada kasebut, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Tulisen sengkalan kang tinemu ing pada kapisan!
2. Sengkalan kasebut nuduhake angka taun pira?
3. Terangna tegese sengkalan kasebut nganggo basamu dhewe!
4. Sengkalan kasebut mratelakake prastawa apa?
5. Tulisen sengkalan kang tinemu ing pada kaloro!
6. Sengkalan kasebut nuduhake angka taun pira?
7. Kepriye tetembungan kang digunakake kanggo nulis sengkalan?
8. Terangna tegese sengkalan kasebut nganggo basamu dhewe!
9. Sengkalan kasebut nuduhake prastawa apa? Terangna!
10. Kejaba tuladha kasebut, akeh sengkalan liyane. Apa tuladhane?

Garapan 2 : Ngonceki Sengkalan Sinawung Tembang

Ing garapan siji para siswa wis bisa nemokake sengkalan kang sinawung ing tembang. Sabanjure ing garapan kaloro iki ayo ngonceki surasane sengkalan.

Tindakna pakaryan iki:

(1) Sengkalan kang wis kotulis ing garapan 1, owahana dadi basa gancaran. Saben sengkalan dadi saparagrap, nganggo aksara Jawa!
(2) Adhedhasar teges lan prastawa kang kagambarake ing sengkalan garapan 1, golekana amanat kang tinemu ing tembang kasebut!
(3) Ijolna garapanmu karo kancamu sabangku, setitekna tata tulis lan isine!
(4) Garapanmu kang wis sampurna pajangen ing *mading* kelasmu utawa ing internet!

Garapan 3 : Nintingi Isine Sengkalan

Tindakna pakaryan ing ngisor iki:

1. Ing perangan iki coba goleka sengkalan saka wacan kang awujud apa wae (gancaran, tembang utawa pacelathon) kang katulis mawa Aksara Latin saka medhia apa wae! Aja lali nulis sumbere sing cetha! Sabanjure sengkalan kang kotemokake owahana nganggo Aksara Jawa!
2. Sengkalan kang wus kotemokake terangna isine nganggo basamu dhewe!
3. Yen wis rampung wedharna garapanmu ana ngarep kelas!

GLADHEN
WULANGAN 6

Gatekna teks ing ngisor iki!

panca keblat aruming wewangi,
mijilira ing ndon,
rinebut hayu kamardikane,
sagung sengkala sampun kabesmi,
kasantosan neki,
hayua rahayu.

I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Adhedhasar paugerane tembang ing dhuwur kagolong tembang....
   a. Pucung
   b. Sinom
   c. Mijil
   d. Dhandhanggula
   e. Asmaradana

2. Sengkalan kang tinemu ing tembang yaiku....
   a. panca keblat aruming wewangi
   b. mijilira ing ndon
   c. rinebut hayu kamardikane
   d. sagung sengkala sampun kabesmi
   e. kasantosan neki

3. Sengkalan kang kotemokake ing dhuwur nuduhake angka taun ....
   a. 1940
   b. 1945
   c. 1954
   d. 2002
   e. 2015

4. Tembung **panca keblat** ing tembang kasebut bisa nduweni surasa, yaiku....
   a. Lima sila ing Pancasila minangka dhasare negara
   b. Lima sila ing Pancasila minangka sumbere negara
   c. Lima sila ing Pancasila minangka idheologi negara
   d. Lima sila ing Pancasila minangka sipate negara
   e. Lima sila ing Pancasila minangka tujuane negara

5. "Rinebut hayu kamardikane; sagung sengkala sampun kabesmi"
   Gatra kasebut nduweni teges....
   a. Indonesia mardika
   b. Indonesia kajajah
   c. Indonesia wis dijajah
   d. Indonesia mulya
   e. Indonesia kobongan

6. Amanat kang bisa kapethik saka tembang sapada ing dhuwur yaiku....
   a. Aja gelem dijajah.
   b. Aja gelem njajah.
   c. Aja mbesmi sengkala.
   d. Kita kudu njaga kamardikan.
   e. Kita kudu njaga kasantosane bangsa.

7. Surasane tembang sapada ing dhuwur, yaiku....
   a. Taun kamardikane Bangsa Indonesia.
   b. Suwene Bangsa Indonesia dijajah Landa.
   c. Suwene Bangsa Indonesia dijajah Landa.
   d. Taun kabesmine bangsa Indonesia.
   e. Kasantosane bangsa Indonesia.

candraning pujangga manjing bumi,
madegira widya basa jawa,
ing Surabaya papane,
sedyanira satuhu,
angleluri budaya aji,
sinengkuyung pra dwija,
pangrembakanipun,
samengko sampun ngrembaka,
tebanipun basa jawa ing nagari,
Indonesia punika.

8. Sengkalan kang tinemu ing tembang sapada ing dhuwur, yaiku....
   a. candraning pujangga manjing bumi
   b. madegira widya basa jawa
   c. angleluri budaya aji
   d. sinengkuyung pra dwija
   e. samengko sampun trawaca

9. Sengkalan kang kotemokake ing tembang mau nuduhake angka taun ....
   a. 1945
   b. 1980
   c. 1981
   d. 2002
   e. 2015

10. Surasane sengkalan kasebut, yaiku....
   a. Nuduhake madege jurusan Pendidikan Basa Jawa
   b. Nuduhake guru-guru Basa Jawa
   c. Nuduhake piwulang Basa Jawa
   d. Nuduhake gunane basa lan sastra Jawa
   e. Nuduhake gunane basa lan sastra Jawa

II. Tindakna pakaryan kanthi mangsuli pitakon-pitakon iki!

1. Apa wae jinise sengkalan?
2. Apa kang dadi paugeraning sengkalan?
3. Sengkalan akeh tinemu ing masyarakat, kepriye tuladhane?
4. Apa bisa bocah-bocah gawe sengkalan? Kepriye carane?
5. Gawea tuladha tembang kang ngandhut sengkalan sapada wae! Sabanjure tembangmu salinen nganggo aksara Jawa!

UJI KOMPETENSI
SEMESTER GENAP

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan kang paling bener!

1. Saka kesenian, kita ora mung bisa seneng-seneng ngrasakake endahing asil karyaning para seniman, ananging kita uga bisa ….
   a. ngundhakake drajat lan pangkat
   b. ngundhakake gelar lan martabat
   c. ngundhakake gengsi lan prestisi
   d. ngundhakake pangkat lan jabatan
   e. ngundhakake ilmu lan kaweruh

2. Pagelaran lakon, bisa dadi salah sawijine sarana nggegulang *moral* sing cocok lan trep. Jalaran ….
   a. Tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon nduweni sifat *doktriner* kang meksa.
   b. Tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon ora nduweni sifat *doktriner* kang meksa.
   c. Kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* ora bisa rumesep lan kajiwaraga.
   d. Kanthi lumantar nonton, ngrungokake, lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* nduweni sifat *doktriner* kang meksa.
   e. Kanthi lumantar nonton, ngrungokake, lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* bisa meksa rumesep lan kajiwa raga.

3. Lakon kagelar kanthi wujud drama prasaja. Kaarani prasaja jalaran ….
   a. mung nduweni ancas kanggo sesuluh
   b. mung magepokan karo *fenomena sosial*
   c. tanpa rerenggan tata artistik
   d. tanpa ngetokake prabeya akeh
   e. isine ora goroh utawa mbujuk

4. Perangan wiwitane crita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawit tumuju crita sabanjure, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

5. Pungkasan karampungane pasulayan utawa dredah, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

6. Ing tataran andum gawe, ayahan sepisanan sing kudu katindakake yaiku ….
   a. milih irah-irahan lakon
   b. netepake dhalang utawa sutradhara
   c. netepake jadwal gladhen
   d. netepake paraga
   e. netepake pananggap

7. Sadurunge lakon kagelar, scenario kudu didhudhah lan dibabar supaya ….
   a. Gambaran kasar ngenani swasana lakon sajerone naskah kasebut bisa kabayangake.
   b. Dhalang bisa milih lan ngatur samubarang wiwit sadurunge nganti sarampunge pagelaran.
   c. Dhalang bisa milih para paraga kacundhukake karo wewatake tokoh ing sajeroning teks.
   d. Dhalang bisa milih pirantining pagelaran (perabotan, busana, lan paes) sing kudu dicepakake.
   e. Dhalang bisa milih lan netepake irah-irahan lakon sing arep kagelar lan bisa andum gawe.

8. Pagelaran lakon bisa lumaku kanthi lancar lan apik, yen ….
   a. Sekabehe pawongan kasangkut ing pagelaran kanthi linambaran rasa seneng.
   b. Sekabehe pawongan melu ngatur pakaryan kanthi linambaran rasa seneng.
   c. Sekabehe pawongan makarya kanthi linambaran rasa seneng lan tanggung jawab.
   d. Sekabehe pawongan melu netepake pakaryan kanthi linambaran rasa seneng.
   e. Sekabehe pawongan melu milih pakaryan kanthi linambaran rasa seneng.

9. Sajerone pagelaran lakon, paraga kudu bisa ngatur suara, supaya….
   a. Antawacanane bisa kaprungu endhek-dhuwur dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung.
   b. Antawacanane bisa kaprungu kanthi jelas dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung.
   c. Paraga lakon bisa ngatur intensitas (kekuatan/seru-lirihe suara) ing sajerone

gedhung utawa panggung.
d. Paraga lakon bisa ngatur intonasi (nada/endhek-dhuwure suara) ing sajerone gedhung utawa panggung.
e. Paraga lakon bisa ngatur artikulasi (kedal/obah lan menga-mingkeme tutuk) ing sajerone gedhung utawa panggung.

10. Teks lakon katulis kanthi bleger kang dumadi saka….
a. bait, baris, paragraf, lan antawacana
b. paragraf,antawacana,swasana, lan pituduh laku
c. tokoh,bait, baris ,swasana, lan pituduh laku
d. tokoh,paragraf,swasana, lan pituduh laku
e. tokoh,antawacana,swasana, lan pituduh laku

11. Rumpakan basa kanthi paugeran tartamtu kang pangucape kudu nggunakake kagunan swara diarani … .
a. tembang
b. paribasan
c. bebasan
d. gancaran
e. geguritan

12. Semaken tembang ing ngisor iki!

Mangkono ngelmu kang nyata,
sanyatane mung weh reseping ati,
bungah ingaran cubluk,
sukeng tyas yen denina,
nora kaya si punggung anggung gumrunggung,
ugungan sadina dina,
aja mangkono wong urip.

Pitutur luhur kang tinemu sajroning tembang ing dhuwur yaiku … .
a. Dadi wong mono aja seneng ngina marang sapadha-padha.
b. Wong urip iku aja sedih yen diarani bodho, aja nesu yen diina, mula kowe bakal nemoni urip kang tentrem.
c. Wong bodho iku adate sok sombong lan keminter.
d. Goleka ilmu sing akeh supaya mulya uripmu ing tembe mburi.
e. Uripa kanthi prasaja lan jujur ana sakabehing tumindak.

13. Guru wilangan lan guru lagune gatra kalima tembang ing no 2 yaiku … .
a. 8a

b. 11i
c. 7u
d. 12u
e. 8i

14. *//pra putra lan putriku//aja lali ing sadhengah wektu//tansah eling manembah marang hyang widi//wit sumbering urip iku//tana liya mung hyang manon//*

Pranyatan kang bener tumrap tembang ing dhuwur yaiku… .

a. sapada dumadi saka patang gatra
b. guru wilangan lan guru lagune: 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
c. karan tembang kinanthi
d. ngemu pitutur wong enom marang wong tuwa
e. kalebu jinise tembang gedhe.

15. Gatekna tembang iki!

Sekar Gambuh ping catur,
Kang cinatur tutur ……..,
Tanpa tutur katula-tula katali,
Kadaluwarsa kapatuh,
Kapatuh pan dadi awon.

Tembung kang trep kanggo njangkepi cakepan tembang ing dhuwur yaiku … .

a. tutur kalantur
b. kang tansah cinatur
c. kang kalantur
d. atur lumuntur
e. catur kalantur

16. Semaken tembang ing ngisor iki!

Kekerane ngelmu karang//Kekarangan saking bangsaning gaib//Iku boreh paminipun//Tan rumasuk ing jasad//Amung aneng sajabaning daging kulup//Yen kapengok pancabaya//Ubayane mbalenjani.

Tembang ing dhuwur diarani tembang ….

a. Pangkur
b. Asmaradana
c. Sinom
d. Gambuh
e. Dhandhanggula

17. Tembang ana ing no. 16 nggambarake manawa ilmu kang mung dikarang (direkayasa) iku diumpamakake ….
    a. Barang sing kosong tanpa isi
    b. Ilmu sing bisa digawe nulak bebaya
    c. Wedhak sing mung bisa nemplek nanging ora bisa nresep menyang njerone kulit.
    d. Wedhak sing ora bisa diilangi nalika nemplek menyang kulit
    e. Ilmu kang mung dikarang iku mbebayani

18. *Asih ing wadya tantra*.
    Gatrane tembang ing dhuwur nduweni teges … .
    a. Seneng marang sakancane
    b. Sih tresna marang bala tentarane
    c. Seneng tetulung marang sapepadha
    d. Mung mikir uripe dhewe
    e. Ora seneng marang wadya balane.

19. Serat Wedhatama iku yasan pujangga agung … .
    a. KGPH Mangkunegara IV
    b. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
    c. Yasadipura I
    d. Yasadipura II
    e. R.Ng. Ranggawarsita

20. Serat Wulangreh iku yasane pujangga agung … .
    a. KGPH Mangkunegara IV
    b. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
    c. Yasadipura I
    d. Yasadipura II
    e. R.Ng. Ranggawarsita

21. ”rinebut hayu kamardikane; sagung sengkala sampun kabesmi” Gatra kasebut nduweni teges ... .
    a. Indonesia mardika
    b. Indonesia kajajah
    c. Indonesia wis dijajah
    d. Indonesia mulya
    e. Indonesia kobongan

Kanggo mangsuli pitakon ing nomer 22-24 wacanen tembang sapada iki!

Candraning pujangga manjing bumi,
Madegira widya basa Jawa,
Ing Surabaya papane,
Sedyanira satuhu,
Angleluri budaya aji,
Sinengkuyung pra dwija,
Pangrembakanipun,
Samengko sampun ngrembaka,
Tebanipun basa Jawa ing nagari,
Indonesa punika.

22. Sengkalan kang tinemu ing tembang sapada ing dhuwur yaiku ... .
    a. Candraning pujangga manjing bumi
    b. Madegira widya basa Jawa
    c. Angleluri budaya aji
    d. Sinengkuyung pra dwija
    e. Tebanipun basa Jawa ing nagari

23. Sengkalan kang kotemokake ing tembang mau nuduhake angka taun ... .
    a. 1945
    b. 1980
    c. 1981
    d. 2002
    e. 2015

24. Surasane sengkalan kasebut yaiku ... .
    a. Nuduhake madege jurusan Pendidikan Basa Jawa
    b. Nuduhake guru-guru Basa Jawa
    c. Nuduhake piwulang Basa Jawa
    d. Nuduhake gunane basa lan sastra Jawa
    e. Nuduhake gunane basa lan sastra Jawa

25. Panca catur trusing tyas sengkalan mujudake tahun
    a. 5491
    b. 1954
    c. 1945
    d. 1965
    e. 1594

KAPUSTAKAN

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-alang. Kumpulan Geguritan*. Sidoarjo : Sanggar Zuhra Gupita

Harijono, Davit. 2011. *Gurit Panuwuning urip. Antologi Geguritan*. Malang : UM Press

Kamandaka, Arim. Dkk. 2011. *Antologi Crita Cekak lan Geguritan. Pasewakan*. Yogyakarta : Elmatera Publishing

Sayuti, Suminto A. 1983. *Seri Pengetahuan dan Apresiasi Sastra. Berkenalan dengan Puisi*. Yogyakarta : Penerbit "Sendiri"

http://berbahasa-bersastra.blogspot.com/2011/11/*teori-dan-langkah-langkah-pembacaan*.html

http://bonarine.blogspot.com/2008/03/*moch-nursyahid-purnomo-sastra-pinangka*.html

http://coretan-pena-pemula.blogspot.com/2013/07/unsur-unsur-puisi-struktur-fisik-dan.html

http://hedisasrawan.blogspot.com/2012/12/unsur-intrinsik-dan-ekstrinsik-puisi.html

http://jv.wikipedia.org/wiki/Geguritan

http://othmanhapidzuin.blogspot.com/pemakaian-tanda-baca-dalam-puisi.html

Sumber Gambar

Koleksi Pribadi

www.pitoyosusanto.blogspot.com

www.weddingbookindonesia.blogspot.com